

# Krakitha Kalah Wegig

Antologi

Geguritan, Esai, Cerkak Bulan Bahasa dan Sastra

Antologi Sastra *Krakitha Kalah Wegig* ini merupakan bukti dari semangat para penulis tersebut. Meskipun pelaksanaan kegiatan hanya dengan cara virtual pula, semangat berkarya dari para peserta ternyata mengalahkan segala kendala yang ada. Tentu saja, sebagai sebuah karya perdana bagi sebagian besar peserta, karya dalam antologi ini masih cukup sederhana, baik substansi maupun teknik penulisannya. Akan tetapi, semangat berkarya dari para peserta itulah yang menjadi nilai lebih dalam antologi ini.

Harapan kami, semoga semangat berkarya dan berproses kreatif dari para peserta Pelatihan Menulis dan Membaca Karya Sastra Jawa Tahun 2020 ini terus dilatih dan diasah. Bahkan, semoga semangat tersebut juga menular sebagai “virus” positif kepada para generasi muda lain di Yogyakarta khususnya, Indonesia pada umumnya.

Selamat membaca!

ISBN 978-623-92745-7-3



bby

Krakitha Kalah Wegig

Antologi Geguritan, Esai, Cerkak Bulan Bahasa dan Sastra

# Krakitha Kalah Wegig

Antologi

Geguritan, Esai, Cerkak  
Bulan Bahasa dan Sastra



BALAI BAHASA PROVINSI DAERAH ISTIMEWA YOGYAKARTA  
BADAN PENGEMBANGAN DAN PEMBINAAN BAHASA  
KEMENTERIAN PENDIDIKAN DAN KEBUDAYAAN  
2020

# Krakitha Kalah Wegig

Antologi  
Geguritan, Esai, Cerkak  
Bulan Bahasa dan Sastra



BALAI BAHASA PROVINSI DAERAH ISTIMEWA YOGYAKARTA  
BADAN PENGEMBANGAN DAN PEMBINAAN BAHASA  
KEMENTERIAN PENDIDIKAN DAN KEBUDAYAAN

2020

## **KRAKITHA KALAH WEGIG**

Antologi Geguritan, Esai, Cerkak  
Bulan Bahasa dan Sastra

### **Penyunting:**

Yohanes Adhi Satiyoko

### **Pracetak:**

Hayu Avang  
Sinarindra Krisnawan

### **Penerbit:**

KEMENTERIAN PENDIDIKAN DAN KEBUDAYAAN  
BALAI BAHASA  
PROVINSI DAERAH ISTIMEWA YOGYAKARTA  
Jalan I Dewa Nyoman Oka 34, Yogyakarta 55224  
Telepon (0274) 562070, Faksimile (0274) 580667

Cetakan Pertama, Desember 2020

xii + 218 hlm., 14,5 x 21 cm.

ISBN:

Hak cipta dilindungi undang-undang. Sebagian atau seluruh isi buku ini dilarang diperbanyak dalam bentuk apa pun tanpa izin tertulis dari penerbit.

Isi tulisan menjadi tanggung jawab penulis.

# **PENGANTAR**

## **KEPALA BALAI BAHASA**

### **PROVINSI DAERAH ISTIMEWA YOGYAKARTA**

Daerah Istimewa Yogyakarta (baca: Yogyakarta) – diakui ataukah tidak – telah menjadi salah satu pendulum sastra Indonesia. Pernyataan tersebut tidaklah berlebihan karena Yogyakarta tersedia secara komplet sistem kesastranya, yaitu sistem pengarang, sistem penerbit, sistem pembaca, maupun sistem pengayomnya.

Berbicara tentang sistem pengarang (dan kepengarangan), sudah tidak terkira lagi jumlah pengarang (baca: sastrawan, baik novelis, cerpenis, maupun penyair, termasuk juga penulis naskah drama/teater) yang terlahir ataupun yang berproses kreatif di Yogyakarta, baik yang berproses kreatif mandiri maupun yang berproses kreatif melalui “perkumpulan”. Pada tahun 1970-an, misalnya, Umbu Landu Paranggi bersama dengan Ragil Suwarno Pragolapati, Teguh Ranusastra Asmara, dan Iman Budhi Santosa membentuk Persada Studi Klub (PSK) sebagai ajang kreativitas para pengarang/penyair pemula. Beberapa nama yang sekarang beken yang pernah bergabung dengan PSK, antara lain, adalah Emha Ainun Nadjib, Korrie Layun Rampan, Ahmad Munif, Linus Suryadi, dan Agnes Yani Sarjono.

Jika demikian, menjadi sastrawan sesungguhnya tidak hanya bersifat autodidak, tidak hanya sebagai sebuah “proses kreatif di tengah sunyi-senyap”, tetapi juga bisa dikondisikan alias bisa diciptakan. Berbagai kegiatan pelatihan penulisan

melalui sanggar sastra, bengkel sastra, ataupun komunitas-komunitas sastra dapat dikatakan sebagai “kawah candra-dimuka” untuk menciptakan para sastrawan baru.

Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta sebagai lembaga pemerintah (dan sebagai salah satu pengayom di Yogyakarta) yang memiliki misi – antara lain – meningkatkan mutu bahasa dan sastra serta pemakaian dan apresiasinya, telah lama mengambil peran dalam “menciptakan” sastrawan baru dengan menggandeng para sastrawan senior sebagai tutor, baik melalui kegiatan bengkel sastra maupun melalui sanggar-sanggar sastra (dan bahasa) baik Indonesia dan Jawa.

Salah satu kegiatan yang dilaksanakan oleh Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta pada tahun 2020 adalah Pelatihan Menulis dan Membaca Karya Sastra Jawa (*Cerkak, Esai, Geguritan*). Kegiatan yang merupakan kerja sama dengan Sanggar Sastra Jawa Yogyakarta (SSJY) itu dilaksanakan secara virtual selama Bulan Bahasa dan Sastra berlangsung, yaitu pada bulan Oktober 2020. Para pembimbing, yaitu Margareth Widhy Pratiwi, Agus Suprihono, Hayu Avang Darmawan, Sinar Indra Krisnawan, Dhanu Priyo Prabowo, Sarworo Soeprpto, Dian Korprianing Nugraha, Siti Nurhilmi Nihayati, Yohanes Siyamta, dan Joko Elysanto dengan peserta sebagian besar adalah generasi muda (pelajar dan mahasiswa) yang memiliki minat dan semangat untuk bisa terampil serta mahir menulis dan membacakan cerita pendek, geguritan, dan esai berbahasa Jawa.

Antologi *Sastra Krakitha Kalah Wegig* ini merupakan bukti dari semangat para penulis tersebut. Meskipun pelaksanaan kegiatan hanya dengan cara virtual pula, semangat berkarya dari para peserta ternyata mengalahkan segala kendala yang ada. Tentu saja, sebagai sebuah karya perdana bagi sebagian besar peserta, karya dalam antologi ini masih cukup sederhana, baik substansi maupun teknik penulisannya. Akan tetapi, semangat

berkarya dari para peserta itulah yang menjadi nilai lebih dalam antologi ini.

Harapan kami, semoga semangat berkarya dan berproses kreatif dari para peserta Pelatihan Menulis dan Membaca Karya Sastra Jawa Tahun 2020 ini terus dilatih dan diasah. Bahkan, semoga semangat tersebut juga menular sebagai “virus” positif kepada para generasi muda lain di Yogyakarta khususnya, Indonesia pada umumnya.

Selamat membaca!

Kotabaru, November 2020

**Imam Budi Utomo**



# Daftar Isi

Pengantar Kepala Balai Bahasa	
Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta .....	iii
Daftar Isi .....	vii

## GEGURITAN

<b>Dessy Rosita Dewi</b> .....	<b>2</b>
Sumarah .....	2
Tembung .....	3
Mangsi .....	4
<b>Rohmadi</b> .....	<b>5</b>
Pecut .....	5
Kesandhung Tresna .....	6
<b>Nanda Nursa Alya</b> .....	<b>7</b>
Gombal Amoh .....	7
Kembang Plastik .....	9
Tuma .....	10
<b>Sunarti</b> .....	<b>11</b>
Kangen .....	11
Widadarine Ngayogyakarta .....	13
Kanca Wingking .....	15
<b>Tri Wahyuni</b> .....	<b>16</b>
Suling .....	16
Asmaradana .....	17
Mampir Ngombe .....	18



<b>Muhammad Rifan Fachrian .....</b>	<b>19</b>
1. Wardaya Kangen .....	19
2. Ankara .....	20
3. Gusti Widi .....	21
<b>Andi Trisianto .....</b>	<b>22</b>
Kadang Tani .....	22
Taun Kembar .....	23
Mbako Pungkasan .....	24
<b>Zaenita Sayidatil Ayami .....</b>	<b>25</b>
Babagan Kangen .....	25
<b>Vighna .....</b>	<b>26</b>
Nala Lara .....	26
Lumantar Lintang .....	27
Tresna Nglegena .....	28
<b>Syafi'i .....</b>	<b>29</b>
Bingung .....	29
Aja Sedhik .....	30
Dhuh Kekasih .....	31
<b>Hilaria .....</b>	<b>32</b>
Nyawang Tanpa Srawung .....	32
Lurung Manggung .....	33
Tetabuhan .....	34
<b>Pramesti Mutiara Agni Pamari .....</b>	<b>35</b>
Ora Wutuh .....	35
Tresna Tanpa Rupa .....	36
Pegawai Dewan .....	38
<b>Erliyana .....</b>	<b>40</b>
Lara Ati apa udu? .....	40
Wis Wektune Ilang .....	41
GO-JEK .....	42

<b>Muhammad Arif .....</b>	<b>43</b>
Jogja .....	43
Manungsa .....	44
<b>Divara Hana Vania .....</b>	<b>45</b>
Beda Dalane .....	45
Kanggo Kowe .....	47
Gegayuhan .....	48

## ESAI

<b>Hidayatun Mahmudah .....</b>	<b>50</b>
Nulis kanggo Terapi .....	50
<b>Kingkin Winanti Nurdiana .....</b>	<b>52</b>
Digitalisasi Aksara Jawa ing Era Milenial .....	52
<b>Suyati, S.Pd .....</b>	<b>56</b>
Pandhemi Covid-19 Mendemi tumrap Sastra Jawa .....	56
<b>Shukhalita Swasti Astasari, S.KM .....</b>	<b>60</b>
Budaya Nginang Masyarakat Jawi .....	60
<b>Arifah Budi Nuryani, S.KM .....</b>	<b>64</b>
Padasan: Budaya Gesang Inggang Saras Saking Leluhur ..	64
<b>Murniati .....</b>	<b>70</b>
Tilik Laku Awak ing Geguritan “Ina” .....	70
<b>M. Nurhasanudin .....</b>	<b>75</b>
Coding .....	75
<b>Nadine Nurrahma .....</b>	<b>79</b>
Mardika Sinau Kanggo Tunanetra .....	79

## CERKAK

<b>Erliyana</b> .....	<b>86</b>
Jujur Mujur Sempulur .....	86
<b>Aditya Risda</b> .....	<b>91</b>
Oh... Pit Onta .....	91
<b>Andi Tristiano</b> .....	<b>94</b>
Sing Kurang Ajar Sapa? .....	94
<b>Resti Dian Puspita Sari</b> .....	<b>99</b>
Lotis .....	99
<b>Nadine Nurahma</b> .....	<b>102</b>
Pratignya .....	102
<b>Mirmastu Lintu Nirmala Wasti</b> .....	<b>110</b>
Kejelong .....	110
<b>Chatarina Novita Kurniawati</b> .....	<b>118</b>
Kenya Anheng-andheng .....	118
<b>Anindita</b> .....	<b>124</b>
Kuwalat Kuwalik .....	124
<b>Annisa Rini</b> .....	<b>130</b>
Ikhlas .....	130
<b>Tri Wahyuni</b> .....	<b>139</b>
Aja Dumeh .....	139
<b>Pahlawan Dewantar Atmateja</b> .....	<b>145</b>
Pangabdianku .....	145
<b>Josephine Galuh Hayu Tiratama</b> .....	<b>153</b>
Doni .....	153
<b>Renata Kalyana Duhita</b> .....	<b>157</b>
Pengin Dadi <i>Youtuber</i> .....	157

<b>Vighna Rivattyannur Hernawan</b> .....	<b>162</b>
Nala Kang Nyata Ing Mega .....	162
<b>Imambang Eka Sulistya</b> .....	<b>169</b>
Layangan Anyar .....	169
<b>Syafi'i</b> .....	<b>171</b>
Kisinin .....	171
<b>Diah Amalia Jenie</b> .....	<b>176</b>
Mulih .....	176
<b>Divara Hana Vania</b> .....	<b>179</b>
Mlayu Maraton .....	179
<b>Fitriya Indriyani</b> .....	<b>184</b>
Mahasiswa Anyar .....	184
<b>Fadli Mohammad Isnaini</b> .....	<b>189</b>
Krakitha Kalah Wegig .....	189

## MATERI

<b>Tokoh Lan Konflik Jroning Cerkak</b> .....	<b>192</b>
<b>Gladhen Nulis Cerkak</b> .....	<b>194</b>
<b>Gegulang Rasa Lumantar Tulisan</b> .....	<b>196</b>
<b>Menulis Puisi Jawa</b> .....	<b>200</b>
<b>Nulis Esai Basa Jawa</b> .....	<b>208</b>
<b>Esai Sastra dan Budaya Jawa</b> .....	<b>211</b>
<b>Biodhata</b> .....	<b>213</b>



# **Geguritan**

❁ *Dessy Rosita Dewi*

## **Sumarah**

Coba tumrapping janma  
Maneka warna  
Ana ing bandha lan wanita  
Ana uga ing lelara lan sangsara

Tumekaning sarira  
Ora bisa kajaluk apa maneh katulak lunga  
Manungsa tinitah dening Hyang Akarya  
Amung bisa nampa apa kang kinarya

Ing ngabyantara Dalem Gusti  
Cintaka tansah gumantung  
Tanganku tan kuwawa ngregem curnaning daya  
Tur atiku gampang anggone mardawa

Nalika tangismu tansah ngumbara  
Grimising atiku ora bisa suwala  
Aku bisa apa  
Jalma biyasa tan bisa ngusada

## **Tembung**

Ukara bisa karonce tanpa kagalih  
Kamangka prana gampang anggone ngarasa  
Lakuning makna kadangkala beda karo panjangka  
Agawe crah alusing pangandika

Iya yen paraga asring anggone sesambungan  
Yen ora, sumurupe apyu bisa ngobar tanpa kanginan  
Mula nyegarakake nala wigati kanggo ngunandika  
Apa maneh ing antarane sarira beda

Pamilihing tembung kang trep  
Uga dadi sarat kanggo nekanake karep  
Kareben sesrawungan karasa asrep  
Kareben jejangkahan ora kesrimpet

Yen ta kebacut anggone sumpet  
Nglembahake manah bisaa dadi pambuka rungket  
Anjaga pratisara  
Nggegulang rasa ing antarane jana



❁ *Dessy Rosita Dewi*

## **Mangsi**

Saben manuswa nduweni dhasar  
Kena apa slirane nglandhungake jangkah  
Kena apa slirane ora lelaku  
Kena apa slirane mangu-mangu

Datan bisa karata warnaning mangsi  
Sinaosa padha dluwang kapiji  
Menawa lurung uga amung siji  
Tata jalma dhewe anggone miji

Puspa sesotya angganda arum  
Sumundhul akasa tahepira  
Tansah gemi lan setiti  
Mulya wekasan sira kaasta

Yen ta sarira tanpa narima  
Abot ngalisi angin marupa  
Kamangka urip akeh pagodha  
Aning ananing mangsi sejati kudu kapitaya

✦ *Rohmadi*

## **Pecut**

Ewadene lara rasane  
Nanging kudu dirasakake  
Kanggo ngerteni piye kahanane  
Ati kang satenane

Kudu wani,  
Kudu tatag,  
Kudu wani,  
ngadhepi sing jenenge pecut

Rasa pedhes, perih, kepara malah metu getih  
Kudu tetep kuwat ngrasakake pecut kang kumlawe ing awak  
ringkih  
Aja indha tekane pecut kang gegirisi  
Merga bisa nuwuhake rasa pangrasa kang asih

Ngayogyakarta, 5 September 2020

## **Kesandhung Tresna**

Nalika wektu semana  
Ana ing kutha gudheg Ngayogyakarta  
Ana ganda arum kang paring rasa  
Rasa kang ora bisa kawaca

Esuk, awan, lan bengi  
Tan kendhat menahi ati  
Linambaran rasa kang suci  
Kang ora bakal mati tekane saiki

Rasa kang bisa dirasa  
Ora bisa sirna kalamun obahing mangsa  
Udan panas kang dakrasa  
Tan kendhat sliramu menahi katresnan

Kaya kesandhung tresna  
Sing dakrasakke nalika semana  
Nyandhing sliramu kang menahi rasa  
Rasa kang tuwuh saka ati kang tansah kajaga

Ngayogyakarta, 5 September 2020

## **Gombal Amoh**

Jaman saiki ngelmu iku sarwa turu  
Jaman semana ngelmu iku sarwa ngaya  
Lah kepiye ta Ngger...  
Yen ketemu dadi memala  
Yen ora ketemu ngelmu iku rasane ora guna

Pagebluk kang nyata ing ngarep netra  
Senajan ora weruh wujud  
Nanging akeh jisime

Nalika semana gombal padha diopeni  
Padha dijahit yen ana sing amoh  
Dijagi kanthi ikhlas ati  
Saiki, ora di gagas

Wingi wingi...  
Gombal iku kepara malah disingkiri  
Kandhane iku wus kuna  
Wus amoh wujud

Wingi wingi...  
Kandhane wus ora jaman wijik ing padasan  
Wus ora jaman saba ing omah  
Gaweane kluyuran

Saiki katemahan...

Kabeh uwong padha geger

Nalika wingi gombal amoh padha diguwang

Saiki malah dadi rebutan

Padha bali nang omahe

Gelem ngiseni padasane

Kandhane yen ora duwe gombal amoh

Kangelan uripe

Oktober 2020

## **Kembang Plastik**

Kembang kang biyen endah  
Kang bisa gawe sumerep nang ati  
Kembang kang biyen wangi  
Kang bisa dadi swarganing bumi  
Saiki nemahi kasunyatan yen wus ilang

Kembang kang biyen ditandur  
Disirami saiki wus padha mati  
Apa pancen nyata yen kembang iku wus muspra  
Wes keli lan kabur kanginan  
Ilang tanpa warta

Kembang kang biyen arume nengsemake ati  
Saiki wijine wis padha lali  
Yen kembang asli kuwi ngerti  
Mesti wis padha cuwa

Bandha lan arta wis dadi nomer siji  
Kembang arum kang asli  
Saiki digenti dadi kembang plastik  
kang ora ana arume ora ana paedahe  
Amung dadi sawangan  
Gur agawe sengsara tumrap negara

## **Tuma**

Ngger... Ngger...  
Sawangen ana tuma gedhe banget  
Tuma kang nggegirisi  
Agawe gatel tumrap manungsa  
Ora ana paedaha

Kanggo apa ta urip iki  
Yen lakon iki ora bisa maedahi  
Tindak tanduk kang migunani  
Ora tau dilakoni

Tuma teka tanpa kandha  
Malah kepara ora ngajeni  
Agawe manungsa nandang lara  
Lan bisa dadi memala

Nyuwun sewu ndherek langkung  
Paribasan tuma kang urip ing rikma  
Manungsa saiki akeh kang amung mikirake donya  
mikirke panggonan kang paling dhuwur

Elinga Ngger....  
Aja kaya tuma kang ora duwe tatanan  
Apa dadine yen urip tanpa aturan  
Ajur... ajur... ra karuan

Oktober 2020

## **Kangen**

Baskara wus lengser saka akasa  
Hawa adhem rumasuk raga  
Jarit kemlabit kemben kesimpn ing wangsulan  
Ingsun jumeneng ing emperan  
Madhep ing awang-awang tanpa lungeyan

Wresti tumetes  
Gawe gretes ati kang adoh saka paduka  
Lintang kasirep gegana, sarasa sukma lumunga ing akasa  
Rasa pingin dhekep lan ngudarasa

Ulun wus kangen  
Adoh saka sliramu kaya lumedhot ing laku  
Ora ketemu sliramu kaya pepes pikirku  
Kanthi krasa wus cedhak patiku

Bendung panggalih kaya mbendung samudra  
Wisa kentar ing maruta  
Tanpa kendhat, ngundhat, sambat marang sang hyang jawata  
Sliramu tansah takantu-antuSega gudheg gendhong kang ngarak  
ati  
Pindhang lulang lan peyek teri  
Tigan petis manis uga ora keru  
Silambaran godhong gedhang pincuk buri



Sega gudeng Simbok Darni  
Wus suwe anggonmu prei  
Rasa kemecer kaya ngidame bayi  
Segamu sing panas amung kagawa ngimpi

## **Widadarine Ngayogyakarta**

Sira ginawe saka wiji lan sindu kang pracura  
Sindu tumetes ing wadhahe para garwa  
Katambahan bakal liya supaya adoh rubeda  
Uga adoh saka cilaka

Sira digladhi dening parwati  
Kanthi sabar nengga wohe pakarti  
Banjur sira lahir saka guwa garba kang suci  
Ngekep ijo-ijo awujud wiji

Bebusanan kemben mbrambang  
Gedhong telung rangkep jarik mori tanpa blonthengan  
Padhet, singset, uga rapet ing wangsulan  
Katon gilig tampah saka kadoan

Banjur sira angslup sajeroning candradimuka  
Katempa dening panase pawaka  
Mulat sajroning bejana  
Nggulawentah sira dadi kang utama

Wentasanipun sira arupa srikandhi  
Kondhang kawentar ing negari  
Kulitmu kuning nemu giring soklat ing buri  
Reraosmu madura tumuse lathi

Sira gawe kangene ati  
Dadi rebutan lan padha ngantri

Dadi gegawan para pelancong tanpa lali  
Dadi bebungah marang sing ditinggali

Andika widadari Yogyakarta  
Maujud Bakpia Pathuk ing nuswantara  
Dadi tuke para kawula  
Uga dadi pepeling menawi tansah merdika

## **Kanca Wingking**

Pasuryamu katon manglingi  
Sajak ngembang kacang tanpa mberai  
Katon nyilit panci lan ora wangi  
Sinawang wus ora edi

Kulitmu wus ora gumadhing  
Kaya rukma ilang cahyane, kaya macan ilang wajane  
Nyisa carmo ireng cecangkok wohing klapa  
Lelumah sapinggire wiwara

Bangkekanmu wus ora nawon kemit  
Balung janur nyisa kusika lan asthika  
Tandha sira tansah ngudi bekti marang kulawarga  
Tanpa pirsu sulaksanane sira

Polahmu nggabah diinteri  
Besut tanpa luput, ngelurut kanthi runtut kabeh piranti  
Tanpa kendhat esok tekan wengi  
Bapa sabdha sira kudu diganti  
Kosok sepet cekelane simbok  
Wus ora isa diupadi

✿ *Tri Wahyuni*

## **Suling**

Aja kokdamu kesusu  
Suling iki digawe ora kok tanpa teges  
Sabab wirama menahi lelagoning laku  
Supaya pribadi bisa mlaku ngungkuri sepi

Aja kokdamu alon banget  
Suarane eman yen ora metu  
Amarga suling iki sumbering ati kang gumreget  
Yen ireng ya ireng, yen biru ya biru  
Aja nganti kleru  
Swara suling iki niteni apa wae tinemumu

Kulonprogo, Oktober 2020

✧ *Tri Wahyuni*

## **Asmaradana**

Tembang iki dudu caping gunung  
Apa maneh cublak-cublak suweng  
Tembang iki asmaradana  
Kang isa gawe ati sumringah, bungah, tanpa ukara

Dhuh, widadariku  
Yen aku pujangga  
Bakal daktulis kabeh rasa ing sajroning dhadha  
Sinambi mlaku bareng nyawang samodra  
Lan nandur katresnan ing saben dina

Dhuh, bocah ayu  
Pengen rasane aku nyandhing sliramu  
Ngentekake wektu urip ing jagad iki  
Nadyan awak dhewe bakal mati  
Nanging aku percaya tresna iki bakal terus ngancani tekan urip  
lan sawise mati

Kulonprogo, 2020

✿ *Tri Wahyuni*

## **Mampir Ngombe**

Ngger,  
Apa sing arep digoleki  
Apa maneh sing arep dibingungi  
Urip iki mung kaya tilik lan mampir ngombe  
Ora abadhi lan ora menahi janji  
Nanging siji sing kudu dieling,  
kowe oleh milih  
ngombe apa wae  
senajan ora lali karo Gusti

Kulonprogo, 2020

✦ *Muhammad Rifan Fachrian*

## **1. Wardaya Kangen**

Aku kangen  
Rena, bapa, lan adhiku  
Sabèn dina udrasaku netes ing pipi  
Nggawe bendungan saernawa

Dahana kangen ngobong wardaya  
Dhuh Syang Hyang Widi  
Kula nyuwun tamba kangen iki

Wardaya peteng tanpa cahya  
Ratri kadya setra  
Gegawa lungane baskara  
Peteng tanpa candra, tanpa kartika

Nangis mbrebes mili  
Nganti netra iki dadi mbranang  
Amarga duwe kekayun  
Sing mung dadi lelamunan

Kekayunku mung golek obat kangen  
Kaya kakayun anggayuh lintang  
Amung wektu sing bisa mangsuli kangenku  
kapan aku bisa ketemu

Sabar lan syukur  
kunci saka kabèh iki  
muga wektu bisa cepet lumaku  
kanggo nambani kangenku



## 2. Angkara

Angkara...

Setan ngebaki ngendi-endi papan  
Nggegodha para jalma gawe angkara

Mung dadi pangeling  
Marang panasing dahana neraka  
Mula para kanca imanmu kuwatna  
marang setan sing nang kana-kana

Sapa sing gelem sholat panca wektu  
Namung slira yekti  
Kabeh puja-puji  
mung kanggo Sang Hyang Widi

Supaya para jalma  
Ameruhi dalam kang pener  
adoh saking angkara

### **3. Gusti Widi**

Ing wayah lastri  
Keprungu swata tirta ing ngarep wisma  
tirta kabasuh kanggo madhep Gusti Widi

Umat Islam kawajib sholat  
Kanggo ngibadah marang Gusti Widi  
Kang maringi kita rezeki, kasarasan, lan karaharjan

Gusti Widi kang angripta jagad  
Kanggo umat manungsa  
Supaya eling marang Gusti Widi

Gusti Widi kang duweni panguwasa  
Kanggo netepi takdir manungsa  
Mula sholat kudu kajaga  
Sadurunge kita padha pralaya

Ing jagad iki mung sawetara  
Golek amal becik sakakeh-akehe  
Aja gawe angkara  
Muga kita slamet saka dahana neraka

## **Kadang Tani**

Pletheking srengenge, pratandha raga kudu enggal lumaku  
Jangkahmu mung gumantung banyu sing diulu  
Cikat polahmu, sigrak tandangmu  
Panas tan digagas, udan tan digugu  
Donga uga tenaga kang dinggo sangu  
    Baskara kang ngobong ing wanci rina  
    Dilakoni kanggo golek boga  
    Kanthi modhal pikir uga tenaga  
    Tanpa sambat tanpa nggresula  
    Kanggo nyukupi butuhing kulawarga  
Nalika sunaring baskara wus kadya geni  
Njerit rasaning ati  
Asring banyu mata mili, nalika tandur ora cukup wiji  
Uga udan sing dienteni, tan enggal nelesi bumi  
Sarung jagung, abot entheng kabeh kudu dilakoni  
    Ananging nalika udan wus ngrangkul bawana  
    Lemah kang nela wus kilenan tirta  
    Wiji kang tuwuh, katon endah disawang netra  
    Mongkog rasaning jiwa  
    Musna sewuning nalangsa

## **Taun Kembar**

Donya katon sangsaya tuwa  
Tetangis tekaning lara  
Ewon siksa ugi memala  
Memala pinuju pralaya

Tahun kembar kang nggegirisi  
Polah obah tan nrapsilani  
Pangedhe winasis sarwa ngapusi  
Ngeterake tumuju bubrahing nagari suci

Wong cilik samya kentekan tangis  
Sesambat ajur sangsaya mengkis  
Susah menggalih diiris iris  
Pasrah kahanan kang saya lamis

Apa pancen bebakaning kiamat  
Pambela sungkawa bebrayaning masarakat  
Kabagyan sarwa dibabat  
Nagari kojur sangsaya mlarat

## **Mbako Pungkasan**

Dhoyonging jangkah wus dadi lumrah  
Piruting kulit bebasan bengkah  
Ngenep nepsu ngalapke wayah  
Mangun karsa sadhengah kerah

Linambar dluwang bakal lintingan  
Wur mbako menyan bakal racikan  
Lesus pethak salebatan wus kadya sangkan  
Ilang, wangsul tinimbangan

Lintingan kuwi dumadi petik  
Mbako pungkasan bisa diracik  
Musna sirna gesang kang larik  
Pinuju kahyangan, ketitik angkara becik

✦ *Zaenita Sayidatil Ayami*

## **Babagan Kangen**

Biyen dheweke takon babagan kangen marang aku  
Aku lungguh dhewe ing taman kutha  
Mubeng-mubeng ing kutha  
numpangake tangan loro ing saku celana  
Ya, mesti kaya ngono kanggo nyenengake awakku  
Tansah yakin menawa sesuk wong sing dikangeni bakal nemoni  
kanthi mesem  
Mbayar kabeh kangen sing nggriseni iki  
Tur tangisku sing dakucul ora bisa nggawa wong sing  
dakkangeni bali meneh marang aku

## **Nala Lara**

Asrep rasaning kalbu nalika ana ing cedhakmu  
Amung kebak katentreman ing netramu  
Duh Ratri awujud ratri ing uripku  
Kandhakna yen aku tansah ngreridhu  
    Dadi pasendheanmu kayata mbulan bisa dakgayuh  
    Krungu lelagonmu kayata miber aku saguh  
    Nalika kuwi rasaku tuwuh  
    Nanging semana aku ora weruh  
    Yen jebul kanggoku bakal dadi pakewuh  
Sumilak kebat kliwat babar sirna  
Ndhungkap jejeriing rasa pangrasa  
Wis kawetu sekabehane sing dakrasa  
Ananging nala katula  
Amung dadi angen kang ora bakal dadi nyata  
Rasa kaya dene rasaning bratawali,  
Tansah pait jalaran lara tresna

## **Lumantar Lintang**

Nalika mangsa rendheng aku kelingan  
Kala semana aku lan sliramu tansah bebarengan  
Mlangkah sajroning kasunyatan  
Sedya binarung rasa katresnan  
    Ing mangsa mareng aku kemutan  
    Krasa bungah amarga bisa sesandhingan  
    Rasa kang dudu dolanan  
    Sakloron nglakoni kanthi temenan  
Dhuh pepujan sing ana ing kadohan  
Amung donga kang dadi dalan sesambungan  
Lumantar lintang daksuwun supaya bisa tekan  
Muga jejodhoan bakal kasembadan



✿ *Vighna*

## **Tresna Nglegena**

Tan malih jejering panggalih  
Daktitipake madu arupa rindhu  
Kang asih  
Prasasat udan ing plataran kang ora mawujud  
Njelma kembang wangi kang rungkud  
Njur ngrembuyung disengkuyung

Aja kuwatir bakal sumingkir  
Aja samar bakal nyamar  
Aja ajrih bakal sesulih

Iki kang awujud tresna nglegena  
Tan bakal neka-neka  
Mung arupa rasa  
Kang ora bisa sirna

## **Bingung**

Bingung  
Aku bingung  
Mikir gurit kanggo kowe  
Bingung  
Aku bingung  
Mikir Kowe sing taktresnani  
Bingung  
Tambah bingung  
Mergo Kowe  
Ora nrima aku  
Apa anane  
Bingung  
Tambah bingung  
Kepriye carane nduweni kowe.

## **Aja Sedhah**

Banyu tiba saka langit jenenge udan  
Udan rintik rintik jenenge gerimis  
Yen ora menang pertandingan  
Aja sedih banjur nangis  
Tanduran kang bagus ana wohe  
Tanduran kang ala tinggal kayune  
Uwis ana sing ngatur sekabehe  
Mula aja sedhah wae

## **Dhuh Kekasih**

Dhuh kekasih  
wiwit kaping pisanan aku ketemu sliramu  
    Aku langsung jatuh cinta  
    atiku krasa dheg-dhegan  
Wiwit dina iku, aku wiwit golek informasi ngenani sliramu  
    ora preduli suwene aku nggoleki  
    ora preduli suwene aku nggoleki  
    Aku nggoleki nganti ketemu  
    nganti aku dadi kaya wong edan  
    Dhuh kekasih  
Aku ora preduli sebab tresna akale ilang  
    Sebab Tresna bandhane ilang  
    Sebab Tresna sadulure ilang  
    Sebab Tresna sekabehane ilang  
    Lamun Tresnaku ora bakal ilang

## **Nyawang Tanpa Srawung**

Nyawang mendhung ing mangsa tengangé  
Sinawang ing samun nora tumandhang  
Cegah omong, nyuda guyon  
Klakon dadi lelakon  
Tanpa srawung saderma nyawang

Pawiyatan tanpa cantrik  
Pindha kelir tanpa cakrik  
Tan magatra amung swara  
Agawe kapang sanja rowang  
Tanpa srawung saderma nyawang

Pinanggya dadi memala  
Kriwikan dadi grojogan  
Linampahan amarga kahanan  
Tanpa srawung, saderma nyawang  
Mugya énggal paripurna

✦ *Hilaria*

## **Lurung Manggung**

Titah tanpa budi  
Kadi raga tanpa nyawa  
Jalma kang utami  
Nggendhong budi ksatria

Rinonce niat suci  
Tumuju Hyang Maha Adi  
Dadi panjangkaning urip  
Kridha leladi pasrawungan

Ungeling ibu manggung ing manah  
Dadi pepadhanging gesang  
Pemuting lampah  
Tinebihna kelu setan

## **Tetabuhan**

Tabuhe  
Urip iku urub  
Ananging namung nyenyuwun  
Tanpa ngudi

Tabuhe  
Urip kudu tumandhang  
Ananging namung lamun sinawang  
Tanpa gawean

Tabuhe  
Urip perlu katresnan  
Ananging namung njegal lan rerasan  
Tanpa tata

Kanggoku  
Udu kandhamu  
Ananging prelu manah  
Lan Pangeran dadi panjangka

## **Ora Wutuh**

Jare, aku iki sepele  
Dibandhingke karo liyane  
Aku, banget bedane  
Malah kadhang kerep diece

Aku pancen cendhak  
Lemah ora kapidak  
Langit ora candhak

Nanging elinga  
Gegayuhanku iki dhuwur  
Pangimpenku wus mbleber mabur  
Ngenteni mangsa tumeka Kabul

Aku precaya  
Kanthi sangu donga upaya  
Kabeh bisa dak rengkuh  
Senajan ora wutuh



## **Tresna Tanpa Rupa**

Abot sanggane lelabuhanmu  
Nanging kabeh kuwi ora dadi rasa  
Sliramu lila legawa  
Ngalah lan nrima

Senajan aku durung tau  
Nyawang endahing netramu  
Keprungu alusing swaramu

Nanging aku percaya  
Tulusing tresnamu marang awakku  
Ora ilang, tumeka pupusing mangsa  
Kayadene kumala sasmita  
Abadhi sajroning jiwa

Senajan aku durung bisa  
Ngrasakke sih katresnanmu  
Nyawang esem lan guyumu  
Nanging tresnaku tulus marang sliramu

Ibu  
Mangestonana gegayuhanku  
Gegayuhanku gawe bombong sliramu

Ing wayah wengi kang sepi  
Taktitipke donga marang gusti

Wujud tresnaku lan bekti  
Tanda kurmat lan ngajeni

Senajan kabeh amung sewates crita  
Nanging ora dadi apa  
Amarga tresna, ora perlu rupa

## **Pegawai Dewan**

Ing jaman saiki  
Kang diarani jaman modhernisasi  
Maneka pakaryan bisa kasiat  
Barang kang ora ketok wae bisa kanggo kardi

Nanging kahanan urip ana ndesa  
Bisane amung ngendelke tenaga  
Kayadene pakaryan iki  
Pegawai dewan arane  
Dudu pejabat, dudu konglomerat  
Anggone makarya munggah mudun wit klapa

Kae, lek paijan  
Kang saben dina gaweane penekan  
Ora preduli panas, ora preduli udan  
Yen wis mangsane, gage budhal ngayahi kewajiban

Wayah isuk jago kluruk  
Kabeh sangu wus tinata  
Bumbung lan deres sangune  
Semana uga wayah sore

Methangkring ana wit klapa  
Nadhahi iline legen  
Kang dadi sumbering panguripan

Sengkut saka siji lan sijining wit  
Sinambi nglaras tetembangan  
Nguda rasa marang kang kuwasa  
Dimen sayah lungkrah dadi bungah  
Paiting tlutuh manggis karasa manising gula jawa

Pancene bot repote wong bebrayan  
Kabeh kui wus dadi tanggungan  
Kanggo ngayahi kabutuhan  
Kareben uripe sarwa kacukupan

## **Lara Ati apa udu?**

Wengi iki atiku tansah mangkel  
Mrengkekel ora isa diudhari kaya dene getih kenthel  
Ora isa lega mikirke sliramu, utekku katon cunthel  
Jerohanku tansya suwe ora karuhan, kaya lagi didedhel

Senajan aku lan sliramu ora bakal isa nyawiji dadi siji.  
Nanging aja gawe lara ati iki nganti kepati-pati kaya mangkene iki.  
Sejatining aku iki kepencut banget marang pitutur becik, solah bawa kang migunani  
Nanging ora bisa didhelikke kanggo sapa satenane atimu sarwasarwi nggidhuhi

Ana perkara kang wigati sing marakke aku ora isa nglalekke sliramu  
Mesthi sliramu mikir perkara iki sepele yen keprungu  
Ora liya yaiku amung kabeh percantenmu lan prasetyamu  
Semono uga larikan uripmu narik kawigatenku

## **Wis Wektune Ilang**

Wong sing ora duwe pitungan marang dheweke dadi tumbal  
Ora ana angin lan udan wes pating gleseh tanpa bantal  
Pratandha turu sing ora bakal tangi maneh  
Pratandha urip saklawase tanpa obah maneh

Kabeh wis diitung dening Gusti kang maha mangarteni  
Mikir jero, ngrasa yen urip ing alam donya ora isa diopeni  
Kabeh kudu ngerti manungsa iku mung sadrema nglakoni  
Arep bocah cilik apa gedhe, wong enom apa tuwa mesthi bakal  
nemoni pati

Sejatining corona iki wis dadi pepesthen  
Akehing prastawa pratandha alam donya njaluk ganten  
Donya iki wis kathon judheg marang tindak-tanduke tukang  
golek klangeran  
Yen wis kethuk wektune mesthi bakal ora obah , ora usik

## **GO-JEK**

Ijo-ijo bregada dalam aspal ireng wis cumepak  
Angin kang sumilir agawe sarira katon grapyak  
Sang bagaskara wiwit esuk panase ora isa ditolak  
Rina ganti wengi ora ana sliweran montor

Aku kudu piye.....  
Sawise ana Corona iki,urip kaya biasane  
Ngelingi kahanan mangkene, ora ana sing njaluk diboncengke  
Isaku mung sambat anggonku menahi ragad kulawarga kepiye

Sakabehane lelakone urip ora liya dinggo njangkepi peteng lan  
padhang kadonyan  
Memetri cahyaning budi kudu diopeni kanthi ati kabagyan  
Senajan awakku kayadene semut kelangan papan  
Nanging aku percaya marang pitulungane kang maha sandhang  
pangan

## **Jogja**

Jogja iku minangka kutha pelajar  
Panggonane wong kang pinter  
Dudu panggonane wong kang keblinger  
Keblinger marang bab kang ora pener  
Jogja iku pancen luhur  
Luhur bebuden lan pitutur  
Joja iku misuwur  
Misuwur amarga gunung dhuwur  
Jogja iku makmur  
Makmur amarga siti kang subur  
Yen jogja iku ajur  
Iku lelakone wong kang ora duweni bebuden luhur  
Ayo pra kanca  
Nggawe jogja supaya luwih tumata  
Tumata akhlake lan bebudene  
Supaya jogja bisa dadi sae  
Sae bab masyarakat lan agamane



## **Manungsa**

Donya iki wus tuwa  
Okeh karusakan lan lelara kang digawe manungsa  
Memala bisa teka samangsa mangsa  
Hawa panas samsaya suwe samsaya tan kinira  
Bumi padha bubar ing ngendi-endi  
Amarga kuncine wus dencabuti  
Banjir teka ing ngendi ngendi  
Amarga kedhung wus denurugi  
Dhuh Gusti lelakon apa iki  
Donya samsaya suwe samsaya nggegirisi  
Eksploitasi samsaya ganas  
Tan bisa dibrastha  
Ngrusak tanduran lan nggempur wadhas  
Iku mau lelakone wong kang angkara

## **Beda Dalane**

Swargi wae ya ngerti  
Yen kowe karo aku, mung cah cilik  
Mlayu rana rene,  
Ora ngerti sesuk gedhe meh dadi apa

Swargi wae ya ngerti  
Yen kowe karo aku, mung cah sekolahan  
Pengen duwe kanca akeh  
Dolan bareng, urip kepenak bareng-bareng

Ya dapkikir kabeh kuwi cukup nggo awakku  
Nanging, saiki caraku nglakoni urip wis beda  
Owah gingsir!  
Ana bab liyane sing kudu tak gagas

Wis wektune aku menehi kowe ngerti  
Yen neng njero atiku  
Ana gegayuhan liya sing kudu dakranggeh  
Aku mung pengen kowe ngerti,  
Yen aku lan kowe beda dalane

Sing kudu dilakoni saiki,  
Mung nrima kasunyatan iki  
Sing kudu dideleng saiki,  
Mung nrima yen aku dudu duwekmu  
Lan kowe dudu duwekku

Sanajan dalanmu lan dalanku beda,  
Aku ora bakal nyerah, kowe ya aja nyerah  
Wujudna gegayuhanmu  
Nglakoni sing paling apik kanggo awake dhewe

## **Kanggo Kowe**

Aja mbesengut  
Urip ki pancen ngene  
Ana seneng, ana susah  
Yen kowe mbesengut, dadi tambah susah

Coba saiki kowe mesem  
Aja sedhik  
Saiki aku malah wis lali,  
Kapan biyen anggonku weruh kowe ngguyu

Yen donya iki nggawe kowe edan  
Lan kowe wis nglakoni kabeh sing bisa koklakoni  
Aja sumelang, aja bingung  
Undanga aku wae  
Merga aku bakal ana kanggo kowe

## **Gegayuhan**

Aku lan kowe duwe gegayuhan  
Gegayuhan kang taktresnani  
Kanthi tresna taklakoni  
Karo sakwutuhing ati

Gegayuhan iki gampang yen dieling-eling  
Angel yen arep digawe lali  
Kekudangane wong akeh,  
Manca warni

Ana sing pengin uripe tentrem  
Ana sing pengin uripe ayam  
Ana sing pengin uripe seneng  
Ana sing pengiuripe makmur  
Kabeh wong ing donya iki pengin uripe kepenak

Dhuh Gusti, kula nyuwun pitulungan  
Pitulungan supados tetep kiyat ing pacoban  
Pitulungan supados tetep saged atur puji sokur dhumateng Gusti  
ing salebeting pacoban  
Pitulungan supados tetep nerasake gegayuhan

**ESAI**

## **Nulis kanggo Terapi**

Jaman pandhemi Covid-19 kang isih lumaku senadyan ganti istilah *new normal*. Ora bisa diselaki menawa pandhemi iki nuwuhake maneka warna rasa, bisa sedhah, trauma, lan sapanunggalane. Saliyane kuwi pengangguran uga dadi tambah. Kahanan iku amarga *perusahaan* utawa papan nyambut gawene wong-wong padha kelangan konsumen utawa pelanggan. Mesthi wae iki ndanekake manungsa goreng atine, bingung, kepara bisa stress. Ing mangsa biasa wae manungsa ya sok rumangsa stress uripe, apameneh ngadhepi pandhemi Covid-19 kaya mangkene iki. Bisa-bisa apa kang ditindakake sarwa salah.

Miturut ahli jiwa, donya wis owah, kudu bisa gumregah, kuwawa ngadhepi kahanan. Salah sijine kang bisa marai manungsa tetep bisa kreatif. Miturut dokter Ida Rochmawati (Unggahan status *facebook*, Selasa, 20 Oktober 2020), tips supaya bisa tetep urip kreatif iku ana **wolung** perangan. Angka **siji**; *Usahakan berpikir positif* (duweni pikiran positif), **loro**; *tantang diri sendiri untuk melakukan hal baru* (tantang awake dhewe kanggo nindakake prekara anyar), **telu**; *Menciptakan “mantra” untuk motivasi diri sendiri* (nyiptakne japa mantra kanggo motivasi awak dhewe), **papat**; *berani memulai sesuatu yang baru* (kendel miwiti samubarang sing anyar), **lima**; *Travelling atau mencoba suasana baru* (lelungan utawa nyoba kahanan anyar), **enem**; *Membangun koneksi* (mbangun kekancan), **pitu**; *Baca buku dan perluas wawasan* (maca buku lan njembarake wawasan), **wolu**; *Menjaga pola hidup sehat* (njaga pola urip sehat).

Salah sawijining cara kang bisa ndadekake awake dhewe kuwawa ngilangi rasa kang kurang apik, utawa biasa kasebut *energi negatif*, yaiku nulis. Nulis bisa kalebu perangan tips njaga kreativitas manungsa, yaiku perangan angka loro utawa papat. Aktivitas nulis senadyan kaya babagan kang gampang, ananging kasunyatan ora kabeh wong bisa miwiti ngrantam aksara kang dadi ukara-ukara kang endah.

Nulis kajaba bisa ngasilake ekspresi tulisan kang bisa diwaca, uga kanggo sarana terapi marang dhiri pribadi. Kayata bisa ngluwari uneg-uneg kang ora bisa dicritakke langsung mring liyan. Kabeh mau bisa dijabarke ing basa tulisan. Wis akeh tuladha buku kang katulis lan kacetak adhedhasar kasunyatan urip utawa *true story*. Bisa uga pengalaman dhiri pribadi panulis utawa pengalamane wong liya, kedadean ing sakkiwa tengene panulis uga bisa dadi materi tulisan.

Nulis iku bisa ditindakake sapa wae, ora kudu pawongan kang nduweni bakat lan kabisan. Kang baku enggal miwiti nulis, nulis, nulis, lan sateruse uga nulis. Babagan tata basa iku bisa ditata karo lumaku nulis. Ewadene bab kasampurnan tulisan bisa diudi lumantar pengalaman kerep nulis utawa "*jam terbang*" nulis.

Dadi nulis iku gampang, apa maneh ngadhepi kahanan kaya ngene. Akeh babagan kang bisa dadi idhe nulis. Ora prelu mikir apik lan alane tulisan. Tinimbang ngingu ati goreng utawa *gundhah* amarga kahanan kang owah karana pandemi Covid-19 aluwung miwiti nulis. Kanthi nulis, sapa ngerti bisa *menyehatkan* lan syukur bisa ngasilake dhuwit, saupama nulis esai, cerkak, geguritan, kepara novel kang kamot ing kalawarti utawa diterbitake dadi buku karya sastra.

Ayo, gage nulis. Iki tulisanku, endi tulisanmu.



## **Digitalisasi Aksara Jawa ing Era Milenial**

Miturut panaliten, generasi milenial kuwi, yaiku wong kang lair antaraning taun 1980 nganti tekan 1994. Era milenial iki pawongan ngancik umur antarane 25-40 taun. Generasi iki sinebut *Gen Y* kang kagolong umur produktif. Generasi kang bisa adhaptasi karo lakune jaman lan teknologi. *Gen Y* duwe ciri khas, seneng nyambut gawe kanthi swasana nyenengake kang bisa nuwuhake idhe-idhe kreatif.

Dene manungsa kang lair ing tahun 1995-2010 sinebut generasi Z. *Gen Z* iki lair nalika komputer, internet, *smartphone* wis ngrembaka ing masarakat. Dadi, ora gumun yen generasi iki akrab karo teknologi digital lan media sosial. Lumrah yen wiwit cilik wis tepung karo majuning teknologi masa kini.

Lakuning jaman, generasi anyar kang tuwuh saka bocah ing jaman saiki sinebut generasi Alfa. Generasi Alfa iki lairan saka taun 2010. Gen A digadhang bakal dadi generasi paling duwe pangaribawa ing sajroning panguripaning manungsa. Gen A dadi kaum kang luwih akrab karo teknologi paling canggih, unggul, lan cerdas.

Ing taun 2020 iki, uripe manungsa wis ora bisa adoh saka *gadget*, saka wujud *handphone*, *laptop*, *tablet* utawa *komputer*. Apamaneh, donya saiki lagi wae nandhang pacoban pandemi Covid-19. Sekolah, sinau, lan nyambut gawe kabeh dilakoni saka ngomah kanthi cara *online* kang sinebut *Work from Home* lan *School from Home* (*Pembelajaran Jarak Jauh*). Kagiyatan *online* iki tamtu

mbutuhake *gadget* kanggo komunikasi, ajar sinau, lan nyambut gawe.

Teknologi digital gedhe pigunane, ngepyakake medhia kanggo *sharing* kabar utawa mbagi informasi, lumantar *Whatsapp*, *Youtube*, *Instagram*, *Line*, *Facebook*, *Twitter*, *Telegram*, lan sa-panunggalane. Medhia kuwi wis sumambrah lumrah dadi medhia padinan kanggo masarakat milenial saiki.

Samsaya canggih teknologi digital mesthi awah owah-owahan gedhe ing jagad iki. Informasi krasa luwih cepet ditampa amarga ngrembakaning media massa *berbasis* digital. Bab kuwi nyengkuyung maneka aspek panguripan: basa, sastra, ekonomi, sosial budaya, kasarasan, pendhidhikan.

Ing mangsa pandemi Covid-19 iki, teknologi bisa dadi sarana kang mupangati uga bisa mbebayani. Mbebayani yen teknologi *disalahgunakan* kanggo bab *negatif*, kayata: dolanan internet, dolanan media sosial utawa game kang ora ngerti wayah, tanpa ngrampungke tugas ayahane. Kosokbaline, pra manungsa kudu wicaksana, milah-milih aja nganti dikuwasani *gadget*. Teknologi bisa digunakake dadi media kang mumpangati yen teknologi ka-sebut kanggo sarana sinau ngangsu kawruh, media komunikasi produktif.

Ing era digitalisasi, ora ketinggalan, aksarane wong Jawa kang sinebut “Aksara Jawa” uga ngeli ing jagading mayapada. Aksara Carakan utawa Dentawyanjana sing biyen amung tinulis ing dluwang, prasasti, kertas, lan buku kuna saiki tribus ing teknologi. Aksara kang mula bukane ngrembaka ing Pulo Jawa saiki *mendunia*. Aksara Jawa cepet moncer amarga wis mlebu ranah digital *Unicode*, yaiku standar teknis kang dirancang *Universal Character Set* ing slot *Unicode A980-A9DF*.

Kejaba kuwi, *Pengelola Nama Domain Internet Indonesia* (PANDI) gliyak-gliyak nganakake enkripsi aksara Jawa dadi *domain* ing internet, kareben aksara Jawa bisa sansaya ngrembaka,

bisa diakses ing ranah digital. Kanggo ngregengake semarak digitalisasi aksara Jawa, PANDI (*Pengelola Nama Domain Internet Indonesia*) uga nganakake sayembara gawe *website* kang isine tulisan nganggo aksara Jawa. Ing pungkasan sasi Desember, *website* kang dibiji paling apik bakal entuk bebungah kang nengsemake: *laptop* utawa *smartphone* paling anyar.

Wingi uni, isih dadi momok yen aksara Jawa kuwi sawijining aksara kang disingkiri, kepara diwedeni dening bocah enom nganti wong tuwa. Mobah mosiking jaman, wiwit mlebu ing ranah digital, generasi milenial ora gumun maneh karo aksara Jawa, kepara akrab. Aksara Jawa bisa langsung digunakake ngetik ing *gadget*, kayata *smartphone* lan *laptop*. Medhar kawruh gladhen aksara Jawa digital asring dileksanakake dening para sutresna aksara Jawa. Kepara, saiki akeh maneka aplikasi *smartphone* kang awèh kawruh babagan carane sinau aksara Jawa digital.

Teknologi digital kang sumadya ing jaman saiki, bisa dadi piranti migunani tumrap manungsa. Sawijining cara nglestarikake aksara Jawa pancen bisa diwujudake kanthi cara digitalisasi. Aksara Jawa kang sinerat ing naskah-naskah leluhur, ing prasasti utawa dluwang minangka warisan basa, sastra, budaya kudu diuri-uri aja nganti kagerus jaman. Selaras majune teknologi, seratan-seratan Jawa kang kebak nilai-nilai moral kudu tetep dikepyakke, dikenalke karo generasi mudha. Aja nganti ilang kabuwang.

Ing Ngayogyakarta, aksara Jawa diwulangake dadi piwulangan muatan lokal saka tataran SD, SMP, lan SMA. Siswa-siswi sing biyen krasa abot sinau aksara Jawa, saiki wiwit nresnani aksara Jawa. Aksara Jawa uga sinerat ing papan-papan fasilitas umum, ing stasiun, bandhara, pasar, sekolah, jeneng dalan. Tulisan kuwi mujudake krenteging warga masarakat Yogyakarta kanggo nglestarekake aksara Jawa.

Saiki aksara Jawa ora kalah karo aksara *Kanji* (Jepang) lan aksara aksara *Hangeul* (Korea). Mula, digitalisasi aksara Jawa akeh pigunane. Bocah enom wis bisa nulis aksara Jawa kanthi gampang ing media digital apa wae, kayata bisa kanggo nggarap tugas sekolah ing *google class room*, *jogja belajar class*, bisa uga kanggo *whatsapp*-an komunikasi nganggo aksara Jawa. Kasunyatan kasebut gawe bombonging ati. Kanthi digitalisasi aksara Jawa, aksara iki ora kagerus lingsir lakune jaman, wiwit generasi Y, generasi Z, tekan generasi Alfa sesuk dhiwasa. Muga aksara Jawa tetepa lestari bisa salaras karo owah gingsiring jaman, kepara bisa terus jinangkah moncer, kondhang kaloka ing saindhenging jagad.

## **Pandhemi Covid-19 Mendemi tumrap Sastra Jawa**

Nalika tanggal 11 Maret 2020 kepungkur, *World Health Organization* (WHO) ngumumake menawa virus corona 2019 utawa asring diarani corona virus diseases 2019 (Covid-19) katetepake minangka pandhemi global. Apa, ta tegese?

Tembung 'pandhemi' miturut Kamus Besar Bahasa Indonesia duwe teges wabah lelara kang sumebar bebarengan ing ngendi-endi. Dene miturut *Wikipedia* basa Indonesia, tembung 'pandhemi' mono asale saka basa Yunani. *Pan* tegese kabeh, lan *demos* tegese uwong. Pandhemi mujudake epidhemi utawa wabah lelara kang sumebar ing wilayah kang jembar tebane, upamane ing pirang-pirang benua kepara nganti sumebar ing saindhenging donya. Tembung wabah duwe teges padha karo pageblug, yaiku ungsun lelara kang nular. Adhedhasar teges tembung kasebut, pandhemi Covid-19 mujudake wabah lelara kang disebabake dening virus corona lan sumebar tekan ing ngendi-endi.

Tembung *mendemi* saka tembung *mendem* miturut Bausastra Jawa duwe teges: 1. krasa ngglijer (lali apa-apa) marga dayaning inuman keras, kecubung lan sapiturute, 2. lagi kebangeten anggone seneng, kumudu-kudu diormati. Kanthi mangkono tembung *mendemi* duwe teges apa-apa kang njalari mendem, njalari tuwuhe rasa seneng kang ngedab-edabi, seneng banget.

Apa gayutane dene pandhemi corona dadi mendemi tumrape sastra Jawa? Pitakon iki pranyata malah ngithik-ithik pikiranku. Geneya bisa mangkono? Kanggo nggoleki wangsulane pitakon

iku, ayo bebarengan disemak tulisan iki banjur disemak uga kahanan kang dumadi lan kasunyatan kang asring kita prangguli.

Ing sajrone pandhemi corona iki, pasrawungan antarane warga diwatesi kanthi pranatan kang diwetokake dening pemerintah. Samangane kepeksa kudu patemon utawa nindakake aktivitas apa wae uga kudu manut protokol kesehatan standar Covid-19. Kabeh mau duwe pangjab supaya virus corona ora nenulari lan ora sumebar ing teba kang tansaya jembar. Pamarentah kepara nepakake aturan kanggo makarya ing ngomah, sinau ing ngomah, ngibadah ana ngomah. Iki mratandhani menawa pandhemi Covid-19 pancen mbebayani lan kudu diendhani dening sapa wae. Kawicaksanaan kang ditrapake dening pamarentah kasebut pranyata ora gawe pupusing krenteg kanggo makarya, kepara malah bisa nuwuhake daya pangripta tumrape para sastrawan Jawa. Daya kang ngedab-edabi tumrape para sastrawan Jawa kanggo ngulir budi banjur nyuntakake ilining cipta banjur njogedake driji-drijine ing sandhuwure dluwang. Wohing budi maujud dadi karya tulisan.

Nalika virus corona sumebar, jiwa makantar pranyata tansaya mubyar ing anggane para pengarang sastra Jawa. Kasunyatan iki bisa dideleng ing kabar kang dipacak sajrone ariwarti utawa kalawarti basa Jawa. Ing kono tinemu karya-karya sastra Jawa embuh iku wujud geguritan, cerkak, tembang macapat kang kamot racak-racake isine padha ngandharake samubarang kang ana gandheng cenenge karo pandhemi Covid-19.

Ana maneh minangka karya nyata para penulis Jawa awujud buku kang dilairake dening para sastrawan Jawa Bantul kang kagabung ing Paguyuban Sastrawan Jawa Bantul utawa katelah PSJB. Paguyuban iki kasil ngimpun asiling karya anggotane lan kababar ing buku antologi kanthi irah-irahan *Bantul Lumawan Corona*.

Sajrone buku antologi *Bantul Lumawan Corona* kasebut ngemot karyane telungpuluh penulis sastra Jawa, ing antarane yaiku lima penulis cerkak, telu penulis macapat, lan rolikur penulis geguritan. Laras karo irah-irahane buku, kabeh karya mawa tema Covid-19. Dene jlentrehe tulisan asil karyane penulis sastra Jawa iku mau yaiku, saka 80 judhul geguritan ana 19 judhul kang migunakake tembung *corona*, kayata “Momok Corona”, “Ing Satengage Pageblug Corona”, “Tembang Pralaya Covid-19”, “Corona 1”, “Tekamu Corona 2”, “Berkah Corona 3”, “Owah-owahan Corona 4”, “Goreh Corona 5”, “Corona Jenengmu”, “Wabah Corona Pageblug Ukuwah Aja Njeblug”, “Pageblug Covid-19”, “Medhot Rante Covid-19”, “Nglawan Covid-19”, “Nyandra Corona”, “Corona sing ora Kasat Mata”, “Corona Lelara sing Mbebayani”, “Aja Kuwatir Anane Corona”, “Corona Pangeling”, “Sawan Corona”. Dene liyane gunggung 61 judhul senajan irah-irahane tanpa migunakake tembung *corona*, nanging isine tetep ana gegayutane karo pandhemi covid-19 utawa virus corona.

Karya tembang macapat saka 3 penulis, kabeh judhule nganggo tembung *corona*, yaiku “Mbrastha Pageblug Corona” awujud pupuh Dhandhanggula, “Kupiya Ngadhepi Pageblug Corona” awujud pupuh Asmaradana, “Corona Sibra Sirna” wujud pupuh Dhandhanggula.

Saka andharan ing dhuwur, bisa dijupuk dudutan menawa anane pandhemi covid-19 pranyata ora gawe surute para penulis sastra Jawa. Senajan kudu kadheseg rasa was sumelang kepara ana rasa wedi ngadhepi ganase virus corona kang ora kasat mata nanging nyata yen ana. Ing swasana utawa kahanan kang lagi tintrim, nyatane bisa nuwuhake greged kang manjila. Ing kahanan kang ora tentrem, nyata kuwawa mletikake geni kanggo ngurupake krenteg nulis. Swasana pandhemi Covid-19, bisa dadi bahan ngonceki kahanan kang diangkat dadi tulisan.

Maneka warna perkara kang thukul saka dayane pandhemi Covid-19 nyatane bisa diolah kanthi becik, tatas, titis tuntas lan tapis dening para penulis sastra Jawa. Mula tembung mendem ing kene duwe karep marang kabecikan, yaiku tuwuhe rasa seneng banget kanggo nggarap kahanan diramu dadi tulisan awujud karya sastra Jawa. Mesthi wae kabeh mau bisa dadi cecala menawa tembung mendem nyatane ora saklawase duwe teges kang negative, miring, ala. Nyatane para sastrawan kang mendem ing kahanan bisa dadi karya kang manjila lan dadi bukti sujarah ngrembakane kasusastran Jawa ing era Pandemi Covid-19.



## **Budaya Nginang Masyarakat Jawi**

Wontenipun perkembangan teknologi, kabudayaan nginang wiwit ical amargi odol kanthi raosipun ingkang seger nggantosen kawontenan khasiat nginang ingkang raosipun pait. Para nem-neman sampun mboten wonten ingkang nginang. Sana-dyan kegerus jaman, nanging filosofi nginang ampun ngantos ical.

Sedhah punika dipunpitados nuduhaken sipat andhap asoring penggalih, remen peparang, saha tansah ngajeni priyantun sanes. Jarwi punika saking upakara thukulipun sedhah ingkang mrambat tanpa ngrisakaken taneman utawi napa mawon papan panggenanipun. Kapur nujukaken panggalih ingkang pethak resik saha tulus, nanging bilih kawontenan meksa, saged dados agresif sanget lan duka.

Gambir ugi dipunginakaken dados usada, upaminipun kagem ngresiki labet lan kudis, nyegah sakit diare ugi disentri, saha dados pelembab lan mantunaken labet wonten kerongkongan. Gambir ngagungani raos sakedhik pait, nunjukaken tataging panggalih. Jarwi punika dipundeningaken saking warni ron gambir ingkang kejene-jenen saha mbetahaken setunggaling pemrosesan tertantu supados pikantuk sarinipun, saderengipun saged dipundhahar. Dipunjarweni menawi nggayuhaken punapa-punapa kemawon, kula lan panjenengan sami kedah kantos numindakaken proses supados saged dados kasunyatan.

Sayektosipun, kejawi dipunbesmi ing lebeting eses, sata ugi dipungilut kanthi cara nginang, pinten-pinten tiyang asring nambahaken sata ing lebeting ron sedhah rikala nginang senaosa

mboten wonten kukusipun, ngingang kasunyatanipun ngagungani risiko ngrisak kasarasan ingkang sami kaliyan eses.

Wonten kathah manfaat ngingang inggih punika, nyedhah utawi ngingang dipunpitados sae kagem njagi kasarasan waja ugi *sistem pencernaan*. Amargi nggilut sedhah ron sedhah lan wiji jambe saged ndadosaken *produksi liur*, ingkang ngandhut warni-warni jinis protein lan mineral ingkang sae kagem njagi kekiyatan waja saha nyegah penyakit gusi. Kejawi punika, ugi tansah ngresiki waja lan gusi saking tirah-tirah dhaharan ingkang nempel ing waja.

Ngengingi sistem pencernaan, toya liur nggadahi fungsi nangsuli lan nglembutke dhaharan. Pramila, kula panjenengan saged ngeleg lan kersanipun dhaharan saged tumuju kerongkongan, usus, ugi lambung kanthi lancar. Bab punika tamtu mbiyantu nggampilaken *sistem pencernaan*.

Kejawi punika, nyedhah ugi dipunestuni dados sumber energi. Amargi, wiji jambe punika ngandhut zat psikoaktif ingkang memper sanget kaliyan nikotin, alkohol, ugi kafein. Pramila salira punika medalaken hormon adrenalin.

Sanadyan tradhisi nyedhah/ngingang saged nuwuhaken manfaat, para ahli kesehatan punika ngemutaken babagan bebaya nyedhah/ngingang. Saking laporan-laporan para peneliti, dipunmangertosi menawi nyedhah/ngingang punika kasunyatipun murugaken risiko ingkang saged nuwuhaken pinten-pinten penyakit ingkang mboten saged dipunanggep entheng, upaminipun kanker.

## **1. Kanker ing lathi**

Informasi saking situs resmi *Badan Kesehatan Dunia* (WHO), nyedhah/ngingang punika nggadahi risiko inggil murugaken kanker, utaminipun wonten tutuk. Kesimpulan punika dipundeningaken adhedhasar panaliten ingkang dipuntindakaken

*international agency for research on cancer* wonten Asia Selatan lan Asia Tenggara.

Kasunyatanipun campuran ron sedhah, wiji jambe, kapur, saha sata kagungan sipat karsinogenik (saged nuwuhaken kanker). Bilih ngginakaken bahan campuran ngingang kasebat ing wekdal ingkang dangu, murugaken rentan nandhang kanker ing tutuk, rentan ngalami kanker lathi, kanker esofagus (kerongkongan), kanker tenggorokan, kanker laring.

## **2. Labet wonten ing rongga lathi**

Nggilut sedhah jambe nginggahaken risiko ngalami lesi mukosa ing lathi, inggih punika wonten labet (lesi) ing salebeting rongga lathi. Labet utawi iritasi kewujud amargi campuran bahan-bahan nyedhah/nginang nggadhahi sipat sora sanget kagem lathi. Punapa malih menawi nyedhah/nginang sampun dados kalimrahan ingkang mboten saged dipunkendelaken. Efek awonipun dados tansaya enggal tuwuh lan rekaos dipunastani.

Bilih sampun cekap parah, kondisi punika murugaken lathi kraos kaku lan wonten pungkasanipun rahang rekaos dipun-obahaken. Ngantos wekdal punika dereng wonten usada ingkang saged ndanganaken lesi mukosa ing lathi. Pangusadan punika namung kuwawi ngentengaken gejalipun.

## **3. Gangguan ing janin**

Dereng kathah ingkang kapriksan menawi ibu ingkang nembe mbobot punika kedah maspadakaken bebaya nyedhah/nginang, amargi saged nuwuhaken risiko murugaken ewah-ewahan genetik ing DNA janin. Ewah-ewahan punika saged mbebayakaken kandhutan, kados dene eses saged nuwuhaken risiko kecacatan janin. Ibu ingkang mbobot menawi nyedhah/nginang ugi nggadhahi risiko ngedalaken bayi ingkang awrat saliranipun wonten ngandhap normal. Pramila, WHO ugi para

ahli kesehatan masyarakat wantos-wantos supados ibu ingkang nembe mbobot punika kedah mboten nyedhah/nginang.

Kalimrahan awon wonten dhusun-dhusun inggih punika ngecoh sembarangan. Kaliyan warni toya liur ingkang sawerni punika, kalimrahan niku tamtu kemawon badhe nilaraken cap rupinipun bercak abrit wonten pundi-pundi. Sejatosisipun masyarakat Indonesia kados wonten Jawi kagungan ambeng mligi kagem ngecoh, rupinipun kaleng alit ingkang kawastanan tempolong. Masalah lingkungan saged dirampungaken bilih sedaya tiyang ingkang nginang kagungan ambeng kados punika.

Wonten era modern kados wekdal punika posisi nginang sampun kegantosanaken dening *odol* ingkang tamtunipun sampun terjamin aman kandunganipun. Ananging nginang dados salah satunggaling tradhisi tilaran leluhur ampun dumugi kalimengaken filosofinipun kados ingkang sampun kasebat wonten ing nginggil, pramila masyarakat kaajab gesang ingkang saras, nyegah saking penyakit, nanging tetep njagi kelestantunan budaya.

### **Sumber:**

Tim Kumparan. 2017. *Filosofi Budaya "Ngingang"*. <https://kumparan.com/potongan-nostalgia/filosofi-budaya-nginang/full>

Setiawan, Andreas Wilson, dr. 2020. *Membongkar Manfaat dan Bahaya di balik Tradisi Menyirih*. <https://helohehat.com/hidup-sehat/fakta-unik/manfaat-dan-bahaya-menyirih/#gref>

## **Padasan: Budaya Gesang Inggang Saras Saking Leluhur**

Bebendu virus korona punika ngedahaken kula lan panjenengan mangertosi babagan wigatosipun prakawis keresikan. Ing wekdal kepengker, tiyang kulina mengucek-ucek soca saben wekdal, tanpa migatosaken kawontenan astanipun. Ananging ing wekdal sapunika, tiyang langkung ngrumaosi menawi asta punika saged dados sarana nularaken pageblug.

Bilih dipuntingali saking sejarah lan antropologi, kedahipun kawula Nusantara punika mboten kaget sanget kaliyan budaya wijik asta, samparan, pasuryan, ngginakaken toya resik sampun dados perangan gesang sadinten-dinten leluhur wonten Nusantara. Malah wonten Kraton Sriwijaya, ing era 650-1377 M, para bhiksu keserat sampun kagungan pranatan inggang paten babagan wijik asta.

Adhedhasar buku *Kiriman Catatan Praktik Buddhadharmha dari Lautan Selatan* dening Yi Jing [It-sing] inggang dipunterjemahkan saking *A Record of the Buddhist Religion as Practised in India and the Malay Archipelago* dening J. Takakusu, B.A., Ph.D, dipuntrehaken kados pundi tata cara gesang inggang saras dening kawula Nusantara. Adhedhasar wucalan Buddha, inggang dipuntindakaken para biksu wonten India saha Sriwijaya.

Tata cara gesang inggang saras, mbokbilih ugi dipuntindakaken dening masyarakat limrah. Amargi, piyambakipun sedaya [penganut wucalan Buddha] punika pitados salira inggang saras ajeng punika miyos gampang tumuju resiking batos. Pramila, ka-limrahan mijiki asta, ngresikaken dhiri, saha dhaharan inggang

sae, ugi dipuntindakaken saperangan ageng masyarakat wonten wanci kanalendran sriwijaya. Biksu inggih punika tiyang ingkang dipunpitadosi, mila pitutur saking piyambakipun sedaya mesthi kathah ingkang nindakaken, utaminipun ingkang nganut agami Buddha.

Sejatosipun, pakulinan kanthi saras dipuntindakaken dening masyarakat ing Nusantara, mboten namung ing wanci Kedatuan Sriwijaya, ananging ugi, ing jaman kenalendran Majapahit ugi sawilangan kesultanan sanesipun. Sedaya agami, kados Islam, Katolik, Protestan, Hindu, ugi Buddha, mucalaken babagan gesang kanthi saras. Punapa malih ing wucalan agami Islam punika, babagan mijiki asta lan anggota salira ing setunggal dinten kirang langkung kaping gangsal dipuntindakaken, inggih punika rikala nindakaken wudhu.

Budaya mijiki asta, ngreksa salira, ngresikaken salira saksampune bebuwang, olahraga, ngagem agemanan ingkang resik, sarta dhaharan ingkang sae, sampun dados perangan gesang ing masyarakat.

Salah satunggaling 'artefak' budaya wijik asta ing tlatah Nusantara inggih punika padasan, genthong gerabah ingkang limrah dipunpanggihi ing budaya masyarakat Jawi. Padasan dipunpapanaken ngajenging latar, wonten njawi pager, ingkang wujudipun genthong kaliyan pancuran alit, utawi wonten ugi ingkang ngginakaken gayung saking bathok klapa (siwur).

Genthong padasan kagungan gegayutan kaliyan budaya Islam (wudhu), amargi rumiyinipun dados pirantos syiar dening satunggaling tiyang panyebar agami Islam, inggih punika Kanjeng Sunan Kudus. Rikala punika, adhedhasar cathetan Sri Mulyati (2006) ing buku *Tasawuf Nusantara: Rangkaian Mutiara Sufi Terkemuka*, Sunan Kudus ndamel padasan cacah wolung pancuran, dados akulturasi budaya Jawi saking agami Islam. Ing wekdal punika, masyarakat ing papan punika sampun tepang

agama Hindu lan Buddha, pendhudhuk ugi tepang punapa ingkang dipunsebat dados Asta Sanghika Marga. Padasan kaliyan pancuran ingkang cacahipun wolu punika dipunkajengaken Sunan Kudus dados wolung tumindak kesaenan kagem ngresikaken dhiri.

Rikala jaman semanten saday masyarakat nyaosaken padasan wonten ngajenging griya/dalem. Padasan punika dipunpapanaken wonten njawi pager supados sinten kemawon mboten pakewuh anggenipun ngginakaken toya kangem ngresikaken samparan. Langkung semanten, rikala toya wonten Jawi taksih wening, toya padasan saged ugi dipununjuk. Inggang kagungan dalem ugi mesthekaken ngiseni padasan punika supados toyanipun tansah kebak. Kejawi genthong utawi tempayan ingkang dipunparingi bolongan, kala-kala padasan ugi dipunjangkepi kaliyan gayung tradhisional saking bathok klapa, ingkang limrah dipunsebat siwur.

Padasan ugi dipunpapanaken wonten pinggiring mergi, kanthi maksud supados sinten kemawon ingkang mbetahaken toya saged ngginakaken toyanipun. Ing mangsa jawah, toya wonten ing padasan saged kagem ngresikaken samparan ingkang kenging cipratan toya reged. Ugi semanten rikala ing mangsa ketiga, padasan limrahipun dipunagem ngresiki pasuryan tiyang-tiyang ingkang ngliwati. Samboten-mbotenipun kepareng nyukani raos seger ing wanci mangsa benter.

Menawi tirta isi padasan saestu resik ugi aman dipununjuk, panggina kaliyan saged lajeng ngunjuk dados panglukar salit. Misepuh kita sedaya kathah ingkang dados petani, nalika badhe dhateng sabin utawi tumuju wanci rahina badhe kondur datheng dalem, salajeng raup rumiyin kaliyan reresik ngagem toya ing padasan. Prakawis punika saleresipun mucalaken kula lan panjenengan sami supados tansah njagi keresikan rikala badhe nyambut damel lan saderengipun mlebet dalem.

Punapa malih, tiyang jawi taksih mitadosi sawanan (kesurupan), bilih wonten bayi wonten griya lan menawi wonten tiyang ingkang mlebet griya mboten wijik asta lan langsung nyepeng bayi, mila bayi punika asring nandang sawanan.

### **Wucalan Filosofis Kasaenanipun Padasan**

- **Kesadharan Kolektif (Sesarengan)**

Bilih wonten priyantun ingkang ngginakaken padasan, priyantun punika kagungan kesadharan kedah kemutan ngginakaken toya sacekapipun senaos mboten wonten wantos-wantos ingkang keserat, amargi padasan punika dipunpanggenaken ing pinggir margi, tegesipun saged kagem sinten kemawon, supados tiyang sanes ugi keduman.

Kathah piwulang edukatif ingkang kekandhut ing tradhisi nyedhiyakaken padasan wonten ngajenging griya/pidalem, kados raos ikhlas. Kanthi raos ikhlas, ingkang nggadhahi padasan sregep ngisi supados saged dipunagem sinten mewon ingkang mbetahaken toya resik, tanpa preduli tepang punapa mboten kaliyan tiyang kasebat.

- **Peparing Tumrap Tiyang Sanes Saking Bab ingkang Alit.**

Sinten kemawon ingkang liwat pareng ngginakaken toya padasan sanadyan mboten tepang kaliyan ingkang kagungan. Bilih ingkang nggadhahi ugi tansah mriksa punapa toyanipun taksih wonten utawi sampun kosong. Senaos namung namung toya, nanging punika ingkang dipunwucal saking sesepuh kula panjenengan inggih punika kalimrahan weweh lumantar bab-bab ingkang alit, sanadyan ta namung toya.

- **Toya ing Padasan punika Kados Ilmu ing akal**

Toya ingkang wonten ing genthong punika sami kados ngilmu ingkang wonten ing akal kula panjenengan sedaya,



mboten angsal dipunkendelaken mawon, ugi mboten pareng dipunkempalaken mawon tanpa dipunwedalaken, utawi namung dipunginakaken dening saliranipun piyambak, nanging dibagi kagem tiyang sanes. Ing Islam prakawis punika kelebet salah satunggaling amal ingkang mboten pedhot sanadyan kula panjenengan sampun seda inggih punika amal jariyah lan elmu ingkang paring kasaenan.

Ing wekdal sapunika, generasi mudha, ingkang menawi mboten mangertosi padasan, saged nindakaken nilai-nilai edukatif tilaran budaya Jawi punika. Sami-sami peparing kanthi raos ikhlas dhumateng sinten mawon ingkang mbetahaken, nyedhiyakaken padasan wonten ngajenging griya/ dalemipun piyambak-piyambak.

Pageblug Covid-19 taksih sumebar, kula panjenengan saged nyedhiyakaken padasan wonten ngajenging griya/ pidalem. Senaosan sanes saking gerabah, saged kagem papan toya ingkang langkung modheren. Kanthi punika kula panjenengan saged ndherek nyegah *penyebaran* lan *penularan* virus corona. Kula panjenengan kedah langkung sregep anggenipun wijik asta, sami kaliyan wewarah saking WHO supados nyegah bebendu Covid-19. Dados kearifan lokal, padasan dados alternatif kagem masyarakat supados purun mijiki asta. Ing wekdal punika kahanan bebendu covid-19 taksih dereng sirna, pramila padasan kaliyan sabun punika saged njagi resesik lan ngulinakaken wijik ngagem sabun (CTPS) kanthi 6 lampahan ingkang leres.

**Sumber:**

Azis, Muhammad Abdul. 2020. *Padasan : Budaya Lama yang Dipaksa Muncul Kembali*. <https://medium.com/@azismuhammad094/budaya-lama-yang-dipaksa-untuk-kembali-cf5c45976b5b>

- Khusnikma, Mislal. 2020. *Kembalinya Tradisi Padasan di Tengah Pandemi*. <http://saa.iainkediri.ac.id/padasan-tradisi-yang-kembali-hidup-selama-pandemi/>
- Nelana, Narwan Sastra. 2020. *Lewat Padasan Nenek Moyang Telah Ajarkan Kebersihan Diri*. <https://siedoo.com/berita-30033-lewat-padasa-nenek-moyang-telah-ajarkan-kebersihan-diri/>
- Wijaya, Taufik. 2020. *Refleksi Covid-19: Sejak Dulu Bangsa Indonesia Rajin Mencuci Tangan*. <https://www.mongabay.co.id/2020/05/15/refleksi-covid-19-sejak-dulu-bangsa-indonesia-rajin-mencuci-tangan/>

## Tilik Laku Awak ing Geguritan “Ina”

Ing jagad iki, ana akeh jinising *aspek* sing nyengkuyung uripe wong, kalebu ing aspek spiritual lan moral, aspek mental, aspek *finansial*, aspek sosial lan aspek emosi. Kabeh kuwi ora bisa madeg dhewe lan kabeh padha gegayutan. Sanajan akeh kasus sing nyatakake yen mung dideleng saka sawetara aspek prioritas sing digunakake ing urip pribadi, ora nolak manawa ing dhiri wong kasebut uga nduwe aspek liyane minangka dhukungan sing ora bisa uwal saka pikiran lan prilaku.

Jaman globalisasi ing endi kabeh teknologi, ora bisa ditolak manawa aliran informasi kang ora bisa dikendhaleni babagan kualitas lan kuantitas. *Informasi* sing akeh iki ndadekake konsumen utawa pamaca ora bisa mbedakake *informasi* lan *informasi* sing *valid* utawa sing ora ketok kasunyatan utawa kanthi “palsu” kang disebut uga *hoax*. Kajaba iku, ing jaman pageblug iki, teknologi liwat medhia sosial bisa minangka sarana golek *aspek finansial*. *Kreativitas* sing dibutuhake minangka konten kanggo nggoleki ketenaran sing tujuane finansial saya ora wajar. Umume *konten* pendhidhikan malah diilangi lan diganti isi kanggo *sensasionalisme* saka wong sing njaluk dhukungan. Isi kang kaya ngono akeh nggoleki wadine wong utawa elek wong liya.

Jinising konten kaya iki akeh dadi sorotan masarakat umum amarga ana gandhengane karo prinsip nurani. Nemokake kaluputane wong liya iku gampang banget ditindakake bab kaya ngono kang digunakake ing jaman saiki minangka *modal* kanggo

gampang golek tambahan finansial wong liya kanthi golek perhatian saka wong liya. Filosofi Jawa sejatine wis kasebut, *Aja ketungkul nyata marang, kadonyan, lan kamareman*. Saka filsafat katon manungsa ora pareng kepengin banget utawa kepinginan kanggo ngranggeh pangkat, materialisme, lan kasenangan donya. Utamane ing bab ngupaya kadonyan nggunakake cara kang ora becik.

Sejatine bab kang ngrembug wadine wong liya wis akeh diagawe karya sastra. Karya sastra yaiku salah sijini asil *kreativitas* wong sing nduweni titikan kaendahan lan mentes. Salah sawijining karya sastra kaserat saka pangaaman-pangalaman wong kang nulis. Kaendahan karya sastra aneng wos utawa isi neng njero lang pamilihan basa kang dinggo, basa kasebut asipat *metaforis* lan *imajinatif*. Sipat iku merga basa kang digunakke marang panyerat karya sastra diluwih-luwihke saka *imajinasine* panyerat banjur ditulis. Karya sastra bisa mawujud dadi novel, syair, roman, cerbung, hikayat, cerkak, cerita rakyat, dongeng, drama, lan geguritan.

Geguritan yaiku salah sawijine karya sastra Jawa kang mawujud saka pikiran lan rasa ati kang ditulis dening panganggit ngaggo basa kang ngandhut wirama, wirasa, lan ukara kang sinandi. Geguritan ing basa Indonesia uga kasebut puisi. Geguritan ing jaman saiki akeh sing migunakake basa kang luwih gampang dimangerteni ora kaya geguritan jaman biyen kang migunakake basa arkais. Geguritan ora mung bisa katiti saka gaya basa, ananging bisa uga dikaji saka pencitraan, moral, *diksi*, lan sapiturute.

Geguritan bisa kanggo *media* pangarang ngritik utawa nggambarake kahanan utawa kadadean ing padinan. Nggoleki alaning wong ora merga kanggo ngelikake, iku bisa uga kanggo *instrospeksi* awake dhewe kang durung mesthi apike. Kayata ing geguritan kanthi irah-irahane "*Ina*".

**Ina**  
takonana krandhahé sapa  
tlesihna bundhelané Apa  
banjur tawangna priyé krénahé  
wingi-wingi jail atiné  
nolak tresna  
gawé wisuna  
tlesihna  
wingi-wingi landhep ilaté nampik pangarih  
takonana

*Djaka Lodang*No. 532 Th. XII, Sabtu Paing, Nopember 27-1982, kaca 39.

Geguritan “Ina” nggambarake wong kang kudu nlesihna meneh apa wae eleke wong kanggo *instropeksi* dhiri pribadhi. Gaya basa kang digunakake ing panganggit ora nganggo basa kang angel dipahami ananging isih ngemot kaendahan.

Geguritan “Ina” kang cacah larike ana sanga lan sagatra iku duwe wujud ukara pakon. Ukara pakon utawa prentah katujukake kanggo para maos supaya wong kuwi nindakake salah sijining bab utawa pakaryan kang jumbbuh karo apa kang dikarepake penulis. Dadi geguritan “Ina” awujud geguritan pakon utawa prentah marang wong kang maca. Pakon iku bisa katitik saka tembung-tembung sajeroning geguritan, tembung pakon kasebut iku antarane *takonana, tlesihna, lan tawangna*.

Irah-irahane geguritan yaiku *Ina* kang tegese cacad utawa teges liyane kuciwa. Saka irah-irahan iku ketok menawa geguritan iku isine bab kang ora menaki ati. Kajumbuhake karo isining geguritan mrentah nlesih apa kang wis dilakoni. Bab kang dilakoni uga dudu bab kang apik prekarane. Bab kang disebut yaiku dirgama, jail atine, lan wis nggawe wisuna marang liyan. Udu merga bab gedhe kang gegayutan karo nagari, ananging

apa kang ditulis iku gayutan karo asipat pribadi kang diduweni manungsa kanggo dhasar solah bawa lan *modal* tata kramaning manungsa ing masarakat.

Piwulng moral kang kamot ing geguritan iku kawiwitan saka rasa kuciwa utawa cidra kang wis kalakon. Mula wong kudu nlesih apa wae kang wus kadadean sing ora dadi ati mbuh iku kang wujud tuturan utawa tindak tanduk kang ora mrenahi penggalihé wong liya. Kudu bisa mawas dhiri sing utama, tindak tanduk suba sita tata karama kudu sing trep karo kahanan. Merga iku wong Jawa duwe prinsip *empan papan*. Neng ngendi wae urip kudu bisa mapakake awak ing papan kuwi. *Instropeksi* salah sajining dalan kanggo ngengeni apa kang wus dilakokake. Menawa ora becik bisa dibenakake ing wektu sapungkuré. Telung tembung kang bisa ndadekake wong ketok becik yaiku tembung nyuwun pangapura, nyuwun tulung, lang matur nuwun.

Landhep ilate nampik pangarih, prekara kaya ngene uga kudu disingkiri. Kabeh kang diarah mesthi apik dadine. Merga iku kudu dadi wong kang bisa mawas dhiri, bisa ngerti endi kang apik lan kang ala ditindakake. Ana ukara *ajining dhiri saka lathi* lan ukara ing basa Indonesia *Lidahmu harimaumu*. *Ajining dhiri saka lathi* tegesé wong bisa ketok pribadhine saka carane guneman, akeh wong kang gawe prakara sing ndadekake padudon merga omongan sing sembrana utawa ngawur lan ora trep karo kahanan. Ananging ana ora sethithik uga wong kang begja merga bisa njaga ilate utawa omongane.

Gawe wisuna utawa gawe prakara sing ndadekake padudon uga prakara kang ora becik. Manungsa sejatine masarakat sosial sing ora bisa pisah karo wong liya. Urip ing masarakat kudu bisa mangerteni kepriye tumindak kang becik, tumindak kang bisa katampa ing masarakat, lan kepriye tumindak kan ora marai padudon marang wong liya. Asiling padudon marai masarakat ora tentrem dadi omongane tangga. Ora mung marang tangga

dhusun, ing jaman saiki ing *social media* kudu ngerti uga kepriye sejatine wong tumindak kanthi wicaksana.

Urip ing masarakat kudu ngerti kepriye kudu tumindak kang becik. Carane guneman karo wong liya kudu digatekake. Menawa ana wong sing gelem paring pangarah marang liyan aja ditampik, telengna wae yen ala aja dilakoni yen becik lakonana. Ilat kang landhep aja dadi wisuna marang liyan, yen wis kalakon nggawe cidra marang wong liya aja wedi njaluk pangapurane. Kabeh kudu ngerti kahanan siji lan sijine, ati lan pikiran kudu maju bareng aja abot sasisih.

## Coding

Generasi Z lan generasi Alpha yaiku generasi kang bakal dadi cucuking bangsa ing jaman ngarep. Rong generasi iku duwe dhasar dimanjakake dening *audio visual* bisa lewat tv utawa *gawai*. Salah sijinr *audio visual* kang banget ditresnani dening generasi kasebut yaiku animasi crita *Naruto*. Generasi iku racake apal thek kliwere *Naruto*, kepara *action figure* utawa reca saka maneka warna bahan kang gambarake paraga-paraga ing animasi *Naruto* iku laris manis kamangka regane ora bisa sinebut murah. Menawa ditakoni kenapa generasi iku seneng banget marang *Naruto* mesthi wangsulane macem-macem, ananging bisa didudut menawa amarga crita *Naruto* gampang dimangerteni lan nyenengake nalika ditonton. Gampang dimangerteni ing kene gegayutan karo prasajaning crita *Naruto* ing wiwitan crita, yaiku babagan bocah sing disiriki dening wong akeh lan usahane ngrebut kapitayan guru lan kanca-kancane. Nyenengake nalika ditonton, iki ana gandhengane karo wujud paraga sing ditampilake ing crita *Naruto* (kepenak lumantar visual bisa dideleng saka gerak, busana lan liyane).

Prasajaning crita ing animasi *Naruto* pancen lumebu banget ing psikologis bocah-bocah saiki kang duwe *kecenderungan individualis* lan rumangsa ora disenengi wong liya utawa rumangsa menawa uripe susah dhewe. Iku ndandekake generasi saiki ngrasa dadi bagian saka crita *Naruto* iku. Uga kalebu konflik antarane *Naruto* lan kanca-kancane, ditambah konflik lumawan mungsuh. Ing crita *Naruto*, digambarake manawa *Naruto* lan kanca-kancane kudu ngadhapi mungsuh sing duwe macem-



macem kaluwihan. Kaluwihan olah kanuragan ing crita Naruto uga narik kawigatene bocah saiki. Bocah-bocah asring niru jutsu-jutsu (jurus) ing Naruto. Ora mung jutsu sing ditiru, nanging uga gaya rambut, gaya busana, lan intonasi pocapan uga ditiru karo bocah-bocah saiki. Fenomena iku kosok balen tumrap crita saka budayane dhewe.

Sejatine crita-crita ing budayane dhewe ora kalah karo crita Naruto. Yen alesane yaiku critane narik kawigaten kanggo bocah-bocah saiki, kurang narik kawigaten apa crita Mahabharata babagan bocah-bocah Pandhawa nalika meguru lan kudu ngadhepi sedulur-sedulure dhewe kang julig (Kurawa). Pandhawa uga kudu ngadhepi bebaya amarga mungsuhe kang saya akeh. Ing crita Mahabharata iku uga dicritakake bab olah kanuragan kang ora kalah akehe kaya ing jutsu-jutsu crita Naruto. Menawa ing Naruto ana *Kagebunshin*, Salya duwe Candhabirawa. Ing Naruto ana *Hiraishin*, Janaka duwe Praki. Ing Naruto ana *Susano*, Kresna duwe Triwikrama, lan isih akeh aji liyane. Menawa dijingglengi, crita Naruto sejatine kalah babagan macem-macem jinis sanjata utawa pusaka. Ora amung crita Mahabharata kang bisa nandhingi crita Naruto, ananging crita Ramayana, Ken Arok, Gadjah Mada, Panangkarana, Senopati Pamungkas, Naga Bumi, lan isih akeh liyane.

Ramayana lan Mahabharata kanggone bocah saiki kurang narik kawigaten amarga akeh-akehe amung diwujudake ing kesenian wayang, buku bacaan, komik jaman lawas lan ora digawe ing versi anyar. Cerita iku uga kurang narik kawigaten ing babagan sandhangan utawa busana amarga model busanane stagnan ora ana variasine, kamangka ing crita Naruto babagan sandhangan, luwih akeh jinis lan warnane.

Kanthi landhesan bab iku, bisa dijupuk dudutan manawa miturut generasi enom wujud ing crita Mahabharata lan Ramayana lan liyane isih kurang apik. Durung animasi animasi,

game utawa konten kreatif liyane sing nyritakake Mahabharata lan Ramayana kurang adaptif karo teknologi informasi kang rinasa cepet. Iki bisa dideleng saka game sing landhesane crita kasebut, yaiku mung ana siji *Kurusetra*. Ana uga game liya kang digawe dening wong indonesia ananging game iku nuruti budaya manca yaiku bab *zombie* lan liyane. Semana uga *e-book*, komik lan cergam kang nyritakake babagan budaya Jawa uga ora akeh. Kekurangan liyane tumrapping crita kang landhesan budaya Jawa jaman saiki yaiku bocah ora rumangsa mlebu ing crita kasebut. Banjur apa sing kudu di upayakake supaya crita-crita kang landhesan budaya Jawa bisa narik kawigaten lan menang ing negarane dhewe?

Generasi saiki kudu gelem “mlumpat” nguwasani tehnologi kanggo nyengkuyung lan nggayuh ancas kasebut. Siji-sijining cara yaiku kudu gelem sinau *coding*. *Coding* yaiku *bahasa pemrograman*. Kaya sing wis dimangerteni, *coding* iku minangka jiwa ing program komputer. Menawa wong pengin gawe gambar, gawe game, gawe animasi, nampilake swara, kepara ketikan iki uga adhedhasar *coding*. Sanajan saiki wong-wong dikepenakake dening akehing aplikasi utawa program kang bisa langsung digunakake, ananging tamtu ora bisa luwes kaya kang dikarepake. Mula saka iku, wong Jawa kudu sinau dhasar program utawa aplikasi, yaiku *coding*. Kanthi nguwasani *coding*, wong Jawa bakal bebas ngrembakakake budaya sing diduweni.

Nyinauni *coding* pancen ora gampang, dibutuhke wektu, kasabaran, ubet, ulet lan sregep. Kaya nyinauni ilmu liyane, dibutuhke semangat kang makantar-kantar kanggo bisa nguwasani ilmu *coding*. Uwong kang sinau *coding* uga ateges dadi kebo nusu gudel amarga uwong kang bisa dadi guru yaiku para praktisi mudha ngelingi iki kalebu ilmu anyar. Menawa wus bisa *coding*, Ing wektu ngarep mesthi bakal ana kang bisa gawe lawan tandinge crita Naruto yaiku crita animasi Panangkaran

panguwasa Mataram Kuno lan semenanjung Thailand sisih kidul (Prasasti Ligor), Jaka Tingkir, Senopati Pamungkas, Gadjah Mada, lsp. Utawa bisa uga bocah-bocah besuke dadi bisa dolanan game Diponegara, game Ken Arok, game Naga Bumi (SGA), game Sultan Agung, lsp. Sapa reti uga ing wektu ngarep ana *e-book*, komik lan cergam kang narik kawigaten babagan Damarwulan, crita Panji, Kancil Kridhamartana lsp.

Pra kanca bok menawa duwe rasa pangrasa apa bisa sinau *coding* iku mau, ngelingi umur kang wus ora enom. Menawa duwe rasa pangrasa kaya mangkono ora keliru, ananging yen dudu awake dhewe trus sapa maneh kang bakal miwiti gawe *lompatan besar* kanggo lestarining budaya. Generasi enom butuhake patron kang bisa aweh bimbingan lan dituladhani. Menawa bakal diwenehake tanggungjawab iki amung kanggo generasi enom, apa gelem lan bisa, ngelingi sing tuwa wae wegah sinau utawa menahi tuladha. Bisa-bisa generasi enom saiki nembe sadar nalika wus ngancik surut umur, lan amung getun kelangan ladhesaning budaya Jawa.

## **Mardika Sinau Kanggo Tunanetra**

Tembung tunanetra nduweni teges kahanane pawongan kang ora bisa ndeleng awit mripate wis ora bisa digunakake kanggo ndeleng. Tunanetra bisa kapilah dadi *total blind* utawa babar pisan ora bisa ndeleng utawa *low vision*, yaiku isih bisa ndeleng senajan ora premana. Sacara alamiah, wong kang nandhang tunanetra bakal luwih ngetog kadigdayane lumantar panca ndriya liyane, kayata *perabaan* (ngrasa lumantar kulit), *penciuman* (ngambu), *pendengaran* (ngrungokke), lan liya-liyane. Kabisane para tunanetra kaya mangkono, menawa tansah didhampingi lan diarahke, ora mokal para tunanetra nduweni maneka keprigelan kang onjo ngluwihi para wong kang bisa ndeleng normal, kayata keprigelan ing seni musik.

Apa kang dibutuhke dening siswa tunanetra iki? Para siswa tunanetra mbutuhake maneka medhia kang sipate auditif. Satuan-satuan pendhidhikan mbutuhake medhia-medhia pembelajaran audio kanggo *memfasilitasi* para siswa tunanetra kasebut. Sekolah-sekolah Luar Biasa lan Lembaga-lembaga pamarentah sarta swasta duweni maneka program kanggo nyengkuyung aktivitase para tunanetra. Wis akeh sekolah-sekolah kanggo anak-anak luar biasa negeri lan swasta kang duweni kawigaten ngupaya fasilitas pengembangan keterampilan anak-anak tunanetra, kayata SLB Helen Keller Indonesia, SLB-A Yaketunis, SLB Negeri 3 Yogyakarta, lan liya-liyane.

Babagan ngupaya keterampilan bocah-bocah tunanetra ora mung dumunung ana ing keprigelan maca nganggo huruf braile, nanging uga ing babagan audio. Peran pemerintah dadi salah

sawijining kunci ngrembakane keterampilan bocah-bocah tunanetra. Salah sawijine kantor pamarentah ing Yogyakarta kang nduweni perhatian marang para tunanetra, yaiku Balai Pengembangan Media Radio Pendidikan dan Kebudayaan (BPMRPK). Wis ana atusan medhia audio kang dirancang lang diprodhuksi dening BPMRPK kanggo para difabel, kalebu para tunanetra. Diajap prodhuk-prodhuk audio kasebut bisa digunakake kanggo keperluan pembelajaran, mligine ing mangsa pandhemi iki.

Kacathet ing taun 2020, ana 7984 siswa lanang lan 6546 siswa wadon kang nandhang tunanetra saindonesia. Kahanan kaya mangkene iki mbutuhake pihak-pihak kang kawogan kanggo cawe-cawe mujudake pendhidhikan kang bisa ditrima lan *berkualitas* kanggo para tunanetra. Pendhidhikan kaya mangkene iki tansah diudi sacara integratif, yaiku supaya dadi bisa luwih ngupaya *peran serta* guru, keluarga, lan masyarakat.

Kementerian Pendidikan dan Kebudayaan Republik Indonesia lumantar Balai Pengembangan Media Radio Pendidikan dan Kebudayaan (BPMRPK) nduweni reka daya maringi *fasilitas* utawa layanan kanggo para siswa tunanetra. Layanan kasebut arupa aplikasi Radio Edukasi kang bisa diundhuh lumantar *google playstore*. Aplikasi Radio Edukasi iki dirembakakake adhedhasar kabutuhane para siswa, tenaga pendhidhik lan kependhidhikan, sarta kabeh masyarakat Indonesia kang ngersakake medhia-medhia audio pembelajaran kang bisa diakses kanthi gampang. Maneka werna materi (*konten*) bisa dipigunakake dening para siswa tunanetra, guru, masyarakat saindonesia.

### **Media Audio/Radio**

Medhia audio utawa radio duweni maneka werna kaunggulan, yaiku 1) bisa kanggo sapa wae; 2) migunakake metodhe pasinaon jarak jauh kang efektif lan efisien; 3) bisa nglantarake pesen kanthi pas (*on the spot*); 4) jumbuh kanggo pasinaon

babagan musik, basa, lan sapanunggalane; 5) bisa kanggo ngrembakakake angen-angen (*imajinasi*); 6) bisa dipigunakake ing papan endi wae lan kapan wae (*portable/mobile*).

Bocah tunanetra akrab karo teknologi informasi lan komunikasi (TIK), kayata tilpun nirlakabel (gawai). Minangka tuladha, gawai bisa dadi piranti kang wis dilengkapi nganggo modifikasi medhia audio. Medhia iki bisa digawe minangka wujud pesen audio singkat, kang bisa dikirim langsung kanggo wong akeh, bisa digunakake minangka pangling-eling uga. Para bocah kasebut kepara bisa gawe flyer (*pamphlet*) awujud audio.

Kantheni migunakake medhia-medhia audio, bocah-bocah kasebut bisa sinau ing endi wae, ora mung sajroning kelas. Ora mung bocah-bocah tunanetra, kepara kabeh bocah ing Indonesia bisa migunakake radio kanggo sinau. Dadi medhia-medhia pembelajaran audio bisa diakses ing endi wae lan kapan wae. Materi-materi pembelajaran audio bisa uga diupaya dadi materi kang nyenengake saengga bisa nuwuhake imajinasi kanggo bocah-bocah tunanetra nalika ngrungokake medhia audio pembelajaran. Tuladhane nalika ngrungokake sandiwara radio, kaya-kaya awake dhewe melu ing lakune crita. Kantheni medhia audio kang wis direkadaya kanggo kebutuhane para tunanetra diancas supaya para tunanetra bisa “ndeleng” kahanan kang disuguhake kantheni audio nganggo pangrungune.

Menungsa ora ana kang cinipta sampurna. Saben manungsa winates ing maneka babagan. Mula urip sabisa-bisa tansah dadi inspirasi kanggo liyan. Urip kudu bisa nrima kekurangan kantheni tatag lan ndadekake kaluwihan kanggo mbiyantu liyan. Kabeh bocah Indonesia kudu ditresnani tanpa syarat. Kabeh nduweni hak entuk pendhidhikan kang berkualitas, kalebu para penyandang disabilitas tunanetra. Ayo bebarengan negesake komitmen “*mencerdaskan anak bangsa*”, lan mujudake pendhidhikan kang ketrima lan *berkualitas* kanggo kabeh rakyat Indonesia.

Kupiya kanggo nuwuhake rasa *empati* lan *kesadaran* menawa kabeh manungsa nduweni drajat kang padha kudu ditindakake lan dileksanakake dening saben wong lan luwih fokus menawa dipandhegani dening maneka Lembaga pemerintah lan swasta kang kawogan. Jer saben wong cinipta dening Gusti kanggo urip lan migunani tumraping liyan. Mula, trep menawa ing pengetan *Hari Disabilitas Internasional* taun 2019, Sekretaris Jenderal PBB Antonio Guterres ngandharake, “*ketika kami memastikan hak-hak penyandang disabilitas terpenuhi, kami bergerak lebih dekat untuk mencapai janji utama Agenda 2030 - untuk tidak meninggalkan siapa pun di belakang.*”

### **Sumber referensi:**

Laman dan YouTube Radio Edukasi BPMRPK, Kemendikbud, Yogyakarta

<https://www.beritasatu.com/feri-awan-hidayat/nasional/700035/penyandang-disabilitas-masih-alami-diskriminasi>

<https://tirto.id/hari-disabilitas-internasional-3-desember-perjuangkan-hak-difabel-emHR> Oleh: Dipna Videlia Putsanra - 2 Desember 2019

Dr. Samto, Direktur Pendidikan Masyarakat dan Pendidikan Khusus, Direktorat Jenderal Guru dan Tenaga Kependidikan, Kementerian Pendidikan dan Kebudayaan Republik Indonesia (dalam kegiatan Fasilitasi Pemanfaatan Media Audio Radio bagi Satuan Pendidikan untuk Guru Tunanetra yang diselenggarakan BPMRPK Kemdikbud, 5 Oktober 2020).

# **Cerkak**



## **Jujur Mujur Sempulur**

**D**ina setu mulih seka sekolah katon panas ora kaya biyasane. Ana bocah sing seneng golek karangan menyang segara sinambi dolan. Prasaja tenan yen sregep menyang segara. Amarga dhusune caket segara, kayata Segara Butuh, Nglangkap, Ngeden, Pringjono lan Ngluwen. Segara kang isih asri lan durung akeh sing dolan mrana. Ana bocah telu, Erma, Nesya, lan Putra. Erma lan Nesya kelas 5 SD, nanging si Putra iku wis kelas 6 SD. Bocah telu mau omahe ana ing Dhusun Karanggunung, Desa Krambil-sawit, Kecamatan Saptosari, Kabupaten Gunungkidul, DIY.

Erma sakanca duwe kekarepan menyang segara Ngeden, Setu bar mulih sekolah dina iku. Bocah-bocah minggu kepungkur wis keturutan golek karangan ranti, simbar lan ager ing segara Butuh. Erma sakanca sing mulih sekolah, mlaku sinambi omong-omongan bab kepinginane arep menyang segara.

“Kanca-kanca, piye iki? Ambu-ambune awake dhewe ora sida,” Erma nari kanca-kancane.

“Aku angkat tangan Er, Iha panase ngentar-entar kaya mangkene kok arep saba segara,” Nesya nyauri Erma.

“Aku sarujuk karo kowe Nes, Iha mengko isa gosong dadakan iki,” Putra sambat.

“Ngene wae, ayo padha mruput sesuk esuk, bar shalat Subuh piye?” usule Erma.

“Masuk iki. Nggawa alat kaya biyasane, ya. Aja lali nggawa kresek gedhe,” Nesya lan Putra sarujuk marang panemune Erma.

Erma, Nesya lan Putra wis sarujuk arep menyang segara minggu esuk.

\*\*\*

Lampu omah sadalan-dalan isih pating clorot. Rembulan katon mesem ketara saka cahyane kang mangaribawani. Erma, Nesya, lan Putra nggawa senter kanggo madhangi dalam sing katon peteng ndhedhet amarga isih wetara jam lima esuk.

“Put, Nes, kowe wis padha pamit Simbok Bapakmu, ta?”

“Iya pokoke aku wis pamit, Er. Apa maneh Putra wis jelas diolehke. Kandhaku bener, ta Put?” Nesya njawil Putra.

“Bener banget, Nes. Simbokku wis ngijini Aku. Kang kapisan Simbok bungah yen aku entuk karangan. Kaping pindhone, menawa Aku isa adol karangan Simbok wis ora bingung nggolekke sango sekolahku,” Putra njlentrehke panemune.

Bocah telu mau ora ana rasa wedi, lan risi ngliwati alas rungkut dalam tumuju segara. Kira-kira katelune tekan segara Ngeden nalika srengenge mangkat ancik-ancik panjung sisih wetan kae. Erma sakanca mlayu rikat-rikatan sawise tekan kandhang sapi sing kurang luwih jarahe 100 meter saka segara. Putra mlayu cepet dhewe, ngelingi wong lanang tur kulina melu lomba mlayu. Nanging Nesya lan Erma ketinggal adoh karo putra. Wong loro mau mlayu karo ambegan kempas-kempis, nggregetake Nesya lan Erma mung mlaku rindhik-rindhik sinambi omong omongan.

“Muga wae segarane becik, ya Nes.”

“Iya Er, lha mengko nek ora becik gur tuna iki. Ya bathi dolan sih, tapi ora entuk karangan.”

Saka kadohan Putra tansaya rindhik anggone mlayu, malah saya suwe mandheg njegegreg ana ing sangarep parkiran. Sirah gedhek-gedhek ketok ora percaya marang apa sing wis kedadean.

“Ana apa, Put?” Erma lan Nesya mak klebat nyander Putra.

“Galo delengen, saiki segara lagi muring. Banyu sing mulap-mulap ora becik,” Putra nudingi segara kang alune gedhe.

“Ora cocok iki, wis mlaku peteng-peteng, direwangi urung sarapan, krenggosan, lan gawan abot malah segarane ora becik. Alah rugi iki.”

Erma wis wiwit nggresula.

“Wis Er, mbokmenawa dudu rejekine awake dhewe. Mengko rak Gusti kang paring rejeki,” Nesya ngeneng-nengi Erma.

“Ya wis, Cah. Ayo padha dolanan menyang pasiran wae,” pangajake Putra.

“Yo, gek ndang mrana.”

Nesya nggered tangane Putra lan Erma tumuju pasiran segara Ngeden. Bocah-bocah padha pating jlerit, marani lan ngoyak ombak. Nguwaki pasir lan pendhem-pendheman, mengko yen diparani alun, rikat-rikatan anggone metu saka pendheman pasir mau. Bocah sing padha dolanan ora liya mung Erma karo Nesya. Putra sing wiwit mau ora ketok, jebul ndingkul, uthak-uthik golek anak yuyu ana pasir sisih wetan cedhak gumuk.

“Put, mrene lho kowe ki malah ngapa?”

“Mengko wae Nes, iki aku urung oleh yuyu.”

“Oy, aku ngelih lho Put karo Erma.”

“Nek le ngelih padha wae. Nanging awake dhewe ora padha mbontot, ta?”

“Gajekke ora, ta. Aku ora sangu dhuwit lho yoan,” Erma nyaut.

“Ya dibetah-betahke, mengko baline nek wes edhum piye?” Putra ujar panemu.

“Sarujuk.” Erma lan Nesya nanduki barengan.

Angin sumilir ngalor ngidul, kekayonan dhoyong ngiwa nengen. Wayah tansanya suwe, nanging rasane kaya tambah panas. Ngelingi yen disawang nyatane srengenge wis kaya ning ndhuwur sirah. Nesya lan Erma sing maune gojegan saiki padha ngeyup sangisore wit kambil lor segara. Ora suwe saka kadohan Putra ngawe-ngawe wong loro mau.

“Rene gek mara,” swarane Putra.

“Ana apa?” Nesya takon.

“Pokoke renea sik.”

Bocah wadon loro mau padha keplayu marani Putra sing ngadeg nggejejer ana ing cedhake watu gumuk satengene Putra golek yuyu mau. Ana ing pasir putih, nggletak dhompet ireng sing katon kandel. Putra arep nyekel dompete rasane Wedi, mula Putra ngundang kanca-kancane. Nalika dibukak lan dietung, cacah dhuwit ana limangewu.

“Kepeneran, Put. Awake dhewe ngelih banget iki.”

“Iyo Put, bener kandhane Erma. Ayo dienggo tuku sego ning warunge Mbok Eni.”

Putra namatke bocah wadon loro sing ana ngarepe karo sirahe gedhek- gedhek. Dheweke ora ngira yen kancane isa mikir kaya mangkono. Wis ketok yen iku dudu dhuwite lan ora halal yen dienggo jajan.

“Sangelih-ngelihe awake dhewe, isih mesakke sing duwe dhuwit iki, Nes, Er,” Putra njlentrehke.

“Dadi iki ora sida jajan Put. Alah, Put mbok ayo, ta.”

“Nek ora ya ora. Pokoke dhuwit iki arep takwenehke kang Pariyanto tukang parkir kae. Mbokmenawa ana wong sing nggoleki dhompet.”

“Iya, sakarepmu, mengko yen aku semaput ana kene, kowe lho sik tak kandhakke Mamakku.”

“We, lha kok ngono. Mengko yen kowe semaput, bakale tak-tinggal kene.”

Putra wis ulat madhep ati karep, dheweke lunga marani Kang Pariyanto kanggo menehke dhompet ireng isi dhuwit mau. Erma lan Nesya katon mbesengut lan rupane suntrut namatke Putra lunga menehke dompet. Kang Pariyanto sing ibut ngurus parkir, njingkat nalika tangane digeplek Putra seka mburi.

“Ana apa, Le?”

“Kang, niki kula nemu dhompet ana pasiran. Menawi wonten sing kelangan, kula titipke panjenengan nggih.”

“Wah, elok-elok.”

“Elok napane?” Putra mbatin sinambi kukur-kukur sirah.

Saka mburine Putra keprungu wong-wong padha keplok. Putra banjur mengo, mripate kelap-kelop krasa gumun weruh ana wong sing padha keplok samburine. Wong mau padha nggawa kamera cacaha loro, lan mesam-mesem.

“Pak Bu, wonten napa niki?”

“*Selamat, ya Nak, kamu telah berhasil melewati tes Super Jujur dari DS TV.*”

Ibu sing sing nganggo klambi ireng ngulungake amplop putih sing isine dhuwit.

“Wadhuhhh.....dadi iki mau.....,” omonge Putra ora bisa nerusake ukarane amarga isih kamitenggengen.

Kabeh wong isih padha keplok lan ngguyu. Wusana Putra bisa mesem lan mangsuli.

“Matur nuwun, Bu.”

Putra nampa amplop mau lan ngambung tangane Ibu kasebut.

“*Mari, Nak kita foto bareng dulu.*”

Sawise Putra dijak foto, dheweke diajak maem mi ayam lan es dhawet Mbok Surti. Saklebat Putra kelingan Nesyia lan Erma kancane sing mau krasa ngelih. Putra enggal-enggal marani bocah wadon loro mau kareben bisa maem bareng dheweke. Saben wong sing duweni watak jujur iku mesthi bakal entuk piwales kang tanpa upama saka Gusti kang Welas Asih.

## Oh... Pit Onta

Esuk kuwi Parjo diparani tamu, kanca nalika SD, yaiku Den Rasto kanthi nyandhang mlithit nganggo klambi anyar kang biasa dianggo para *biker* utawa wong kang seneng nyepedha motor. Parjo kang isih sarungan kaget lan takon kenangapa Den Rasto kok gelem mampir ing omahe, omah sing isih gedheg.

“Wonten kersa menapa Den Rasto, kok kadingaren kersa mampir wonten gubug kula?” pitakone Parjo.

“Oh, aku mung mampir, kok. Kelingan kanca dolanku biyen,” jawabe Den Rasto.

“Oh, inggih,” wangsulane Parjo.

“Jo, pit onta antik peninggalan Bapakmu kae isih ora? Yen isih pengin taktuku nganggo rega sing pantes. Oleh apa ora?” pitakone Den Rasto.

“Oh pit onta, menika wonten wingking griya, Den. Biasane kula ngge ngarit damen, lha kula kan nggadhuh sapi tiga, nanging kondisine ya taksih rada sae. Pripun, ta Den, panjenengan rak sampun kagungan pit ingkang puluhan yuta, ta Den?” Pitakon Parjo.

“Yen oleh arep tak tuku 5 yuta, piye oleh ora?” pitakon Den Rasto.

Atine Parjo seneng banget krungu pite meh dituku, ananging merga Parjo kalebu wong kere kang sombong, dheweke banjur ngundhakke rega.

“Menawi 10 yuta kula caoske, Lha pit menika kathah kenangan, je Den. Mboten kula sukakaken menawi mboten diregi 10 yuta,” wangsulane Parjo manteb.

Parjo mesam-mesem. Sajrone ati dheweke wis mbayangke arep oleh dhuwit 10 juta seka Den Rasto.

“Ya wis 6 yuta piye, oleh ora Jo?” pitakone Den Rasto nge-nyang.

“Mboten Den, menawi mboten 10 juta mboten mawon,” wangsulane Parjo ngeboti.

Ing batin, Parjo wis mbayangke menawa dhuwit 10 juta arep diblanjakke macem-macem.

“Surtini pujaan atiku arep tak tukokke kalung lan gelang emas,” pikirane Parjo wis mabur dhuwur.

“Ya wis Jo aku tak pamit dhisik, menawa setuju karo regaku sesuk kowe ngabari aku lan tak jupukke dhewe. Saiki aku tak neruske anggonku pit-pitan,” pamite Den Rasto.

“Nggih Den, ndherekaken lan kula tengga arta 10 juta saking panjenengan, amargi pit menika sampun klebet barang antik lan kathah ingkang madosi,” kadhane Parjo sajak *jual mahal*.

Wis seminggu Den Rasto olehe nganyang pit onthele Parjo, ananging Parjo ora menahi kabar lan persetujuan rega 6 yuta. Parjo yakin menawa Den Rasto mesthi mara dhewe menyang omahe karo nggawa dhuwit 10 yuta, amerga Den Rasto pancen kondhang piyayi kang dhermawan lan cal-cul menawa karo kanca. Sejatine pite Parjo yen direga biasa sejuta wae ora bakal payu merga wis rusak ethek-ethek. Nanging kaya-kaya Parjo kadhung mbayangke dhuwit 10 juta lan atine tambah srakah.

Ora dinyana wis genep seminggu seka dina anggone Den Rasto Rawuh ana omahe Parjo. Dina kuwi Parjo ketemu Den Rasto ana ing dalan salor desane lan katon Den Rasto lagi numpak pit onta sing katon anyar. Parjo kaget banjur ngendheg Den Rasto. Dheweke banjur takon marang Den Rasto anggone arep nuku pit onta antike kang direga 10 yuta.

“Den, emmmm, Den, pripun siyos ta anggenen mundhut pit onta kula?” pitakone Parjo rada glagepan.

“Parjo, sing gedhe pangapuramu, ya. Iki wingi Pardi kanca-  
ne dhewe sekelas ngeteri pit ontane sing lumayan apik. Pite Pardi  
banjur tak dandani lan takpoles dadi kinclong kaya ngene iki.

“Lho, lajeng, lajeng...pit ontane kula?” pitakone Parjo kang  
wis gemeter swarane.

“Lha kowe ora menahi kabar aku, Jo. Tak kira pancen ora  
oleh kanthi rega 5 yuta, dadi aku mutuske nuku pit ontane Pardi  
kang luwih murah,” jlentrehe Den Rasto.

“Nggih sampun, Den, menawi pit kula badhe dipundut 5  
yuta nggih mboten napa-napa, Den. Pun manga,” kandhane  
Parjo memelas.

“Aku njaluk pangapura, Jo. Sajane iki ora babagan dhuwit 5  
yuta utawa 10 yuta Jo. Nanging merga kahananmu. Aku sejatine  
kepingin nulung uripmu kang takdelok isih rekasa, ananging  
sajake kowe pancen ora gelem, lan ora mudheng. Mula dhuwit  
kang meh takwenenhe kowe banjur takplayokke menyang Pardi  
kang pancen lagi butuh dhuwit kanggo pengobatan Ibune kang  
wis suwe gerah. Uripe Pardi pancen ya isih kangelan,” kandhane  
Den Rasto teges lan mrebowani.

Bleret, peteng jagate Parjo. Dhuwit 10 yuta sing ana ing ang-  
gene mabur ora bisa maneh diranggeh. Parjo getun lan sadhar  
menawa duwe ati kang serakah lan angen-angen kang kedhu-  
wuren ora bakal oleh rejeki. Dheweke mung bisa lungguh ndhe-  
prok karo ngucap, “ooooh..... 10 yutaku kabur.”



## **Sing Kurang Ajar Sapa?**

**I**lining tirta saka mendhung kang kasapu lesus murwakani tumapake dina iki. Pedhut kandel ngalingi gedhe dhuwuring gunung kang kasawang netra. Pletheking srengenge tan bisa nembus mega ireng kang katon peteng, persis kaya ulate Kang Tro esuk iki. Rasa gething keburu sengit wus bacut kraket marang lelakon uripe kang sarwa susah. Rasa gething kuwi sangsaya pinunjul nalika eling tindak tanduk lurah anyar ing ndesane.

“Wis Pak, gek diunjuk sik wedange,” guneme Yu Sri, garwane Kang Tro sinambi lungguh ning kursi gapuk samburi omah.

“Sabèn ndina mung ngenee wae, Buu Buu. Wedang ya mung wedang, thok. Pait menèh. Wis jan persis karo uripe,” sambate Kang Tro sawise nyripit wedang ing cangkir putih kuwi.

“Ora ngono, lho Pak. Disukuri apa sing diduweni. Ngono-ngono lho isih isa ngombe wedang teh pahit. Isih ana sing luwih susah tinimbang uripe awake dhewe.” omonge Yu Sri nyaut.

“Ngene, lho Bu. Nek digagas-gagas, kok urip ki sarwa ora adil. Sing sugih mblegedhu nganti bingung piye le arep ngenggokake dhuwite. Coba deloken lurah anyar kae. Gaweyane mung methankring ning kalurahan, nyekel udut karo nyripit wedang, kok isa sugihe ngungkuli presiden. Pol-pole gajine mung rong yuta sesasi. Lha sing mlarat, kelan kamplong we cemplang gara-gara ra nganggo brambang. Atase brambang lho Bu nganti ra isa tuku,” Kang Tro njlentrehake uneg-unege.

“Ya, ngono kuwi, Pak sing marai mlarat. Kakeyan sambat! Wis, wis Pak. Aku arep nandur lombok ning pekarangan mburi. Udan tak tekat. Ben ra mlarat wae.”

“Yo wis kana. Aku yo tak ndhongkeli suket ning kulon luweng.”

Yu Tri banjur menyat tanpa nggubris omongane Kang Tro. Esuk uthuk-uthuk pancen wus dipurwakani kanthi sambat lan adu tembung tanpa ana rasa sukur marang rejeki sing diduweni. Kang Tro pancen gethingan yen nyawang wong sing ketara sugih, ananging saka penghasilan kang ora nggenah. Dheweke wus kadhung sengit marang sapolah obahe lurah anyar sing angkuh ra tau sapa aruh kae.

“Waah. Wis arep tandang gawe iki, Kang Tro,” tembung Kang Dul ngeruruhi Kang Tro.

“Iya iki, Dul. Eh, kowe mau disalip lurah anyar kae ora? Aku disalip ki, blas ra sapa ra aruh. Jian kebangeten tenan, kok,” Kang Tro semaur.

“Lho lha kok padha, Kang. Angkuhe pol lurah anyar kae ki. Eh Kang, rungu rungu, jare kok Dhusun Kepuh iki entuk bantuan dana kopit kopit ngono, lho Kang. Jare saben KK entuk sayuta, lho Kang. Ananging kok ra metu, ya dhuwite,” celathune Kang Dul.

“Covid-19, ta? Lho lho lho. Kok isa ra disalurke ning masarakat ki piye, ta Dul. Apa nggahno dipangan perangkat ya dhuwite?”

\*\*\*

“Sugeng enjing Bapak-bapak. Badhe sami tandang gawe nggih, Pak?” Pak Carik ngeruruhi Kang Tro karo Kang Dul ing ndalan nalika arep menyang alas.

Kang Tro mbatin, “Dhuh cilaka iki. Omonganku mau dimirengke Pak Carik ora, ya.”

“Nggih, Pak. Nyuwun ngapuntèn Pak, badhe nyuwun pirsá. Menapa leres Dhusun Kepuh menika angsal bantuan dana Covid-19, nggih Pak? Kok dereng medal artanipun dumugi masyarakat?” Kang Tro manek-manekake takon marang Pak Carik.

“Nyuwun pangapunten, Bapak-bapak. Mboten wonten dana bantuan masuk desa menika. Menawi wonten, kedah lewat Pak Lurah rumiyin lajeng diurus kaliyan Danarta,” Pak Carik mangsuli.

“Oalah nggih mpun, Pak namung tanglet,” Kang Tro wangsulan.

“Nggih mpun, Pak nek ngoten. Kula tak lajeng rumiyin,” Pak Carik pamit.

“Mangga-mangga, Pak,” Kang Tro karo Kang Dul semaur bareng.

“Woo, lha kesimpulane dhuwite dipangan lurah anyar kae Dul. Woo lha njaluk diplirit godhege. Ayo ayo ndang lapor RTne dhisik,” Kang Tro ngajak Dul.

Wong loro mau banjur golek massa lan ngumpul ning ndaleme Pak RT. Kanthi rasa gething lan emosi, warga Dusun Kepuh dhemo ning ndaleme Pak RT, ngajak RTne dhemo ning nggone Pak Lurah. Warga wus kadhung abang kupinge. Ora nrimani yen dhuwit warga dipangan lurahe. Pepak. Ibu-ibu, bapak-bapak malahan kadang wredha muda melu dhemo. Ana sing dhasteran, krangkengan, keburu ra nganggo ndhuwuran.

“Dhog, dhog, dhog, dhog.”

Para warga ndhodhog lawang omahe Pak RT. Paaaaak. Pak RT. Medal Paaak! “Kang Tro nyeluk sinambi ndhodhok lawange Pak RT.

“Lho lho. Wonten napa menika Bapak-bapak, Ibu-ibu?” Pak RT metu saka ngomah lan kaget pirsane para warga ngumpul ning ngarep omahe.

“Lurahe didhunke wae Pak jabatane! Ra guna. Pilihan modal dhuwit satus ewu wae kok bangga. Saiki malah nyusahke rakyat,” Kang Dul celathu sora marang Pak RT.

“Mangke riyin Pak. Masalahipun kula dereng ngertos. Wonten punapa?” Pak RT sangsaya bingung.

“Woo, lha njenengan ki dadi RT kok nggih mboten *update* berita, ta Paaaaak. Ngeten lho Pak, Dhusun Kepuh menika angsal bantuan dana Covid-19. Saben KK setunggal yuta, lho Pak. Lha menawi ditotal, sadhusun kumpul dana satus yuta, Pak. Kok saged mboten cair artane? Positip dimamah lurah anyar Pak menika. Namung panjenengan ingkang masarakat percaya Pak. Dospundi menika?” Kang Tro njlentrehke

“Leres, Pak. Direwangi niba tangi megawe ananging hasile ra sepirawa kok ana bantuan malah ra disalurke. Omah gedhek taksih dipuntrimani. Lara ati kula, Pak. Layak wetenge lurah anyar kae ki gedhe. Senengane mangani dhuwite warga. Kurang ajar kuwi, Pak. Mboten trima kula,” Yu Sri nyaut tembung Kang Tro kanthi kuping abang kang mangar-mangar.

“Ampun kemrungsung nemtokaken rumiyin, Pak, Buk. Panjenengan sedaya mboten saged nudhuh Pak Lurah mekatèn. Pak Lurah menika tiyang sae. Mboten mungkin Pak Lurah ngantos tega mangan arta warga. Malahan panjenengan sedaya saged dipunkunjara amargi nudhuh ingkang mboten mboten. Mbok menawi nembe dipunproses kaliyan Pak Lurah. Sami sabar kemawon,” Pak RT semaur.

“Mbelgedhes! Wis, Pak. Njenengan niku. Kok malah mbelani lurah. Ayo dhemo ning nggone si lurah anyar kae!” Kang Tro nyaut tembung sinambi nyeret Pak RT ning ndaleme Pak Lurah.

Jam wis nuduhake tabuh 12. Kahanan sangsaya panas nalika baskara wus gagah sumunar ing langit Kepuh. Ora ana sriwih-sriwih angin awan kuwi. Manuk, pitik, sapi, lan kewan kewan liyane cep cilep. Kaya-kaya arep melu ngrungokake tetembungan warga marang lurah enggal. Warga isih abang kupinge. Kabeh wus nyiapke tembung kanggo nyemprot si lurah anyar.

“Pak Luraaahhh. Medal Paak!” Kang Tro nyeluk.

“Njaluk dilagar apa piye omahe yen ra gelem metu,” Kang

Dul ngububi. Pak RT meneng tanpa sambung. Karo mbukak lawang, Pak Lurah semaur.

“Wonten napa Bapak Ibu. Kok rame-rame.”

“Mboten usah akting, Pak. Njenengan beta teng pundi arta rakyat? Sampun pinten yuta arta rakyat ingkang sampun njenengan dhahar? Ndhahar dhuwit rakyat, kangge mangsulaken modhal nalika badhe pilihan? Nggih? Pancen sekeca Pak, ananging masarakat sing cilaka,” Kang Tro ngegas.

Pak RT isih meneng nyumurupi kahanan.

“Pak RT, mbok ya nggih tumut semaur, to Pak. Wong njenengan dijak mriki supados saged mbelani rakyat kok malah cep-cilep,” kandhane Yu Sri sinambi mencerengi Pak RT.

“Njenengan niku salah kok, ya nggih. Ngajak kok ngajak Pak RT. Wong Pak RT nggih tumut ndhahar dhuwite,” celathune Pak Lurah sante.

“Wheela..... Sing kurang ajar, ki sapa?”

## Lotis

Umpama urip iku legi kaya gula uwis tak entekke kawit wingi. Jenengku Rizal saka cilik aku wis dadi yatim, amarga bapakku seda kawit aku umur 3 lapan. Atiku rasane kaya disigar, remuk nganti ambyar, jenenge ditinggal bapak. Saiki umurku uwis 17 taun, nanging saben-saben aku kudu teteg lan bakoh ngadhepi urip sing ajur iki. Dina-dina takliwati nganggo rasa seneng, susah, nglokro, kuciwa. Sakora-orane dalan uripku wis dadi dalane Gusti Allah. Ya wis ben supaya aku dadi wong lanang sing isa dadi tuladha marang sapa-dha-padha.

Kanggo nutupi lara iki, aku kerep dolan karo kanca desaku. Ana kanca cedhak sing saben dina menehi wejangan. Kancaku sapantaran jenenge Panji wonge bagus, pinter, bapak lan ibune isih sugeng kabeh.

“Esuk-esuk penake ngombe kopi, mangan gethuk goreng karo sambat-sambat sithik, ana apa ta sajake kok ulatmu susah nanging lambemu mesem?” pitakone Panji,

“Apa ya bener, ta Nji menawa urip iku sawang-sinawang. Apa ya kudu ngrasakke lara ati sing kepati-pati kaya ngene, ta Nji. Aku kangen Bapak, aku pingin ketemu senadyan mung sedhela,” kandhaku karo ndhungkluk mbrebes mili.

Panji sing lagi mangan gethuk menyat. Gethuk diselehke banjur nyedhak lan gelap eluhku sinambi ngelus gegerku.

“Umpama urip kuwi ora ana paite, aseme, karo legine ora bisa disebut lotis.”

Batinku mangkel kok sajake Panji kuwi malah ngrembug lotis.

“Kowe ki kok mokal, ta. Aku iki sambat ngene malah kowe ngomongke lotis. Tak lotis sisan lambemu.”

Panji pancen ngono kuwi, pinter nanging kadhangkala kaya cah koplo.

“Tak omongi, ya Zal, kowe ngerti lotis kae, ta? Lotis kae warna-warna buahe, sik sepet ana, pait ana, legi ana. Nanging yen wis dipangan lak ya enak, ta? Ya, kaya urip iki warna-warna kahanane,” semau Panji karo nyaut gethuke meneh.

“Bener, ya Nji kandhamu. Umpama aku ora ngrasakke pait ngene, aku ora isa ngrasakke nikmat rejeki sing diparingake Gusti Allah. Ha, ya ngono kuwi uripku, ana siji maneh ngapa kok rodha pit kuwi mesthi mubeng? Mergane roda bentuke bunder, njut sudhute barang 360°, dadi ya isa mubeng. Piye, ta kowe ki aneh-aneh wae,” wangsulanku karo jengkel.

“Hahahaahahaha, pancen polos tenan kowe ki, Zal. Tak-kandhani rodha kuwi ibaratna uripmu saiki. Rodha kuwi kaya urip mesthi mubeng. Ya, kowe saiki lagi ning ngisor, nanging ora salawase kowe ning ngisor. Ana wayahe kowe ganti ning ndhuwur. Carane supaya kowe isa ngowahi uripmu saiki, ya ngobel karo nggenjot nanging udu nggon pedhal pit, lho. Ananging sregep sinau nyuwun pangestune Ibu karo ngibadahe aja nganti lali. Kuwi sing paling utama. Tetep semangat, eling Zal urip kuwi dilakoni ora mung disambati. Dhong ora kowe? Aja malah nangis wae,” omonge Panji karo nyengak.

Aku sing ngrungokke wejangan Panji saya nangis, amarga omongane sing nrenyuhake nanging marai nggugah semangat.

“Saiki aku uwis ngerti, Nji ngapa aku diparingi kahanan kaya mangkene supaya aku luwih dadi bakoh karo tetep bersyukur marang Gusti Allah. Kok kowe kuwi kayane ora tau nglokro, susah, pa sambat, ta Nji? Uripmu manis terus, pa? Kaya manis eseme Dhik Kunthi.”

Panji mesem, nyelehke udude banjur omong, “Aku mono wonge los dhol. Arep diparingi seneng aku gelem, diparingi sedhih mboten napa-napa, mergane yen awake dhewe sregep bersyukur bakale seneng, aja malah seneng dhisik lagi bersyukur malah ora berkah. Ya iki kunci urip seneng amarga kabeh taksyukuri supaya ora rekasa. Nek eseme Dhik Kunti mung marai ngelu. Lha gur semu, hahahahahahaha.”

“Anak lanange Bu Bambang iki pancen idhaman tenan. Aku seneng bisa kenal karo kowe saka cilik nganti gerang ngene, awakmu kuwi nuladhani aku dadi luwih apik, Ndhess,” alemku kanggo Panji.

“Sik, tenang. Aku uwis nganggep kowe kuwi sedulur lanangku. Aku bakal ana nalika kowe ambruk lan ngancani kowe pas seneng. Ya, ra Bangg jagoooo?” panyaute Panji.

“Sakjosse, Lik. Aku bocahmu, Ndannnn,” omongku nangingepi omongane Panji karo nyaut sandhal amarga ditimbalu Ibuku didhawuhi isah-isah piring karo gelas.

Saka gojeganku karo Panji, aku saya semangat lan ana sing bisa takugemi, yaiku ora wedi rekasa menawa pingin urip mulya.



## Pratignya

*“Terdengar lirik bisikanmu..  
diantara bayang-bayangmu...  
Terucap kata cinta  
Yang dulu tersimpan  
Dan tak mau pergi*

Kuwi lagu tahun 1994, judhule “*Aku Mulikmu*” saka album Dewa 19, lagu kang tau disenengi bulikku, critane Ibu marang aku. Hmmmm aku wis krungu crita cintane Bulik, ya seka Ibuku lan Bulikku dhewe.

Nalika kelas 2 SMP Bulik kudu ndherek pindhah Eyang menyang Klaten. Ing kutha anyar kuwi Bulik pindhah sekolah. Ndilalah merga bijine apik, Bulik bisa mlebu sekolah favorit seka SMP tekan SMA. Merga grapyak lan seneng srawung Bulik gampang entuk kanca. Bulikku asmane Arum. Ora mung ing sekolah, ing lingkungan RT Bulik ya terkenal grapyak lan gelem srawung, ora mbedak-bedakke wong. Mula ora gumun akeh tangga sing kesengsem, kepara “*jatuh hati*” marang Bulik Arum. Ana sawijine tangga kang banget senenge karo Bulik Arum, jenenge Sindu. Eyang lan wong tuwane Sindu pancen tangga lan wis kenal.

Omahe Sindu lan Bulik mung beda gang nanging isih sa-RT. Sindu mlebu SMA luwih dhisik setaun tinimbang Bulik. Umure Sindu luwih tuwa setaun tinimbang Bulik. Bulik Arum sejatine ora ngerti yen jebul Sindu duwe rasa seneng marang Bulik. Sindu bocahe dhuwur, mung dhuwur nglencir, nanging ketok gering. Sekawit Bulik nganggep Sindu kaya kanca biasa,

nanging suwe-suwe Sindu nuduhake glagat menawa “jatuh hati” marang Bulik. Dhasar Bulik Arum ya lugu, dheweke gelem didolani lan diajak dolan karo kanca-kancane Sindu.

Saya suwe sesambungane Sindu lan Bulik Arum saya cedhak. Kekarone kerep melu kegiatan ing kampung, dadi kaya-kaya kabeh wong wis mangerteni menawa Bulik lan Sindu wis dadi pacangan. Kepara meh saben kegiatan kang dilakoni Bulik, Sindu mesthi ana ing kono. Ing sekolahane Bulik, Sindu uga sok “nam-pang”, apameneh nalika Bulik Arum kepilih dadi Tim Paskibra. Antar jemput latihan ora nate lowong. Sindu katon mongkog banget weruh ‘kekasih atine’ duwe prestasi kang onjo. Ewa semono, Bulik Arum isih nganggep Sindu mung kanca cedhak, ya merga isih tangga lan keluargane Sindu ya cedhak karo Eyang kakung putri.

Sawijining dina, Sindu kok kadingaren kepingin ketemu Eyang Putri. Jebul dheweke ngesok isi atine sing wose tresna marang Bulik Arum. Eyang Putri rada kaget. Seprana-seprene jebul Sindu ngendhem rasa marang Bulik Arum. Eyang mung banjur ngendika menawa Sindu kudu sabar sik. Eyang Putri banjur akeh-akeh ngandhani marang Bulik Arum wose ngenani paugeran sesambungan antarane wong wadon lan wong lanang sadurunge resmi dadi jatu kramane. Bulik Arum manut ngendikane Eyang Putri. Sangarepe Sindu Bulik Arum tansah njaga rasa pangrasa lan tindak-tanduke, merga Bulik Arum rumangsa menawa isih keturunan wong aluhur. Mula sakabehe kudu ditata.

Meneri 17 Agustus 1999, Sindu ngeterake Bulik tugas ing alun-alun dadi petugas pengibar bendera tingkat Kabupaten. Kaya-kaya entuk angin, Sindu nakoni Bulik, apa Bulik tresna marang dheweke. Gandheng ya wis suwe anggone bebareng, lan Bulik uga ketoke wis ketaman mantra “tresna jalaran saka kulina” mula, Bulik manthuk lan ngendika, “ya, aku ya seneng kowe.”

Mantra “17 Agustus 1999” kuwi dadi cekelane Sindu kanggo nduweni Bulik Arum. Kurang apa meneng, Bulik Arum putra putrine wong aluhur, saka kluwarga kang banget diajeni tangga teparo, lan apik sarta alus bebudene. Saiki, neng endi wae Bulik Arum mesthi dikancani Sindu. Sapa wong sing katon cedhak karo Bulik Arum mesthi bakal “digrawut” dening Sindu. Sindu kaya wis nduweni hak sawutuhe marang Bulik Arum. Tekan endi-endi sumbare Sindu ngaruhara, merga wis bisa nduweni sawijining putri idhaman. Nanging jenenge jalma, kadhang tan kena kinira.

Solah tingkahe Sindu kuwi meneng-meneng dititoni dening Eyang Kakung lan Eyang Putri. Yuswa kang wis sepuh ndadekake eyang kekaro bisa mirsani apa kang disidhemake dening Sindu. Jer eyang kuwi priyayi luhur, dadi samubarang kang diraosake ora bakal dimangerteni dening liyan. Lan menawa Eyang kagungan kersa meshi bakal ngayahi kanthi becik lan temata. Kepara wong ora bakal ngerti menawa Eyang duka utawa jengkel. Mung Bulik Arum dhewe sing ngerteni sipate wong tuwane sakloron.

Pranyata jiwa mudha tansah akalung “tresna jalaran saka kulina”. Sindu kang bocahe rada “dhat-nyeng”, rada tuna anggone tata krama tansah ngodor wae marang Bulik Arum. Suwalike, Bulik Arum kuwi wanita kang setya. Tansah ngudi apa kang wis diwiwiti supaya becik pungkasane. Dadi, ala becike Sindu ya bakal dadi bageyaning laku uripe Bulik. Bebuden iki kaya-kaya adhedhasar wulangane Eyang menawa wis wani miwiti sawijining pakaryan ya kudu setya ing dalan nganti tekan pungkasan. Nanging jiwa mudhane Bulik kaya-kayane mrucut anggone ngejawantahke piwulange Eyang mau. Ana sing aneh ing sesambungane Bulik Arum karo Sindu, saben-saben Bulik Arum ketaton atine dening Sindu, kaya-kaya Bulik Arum angluh, ora duwe daya kanggo takon, kepara ora bisa nanjihke

kepriye sajane karepe Sindu tumindak kaya mangkono. Kahanan kaya mangkene ndadekake Sindu saya ndadra, apameneh kahanan wong tuwane Sindu kang saya sugih, saya ndadekake Sindu ngawu-awu anggone angkuh.

Nganti sawijining dina, ing taun kawolu. Sindu lan kluwargane nembung Bulik Arum. Eyang Kakung Putri katon rada kurang sreg, nanging nyipati Bulik Arum kang wis kelet karo Sindu, ya mung nrima ature kluwargane Sindu senajan durung kersa nemtokake dina. Bapak Ibune Sindu lan Sindu janji pertengahan taun meh nglamar Bulik Arum. Bungah rasa atine Bulik Arum. Sakal maneka werna babagan polah tingkahe Sindu kang biyen naton atine Bulik Arum kaya lebur. Wektu tansah lumaku. Bulik Arum wis nyambut gawe ing Semarang, lan Sindu cekel gawe ing Jakarta melu kontraktor. Wiwitan taun kuwi dadi taun kabungahan marang Bulik Arum.

\*\*\*

Nunggu pancen dadi gawean kang marakke dheg-dhegan. Mangkono uga kang dialami Bulik Arum. Januari, wiwit seka Sindu nembung serius, Februari, Maret, April diliwati Bulik kanthi menyibukkan dhiri, supaya ora pati krasa suwe anggone nunggu pertengahan taun. Tiba ing pertengahan sasi Mei, pas minggu kepindho Mei, wektu iku Bulik lagi mudhik ing Klaten. Kaya biasane, Bulik Arum menyang Masjid saperlu salat. Ndilalah ketemu karo Pak Arif, guru ngajine Bulik jaman cilik. Pak Arif ngerti menawa Bulik Arum duwe sesambungan karo Sindu.

Ora dinyana Pak Arif kaya rada kaget ketemu Bulik Arum. Kaya ana babagan kang kesimpen ing atine. Patemon sore kuwi kaya patemon kang kagok. Kaya ana sawijining crita kang kudu dijlentrehake supaya babar. Nanging apa?

“Rum, apa kabarmu? Apik-apik wae, ta?” pambukane Pak Arif takon.

“Inggih, Pak. Kok kados wonten ingkang wigatos?” Bulik nanjihke.

“Hmmm...kapan kowe ketemu pungkasan karo Sindu, Ndhuk?” pitakone Pak Arif saya nambah cubriyane Bulik Arum.

“Emmm...Januari, Pak...lha wonten wigatos menapa?” pitakone Bulik Arum ndhedhes.

Bulik mangsuli pitakonane Pak Arif, yen pungkasan ketemu ya sasi Januari awal taun kuwi, lan nyritakake yen Sindu arep nglamar Bulik sesasi utawa rong sasi meneh. “Astaghfirullah” Pak Arif kaya setengah njundhil krungu wangsulane Bulik Arum. Bulik Arum luwh kaget, ana apa iki, kok nganti Pak Guru kaya kaget weruh gendruwo.

“Wonten napa, Pak guru?”

“Ora, ora kok...wis kana salat dhisik, mengko wae crita sawise rampung anggonmu salat,” wangsulane Pak Arif karo ngadoh.

“Wah Pak Arif, nggih mboten saget menawi mekaten. Kula malah kepikiran mangke. Le salat mboten saget khusyuk, wong malah dados penasaran.”

Pak Arif unjal ambegan.

“Ngene, Ndhuk.. nanging iki tenan, kowe durung ketemu Sindu maneh wiwit Januari wingi?”

“Inggih, saestu, Pak Guru”.

Pak Arif banjur dhadha.

“Dadi ngene Ndhuk, aja dadi atimu, ya. Awal sasi iki, ya awal Mei iki, Kangmasmu Sindu ki teka neng omahku karo bapak ibune saperlu njaluk tulung supaya aku gelem nglamarke Suprihatin ing Garut kana. Nanging aku ora saguh, wong ndilalah ya ngepasi ana acara kulawarga sing ora bisa daktinggal.”

Kanthi lugu ora duwe pikiran neka-neka Bulik Arum takon, “wah, Warsi pun badhe nikah napa, Pak? Ndhisiki Mas Sindu kaliyan kula? Hehehe.. pikantuk tiyang Garut, napa?”

Nyipati tanggepane Bulik Arum, Pak Arif saya bingung anggone njelentrehke. Dhewehe sajak ngerti kahanan kang lagi diadhepi. Mula kanthi swara rada gemeter Pak Arif negesake critane.

“Kok Warsi, ta, Ndhuk. Masak wong wedok nglamar?”

“Lho, lajeng.. sinten ingkang badhe lamaran dateng Garut?”

“Janji aja kaget, ya. Sing arep njaluk dilamarke ki, ya kangmasmu Sindu. Calone ana ing Garut kana. Mula aku takon, kapan kowe pungkasan ketemu Sindu?”

Mak clep, mak jleg. Kaya ditatab gandhen dhadhane Bulik Arum. Sakal tutuk ora bisa kumecap, kekunci rapet pet.

“Ndhuk..” Pak Arif mbuyarake lamunane Bulik Arum. “kowe ora arep semapat ta? Ayo salat sik sing khusyuk ya.”

Nanging, kaya ana angin kang nyurung kekuwataning ati Bulik Arum. Sakal Bulik Arum takon, “Lajeng, kapan anggane Mas Sindu kaliyan calone badhe nikah, Pak Arif?”

“Aku ora ngerti, Ndhuk. Nanging wong perumahan kaya-kaya wing padha ngerti. Lha, Sindu dhewe ngomong nek dhe-weke wis ora duwe sesambungan karo kowe, Ndhuk lan dheweke ya omong menawa kowe wis sarujuk karo rencanane dheweke.”

Jleg, sepisan maneh Bulik Arum ketaton. Cetha-cetha menawa Sindu, bocah lanang dhat-nyeng kang dibelani seprana-seprene mung ngapusi dheweke, Eyang Kakung Putri, tangga teparo, lan Pak Arif gurune ngaji. Kepriye saiki dheweke kudu matur marang bapak ibune. “Mesthine Rama lan Ibu wis pirska kabar iki sajrone aku ora ana ing Klaten,” batine Bulik Arum. Bulik Arum kaya lagi ngadhepi watu gedhe kang meh ngglundhung ngemblegi awake. Sindu, Sindu....ehalaaahh jebul mung cethek utegmu. Kowe mung nggugu dhengkulmu kanggo mlaku, ora mikir kahanan kisruh kang wis mbokgawe. Ing sela-selaning cuwa, bulik isih kepikiran kaya mangkono. Sepisan maneh, kepriye anggone matur marang rama lan ibune. Bulik Arum kuwatir.

Apa kang luwih dikuwatirke dening Bulik Arum pranyata ora kelakon. Eyang kakung putri ora duka marang Bulik Arum, senajan ora maido menawa slirane kekalih nandang sungkawa lan isin karo tangga teparo merga cetha-cetha diapusi lan diasorake dening keluwargane Sindu. Pancen rada suwe Eyang lan Bulik Arum nentremke ati sawise sasuwene iki nampa kahanan kang banget nguciwani. Nanging, keluargane Eyang tetep ngupaya supaya tansah tenang. Ya, iki kang banget disyukuri dening Bulik Arum. Dilairke seka kluarga ngaluhur kang tansah bisa nglakoni urip kanthi syukur.

“Ndhuk Arum, “ ngendikane Eyang Kakung.

Swara kang mangaribawani kuwi kaya gandhen kang natab dhadhane Bulik Arum, senajan mung dingendikakke kanthi alus. Bulik Arum mung tumungkul ora wani ndhangak.

“Arum, rungakna ngendikane Ramamu, ya,” ngendikane Ibu .

“Pancen ora gampang nampa kahanan ini. Rama ngerti menawa kowe rumangsa ditampeg raimu. Isin, gela, mangkel, lan sapiturute kang ora kena diungkapke. Rama ngerti. Rama lan ibu uga rumangsa kaya mangkono. Nanging ora ana lelakon kang mlaku tanpa sawijining sulih kanggo dimangerteni manungsa kang nglakoni. Aja rumangsa mangkel kok Gusti paring lelakon kaya ngene iki marang kluwargane dhewe. Gusti wis nata sakabehane. “

“Nanging, Rama.... “ Bulik Arum ora bisa nerusake tembunge merga banjur nangis.

“Rama ngerti, Ndhuk. Ana rasa syukur kang bisa dipethik, yaiku awake dhewe diparingi pirsaning wiwitan lakon dening Gusti kango nyinau sipate menungsa. Awake dhewe diparingi pengalaman kaya mangkene iki luar biasa. Menawa dionceki mbokmenawa Gusti arep paring pituduh. Bebasan aja tuku kucing sajrone karung... kowe ora bakal ngerti kucing kuwi

gudhigen apa ora, lara apa ora, apa malah kena rabies. Nah, Gusti paring pituduh. Sadurunge karung kuwi dituku awake dhewe pranyata awake dhewe wis ngerti menawa isine karung kuwi jebul kucing kang gudhigen, lara, lan kena penyakit. Cetha banget ta saiki. Apa gelem kowe dadi siji uripmu karo kucing kang duweni penyakit. Rak emoh, ta. Mula iki mujudake syukur, Ndhuk. Uripmu isih dawa, mbesuke kowe bakal mbangun bebrayan kang luwh bener lan pener. Bakal ana anak turunmu, lan Gusti uga paring pesen kanggo anak turunmu lumantar pengalamane kluwarga iki, Ndhuk. Mula ayo gumregah ngadhepi urip kanthi ati wening lan tansah monjuk syukur marang kang Gawe Urip. Aja mandheg ing sungkawa, jer urip iki mung mampir ngombe. Awake dhewe sadrema nglakoni lan ndudut pasinaone urip kang ngemu maneka rasa. Sing ala kanggo cathetan lan sing becik kanggo cekelan kang bisa ditularke marang liyan.”

Kaya siniram banyu kembang kang anyep. Rasane nyess tekan jroning ati. Kabeh kaya padhang meneh donya ing ngarepe Bulik Arum. Pengalame Bulik kang kepungkur iki mung kaya cuilan krilil kang natab awake Bulik merga kesaput angin gedhe. Isih akeh kahanan kang nyenengake lan isih jembar kalangane kanggo ngayahi urip lan gawe kabecikan marang liyan. Ora kosok baline.

Sajrone batin Bulik Arum banget monjuk syukur dilairake ing kluwarga iki. Rama lan Ibune pancen kagungan ati segara. Ati segara iki kang tansah bisa ndunungke lakune Bulik Arum sabanjure. Mula Bulik Arum banjur pratignya menawa uripe kudu migunani marang liyan.



## Kejelong

“Lina, kowe kuwi ngapa?” Ratri mbengok saka ngarep kelas.

Lina kang wiwit mau mung njoget-njoget ana ngarep HPne. Iya pancen Lina seneng banget anggone joget. Nanging, iki beda. Beda karo jogetan sing diugemi Lina wiwit cilik.

“Lin, Kowe kuwi ngapa ta?” Ratri mbaleni nyeluk.

Maneh-maneh Lina ora mangsuli. Ratri nganti gembreget, dheweke banjur marani Lina lan nggeret tangane.

“Kowe kuwi njangan gori apa kepiye, ta Lin? Dicheluk ora mangsuli mengo ya ora,” omonge Ratri katon suntrut praupane rada mangkel.

“Iki lho wis jam mulih sekolah kowe arep bareng, ora?”

“Iya... melu tunggu sik ya, aja ditinggal!”

Lina gage nutup HPne lan njupuk tas mlayu nggendring nyusul Ratri kang wis nunggu. Lina lan Ratri pancen wis kekancan wiwit cilik runtang-runtung. Omahe uga sadesa. Saben dinane bocah loro kuwi nindakake apa wae bareng-bareng. Nanging, watake Lina lan Ratri pindha bumi karo langit beda banget. Yen didelok saka uripe, Lina kang anake pejabat dene Ratri mung anake buruh jahit. Awan kuwi panase sumelet kadya mecah-mecahna gundhul. Panase ora karuwan.

“Kowe mau durung jawab pitakonku, lho Lin?” pitakone Ratri karo ndemok pundhake Lina.

“Pitakon sing endi?” wangsulane Lina cekak kang isih sibuk nyekeli HPne.

“Sing neng sekolahan mau, lho. Njogat-njoget ning ngarep HP?” Lina babar blas ora kumecap.

“Lin, kowe kuwi yen ditakoni mbok ya semaur,” sepisan maneh Ratri kudu mbengok.

“Iki lho lagi neng dalan ora gur nyekeli HP wae. Aku iki takon. Awas kowe yen kejeplong,” bacute Ratri.

Durung wae mingkem.

“Dhuh... lara sikilku Tri.”

Apa sing diucapke Ratri kadadean. Lina kejeplong dalan lowangan bolong. Aneng njero atine Ratri ngguyu kemekelen.

“Rak ya tenan, ta. Kowe kuwi yen dikandhani ngeyel. Neng dalan ki aja dolanan HP emane mung kejeplong nek ditabarak piye, jal?”

“O... ngono malah ngece ra gelem nulungi ya wis ora apa-apa,” wangsulane Lina nesu.

Lina banjur tangi dhewe lan mlaku rikat ninggalke Ratri. Ngerti ngono Ratri uga ora mung meneng, dheweke ngoyak Lina arep njaluk ngapura. Ratri pancen ora duwe niat arep ngece. Kuwi kabeh mung dianggep guyonan. Ananging, Lina wis kebacut mangkel. Ratri mbengok nanging tetep ora digagas. Dioyak lan dibengoki kaya apa mesthi Lina ora gelem. Wiwit kuwi kekancane Ratri lan Lina dadi adoh. Ratri milih mulih mlaku dhewe. Mak tratap keprungu klakson montor saka mburi. Jebul Pak Lurah, bapake Lina.

“Lho... Ndhuk kok mulih dhewe. Lina ana ngendi?” pitakone Pak Lurah mandheg.

“Emm... nyuwun pangapunten Pak, Lina sampun wangsul rumiyin Pak,” wangsulane Ratri lirih.

Ratri wedi yen mengko pak lurah bakal duka. Kanthi tekad madhep lan mantep Ratri crita marang pak lurah kedadeyaan sabenere. Ratri uga ngakoni yen dheweke salah. Kringet anyep wiwit nelesi raine.

“Piye iki yen perkarane dadi dawa?” Ratri mbatin kanthi awake kebak kringet.

Plong.... pak lurah ora duka. Ratri dadi lega, amarga pak lurah ngerti yen Ratri kuwi pancen bocah kang apik lan duwe tata krama marang sapa wae. Pak lurah banjur ngajak mulih bareng Ratri. Sedhela wae wis tekan. Ora lali Ratri matur nuwun.

“Wis mulih, ta Ndhuk? Kowe mau bareng karo sapa kok Simbok krungu swara montor?” pitakone Rubiyem, simboke marang Ratri sing lagi wae mlebu omah.

Mbok Rubiyem rambute wis wiwit putih uga kulite wis ora kenceng maneh. Anggone urip mung prasaja wae.

“Inggih, Mbok. Sampun. Emm wau sareng kaliyan Pak Lurah.”

“Lha kok karo Pak Lurah, Apa ora bareng Lina?” Rubiyem kang lungguh ana kursi banjur ngadeg krungu wangsulane anake.

Ratri bingung arep mangsuli kepiye. Dheweke uga ora wani yen kudu ngapusi simboke. Gelem ora gelem kudu crita marang simboke.

“Walah, Ndhuk kok kaya ngono. Simbok dadi ora kepenak karo Pak Lurah. Wis saiki kowe ganti, maem, gek menyang nggone Lina njaluk ngapura. Sanadyan pak lurah wis ngapurani ananging, atine simbok tetep ora tentrem.”

Rubiyem kelingan yen pak lurah wis apikan karo dheweke uga Ratri. Yen ana perkara cilik wae mesthi diwangi karo pak lurah.

“Inggih sendika dhawuh, Mbok.”

Ratri banjur mlaku tumuju mburi nindakake apa kang dadi kekarepane simboke. Wis rampung, Ratri menyang omahe Lina. Ora lali pamit marang Simboke. Omahe Lina sepi. Ratri nyoba ndhodhog lawang.

“Kula nuwun.... Lina, kula nuwun..,” ucape Ratri sinambi ndhodhog lawang ping telu.

Ora suwe keprungu swara saka jero omah.

"O... kowe Tri. Kene lungguh kene sik. Ana apa, ya?"

"Inggih, Pak matur nuwun. Menika, Pak badhe pinanggih Lina. Wonten boten nggih, Pak?"

"Ana, kok ndhuk sik tak celuke, ya."

"Nggih, Pak matur nuwun."

Ora suwe Lina banjur jedhul. Praupane isih katon mangkel. Ora lali HP tansah ana ing tangane.

"Ngapa kowe rene?" pitakone Lina rada sengol, sajake isih mangkel.

"Iya, aku rene merga arep njaluk ngapura karo kowe. Kowe gelem ta ngapurani aku?"

"Ya embuh ndelok sesuk."

Dumadakan pak lurah bali jedhul karo nggawa wedang lan ngendika, "Ndelok sesuk piye, ta Ndhuk yen sesuk ki nunggu apa? Kowe cah loro ki rak ya wis kekancan suwe mbok ya uwis. Kuwi mau iya gur prekara cilik."

"Lho.. Bapak kok malah mbelani Ratri ora mbelani aku?" wangsulane Lina sora.

"Wis... wis... wis. Saiki bapak butuh kowe cah loro. Desane awake dhewe iki lho arep ambal warsa. Bakal ana acara tirakatan. Nah, kowe kabeh karo para wiranem liyane kudu nyengkuyung acara iki."

"Nyuwun pangapunten, Pak nyengkuyung priipun, Pak?" Ratri nyela ngendikane pak lurah.

"Mau pas rapat ana ing kelurahan yen para wiranem kudu nyengkuyung kanthi cara ngrawit. Saka pihak kelurahan uga gelem mbiyantu. Nah, saiki tak takon kowe cah loro rak ya padha setuju, ta?"

"Kula sarujuk sanget, Pak," wangsulane Ratri kanthi semangat.

Ratri pancen bocahe seneng bab budaya Jawa.

"Kowe rak ya setuju, ta Lin?" bacute Ratri.

“Ora, aku ora setuju. Apa kuwi ngrawit saiki wis ora jamane. Saiki jamane wis beda. Aku pokoke wegah lho, Pak. Pisan wegah, ya wegah.”

“Yen kowe ora gelem ngrawit bisa liyane ta, Ndhuk. Kowe bisa njoget kanggo miwiti adicara iki. Kae lho sing kowe tau menang lomba jaman SMP dhisik.”

Lina ora mangsuli babar blas. Tinimbang dadi dawa pak lurah ora meksa.

“Tri sesuk latihane jam wolu esuk ana kelurahan ya. Aja lali, lho.”

“Nggih, Pak siap. Menawi mekaten kula badhe nyuwun pamit, Pak. Bali sik, ya Lin.”

“Iya, Ndhuk ati-ati, ya,” gendikane pak lurah, dene Lina mung meneng wae ora kumecap apa-apa.

Cahyaning surya wis mlaku mangulon. Simboke Ratri wis gliyak-gliyak mlaku tumuju omah. Semana uga Ratri. Jebul anggone tekan ngomah bareng. Angine sembribit hawane adhem uga katon sepi ing sajroning omah kang mung nganggo tembok gedheg iki. Mung keprungu swara kodhok lan jangkrik ana neng sawah. Bubar mangan bareng Simboke Ratri banjur mlebu kamar.

“Kowe kuwi kenapa ta, Ndhuk? Simbok ndelok katon sedhih.”

Rubiyem mlebu kamare anake lan lungguh ana jejere.

“Wis saiki matura sing cetha!” Simboke mbacutke tembung.

“Mekaten, Mbok. Lina boten purun ngapurani kula. Same-nika Pak Lurah nyuwun kula mbiyantu ngrawit kangge acara tirakatan ambal warsa desa.”

“Malah apik, ta Ndhuk. Simbok ndelok kowe seneng bab Jawa, ta? Ning kok kowe malah sedhih?”

“Lina malah boten purun ndherek, Mbok lan ngapurani kula. Benjang nggih sampun wiwit latihan.”

“Ya wis ora apa-apa. Sesuk kowe mangkat latihan wae. Mengko Lina mesthi gelem, kowe rasah kuwatir.”

Ratri lan simboke banjur turu. Jam wis nuduhkae jam 4 esuk. Keprungu swara jago wis padha kluruk pratandha yen wayah wis mapag esuk. Ratri tangi gregah banjur mlaku menyang mburi kanggo njupuk banyu sesuci salat subuh. Rampung salat dheweke ora lali ngewangi Simboke reresik omah. Kabeh gaweyan wis rampung simboke banjur mangkat nyambut gawe lan dheweke latihan ana neng kelurahan. Esuk iku Ratri sumringah sanadyan isih kepikiran omongane Lina dheweke tetep kudu semangat. Maneh-maneh Ratri kepethuk pak lurah sing arep tindak kelurahan. Iya padha wingi pak lurah nawani mangkat bareng. Satemene Ratri wedi yen mengko Lina ngerti. Ananging Ratri ora kepenak yen arep nolak.

Amarga latihan ana kelurahan iki Ratri kerep ketemu karo pak lurah. Bubar latihan dheweke uga kerep mbonceng Pak lurah. Cetha yen sikape Pak Lurah tumrap Ratri ndadekake Lina atine kelara-lara. Meri cekake. Pak Lurah sikape pancen beda yen karo anake dhewe.

“Bapak saiki kok beda karo aku?” pitakone Lina marang pak lurah.

“Beda kepiye, wong Bapak kaya biasane kok. Kowe kuwi ta sing beda?”

“O... aku ngerti mesthi merga Ratri iki. Pak anak kuwi duwe kesenangan dhewe-dhewe! Saiki bapak wis ora tresna aku maneh,” Lina wiwit mbrebes mili.

“Rasah nggawa Ratri, sing cetha salah kowe kuwi, Ndhuk malah nggawa wong liya. Deloken awakmu dhewe kuwi. Kowe kudu bisa mawas dhiri.”

“Wis kana yen Bapak ora mbelani aku milih mbelani Ratri.”

Lina banjur mlayu tumuju kamar. “Dher!” Lawang ditutup kanthi sora. Ana jero kamar Lina nangis sesenggukan.

“Bapak tega tenan karo aku. Apa aku iki wis ra dianggep anake meneh? Jane salahku apa, ta? Saben anak duwe kesenangan dhewe-dhewe,” batine Lina sinambi nyawang foto kulawargane lan nalika dheweke njoget pas isih SMP kang cemanthel ana neng tembok. Nyawang pyan kanthi kethap-kethip. Mak dheg trataban kelingan.

“Bapak ki pancen seneng anak kang seneng bab Jawa. Ning apa iya mung merga kuwi, ya?”

Lina tangi gregah saka paturon.

“Aku mau ya wis ngomong yen anak kuwi duwe bakat dhewe-dhewe. Bapak tetep ora nggagas,” Lina isih bingung, “o... iya aku durung ngapurani Ratri. Iya mesthi merga iki, sesuk aku kudu nemoni Ratri.”

Pedhut isih kalimput ing desane. Jian adhem tenan. Lina mlaku tumuju menyang omahe Ratri. Lina omong karo Ratri kanthi ndhelik-ndhelik lan bisik-bisik aja nganti ana uwong sing ngerti. Ora nganti sepuluh menit Lina banjur bali mulih amarga Ratri kudu latihan ngrawit kanggo acara mengko bengi. Nanging praupane bocah loro kuwi katon semangat lan sumringah.

Rembulan wis ngetokake cahyane. Kelurahan wis wiwit kebak. Tamu-tamu uga wis padha teka. Pas jam wolu bengi acara kawiwitan. Ora ngira Lina kang njoget kanggo miwiti adicara tirakatan bengi iki. Pak Lurah sumringah ketok yen dheweke bombong banget karo anake. Ora ngira maneh yen Ratri lan Lina uga wis bali kekancan. Jebul esuk-esuk Ratri lan Lina bisik-bisik kuwi wis nyawiji yen bali kekancan maneh.

“Matur nuwun ya, Ndhuk wis gelem nyengkuyung acara iki mau,” ngendikane pak lurah marang Ratri.

“Inggih, Pak dhawah sami-sami. Lina menika inggih katon luwes sanget anggenipun mbeksan.”

“Halah... kowe kuwi Tri bisa wae,” wangsulane Lina.

“Aku ya njaluk ngapura, Pak yen wis gawe duka, Bapak,”  
Lina matur marang bapake sinambi ngrangkul.

Pak lurah meneng sedhela banjur ngguyu nyekakak,  
“Hahahaha... *Selamat anda terkena prank!*”

“Bapak ki malah ngguyu ki kepiye, ta? *Prank* kepiye?” Lina  
bali takon kanthi rupa bingung.

“Ngene, lho Ndhuk satenane Bapak ora nesu karo kowe.  
Bapak ya ora mbelani Ratri. Bapak mung kepingin kowe karo  
Ratri bali kekancan ora wangun yen nesunan. Arep ngapa? Kowe  
cah loro gelem, ta nglestarekake budaya Jawa iki?” Pak Lurah  
njlentrehake.

“Iya, Pak. Aku saiki ngerti yen urip bebarengan, apa maneh  
karo kanca sadesa kudu akur. Aku saiki uga pengin ngugemi  
maneh bab Jawa, latihan sithik-sithik amarga yen dudu awake  
dhewe arep sapa maneh sing arep njaga. Wong Jawa iki aja nganti  
ilang Jawane.”

Krungu wangsulane anake Pak Lurah ora bisa mbendhung  
eluhe. Pak Lurah, Lina, lan Ratri padha rerangkalan kanthi  
bombong ing manah.



## **Kenya Andheng-andheng**

Sedina muput Mukri buruh macul, ndhangir kebon nggone Pakdhe Haryo juragan sapi sing kondhang sugihe ing Segara-yasa kono. Karang ya mung anake wong ora duwe. Sawise lulus SMP Mukri nglamar golek gawean ora tau ketampa, mula ya gawean apa wae ditandangi kaya bapakne, sing mung pawitan bahu, ngalor ngidul mung kanggo kongkonan sapa kang mbutuhake. Ya gara-gara buruh macul mau, sewengi dheweke ora bisa turu angler lan ngorok kaya adat sabene. Ora merga kekeselen nanging marga tansah kelingan kedadeyan dhek mau awan. Yaiku ngepasi jam rolasan, diladeni dening kenya ayu lencir kuning, ndhuwur lambe ana andheng-andhenge gedhene sadhele, yen mesem dhekik pipine nemusake gawe gemes sapa wae kang nyawang.

“Mas, mangga dhahar siang rumiyin, menika lho kula masak sayur lodheh, lawuhipun tempe garit kaliyan peyek teri!” ngono tembung kenya lencir kuning wektu semana, karo nyelehke centhing isi sega lan baki isi jangan sak lawuhe ana emperan omahe Pakdhe Harya.

Mula ora gumun yen Mukri dhek semana semlengeren nyawang kenya mau. Wong kok ayune tumpuk udhung, wis kulite kuning, irunge ngrungit, rambute ireng ngandhan-andhan diore ana pundhake, adhuh medah eba senenge kang bakal nduweni. Gandheng semana anggone tawa sego karo ngumbar esem kang mranani, atine Mukri trataban. Mung emane kok Mukri lali ora kenalan sapa jenenge, pikire kuwi karo Pakdhe Haryo pernah apa? Apa putune Pakdhe Haryo sing ning Jakarta

apa ya.. apa wis rampung SMA banjur arep kuliah ing Ngayogyakarta? Ah dudu.. putune Pakde Haryo wis gedhe-gedhe, wis dha lulus kuliah. Ning njur sapa ya.. Mukri dadi penasaran. Batine sesuk arep takon Yu Ginuk rewange Pakdhe Haryo.

Kocapa esuke Mukri mangkate rada mruput awit ndang kepengin ketemu karo kenya kang ndhuwur lambene ana andheng-andhenge, kok dienteni suwe ora njedhul-jedhul. Sawise macul rada sauntara, Yu Ginuk metu, karo nggawa wedang saporong, gelas kothong lan nyamikan sega pondhoh lawuhe tempe bacem.

“Gilo, Mas Mukri sarapan sega pondhoh karo tempe bacem, kene-kene wedhangan dhisik, mumpung isih panas, ben kumepyar,” ngono Yu Ginuk mbadharake lamunane Mukri.

“O ya, Yu, matur nuwun,” Mukri semaur gragapan.

Mukri leren anggone macul, sawise ngiling wedang sagelas banjur diruput, karo telap-telep mangan sega pondhoh entek telung iris lawuh tempe bacem loro. Sejatine Mukri arep takon sing ngetokke wedang kok dudu kenya ayu wingi kae, nanging Mukri isin. Ah, mbok menawa lagi mangsak, mengko awan yen rolasan mesthi sing ngeteri sego dheweke. Bubar sarapan, Mukri nerusake anggone macul gobras-gabrus katon semangat banget, amarga duwe pangarep-arep, mengko awan bakal ketemu si kenya andheng-andheng.

Wayaha wus jam rolas awan, Mukri leren thenguk-thenguk ana ing teras karo ngusap kringet kang dleweran ing raine, nganggo kaose sing kumel. Pikirane wus nglabrang, rancangane wis thirik-thirik, mengko yen kenya ayu teka ngeteri mangan, dheweke arep kenalan, arep salaman sing kenceng, arep takon sapa jenenge, omahe endi, wis ta, warna-warna sing ana pikirane Mukri. Ora let suwe krungu swara lawang pawon dibukak, atine Mukri krasa dhag-dhug lan kemecer bakal ketemu karo kenya kang diimpi-impi. Mula polatane katon sumringah dimanis-manisake.

“Mas Mukri, nyuwun ngapura, ya, rada telat le rolasan, karang iki mau aku nyambi ngumbahi sadhabreg. Wis gek didhahar gilo tak mangsakke jangan bobor karo sambel lethok,” ngono kandhanane Yu Ginuk karo nyelehake sega jangan salawuhe.

Mukri krasa ora semangat arep mangan. Sing maune wewengge wis ngelih ngintir-intir, bareng ngerti yen sing nyawisake mangan mung Yu Ginuk, banjur weteng krasa wareg mbedhedheg. Geneya kenya kang diantun-antun ora teka, nanging kanggo nglegani sing wis kangelan mangsak, ora ketang sithik Mukri ya kepeksa mangan, sanadyan ora krasa enak ya didoyan-doyanake.

“Mbake sing wingi kae kok ora katon, lunga menyang ngendi, je Yu apa wis bali mulih? Apa lagi menyang kutha?” pikire Mukri.

“O, Mbak Silvi apa... lagi nyang kutha blanja karo Pak Haryo,” wangsulane Yu Ginuk karo ibut myingkirake ajang digawa menyang pawon.

Krungu wangsulane Yu Ginuk, Mukri rada ayem, sadhela maneh kang diarep-arep mesthi bakal bali saka kutha. Ing pangajab bisa ketemu sing jenenge Mbak Silvi, ora ketang mung bisa nyawang, atine wis krasa marem. Tenan, ora let suwe mobil Sedan sing ditumpang Pakdhe Haryo teka, Pakdhe Haryo mudhun saka mobil terus mlayu mbukakake lawang lan arep nulungi Mbak Silvi medhun saka mobil. Wah Pakdhe Haryo kok gemati tenan marang putune, ngono batine Mukri. Nganti kedhep tesmak panyawange Mukri, kang katon sajak ngadi-adi.

“Kri, tulung iki Mbak Silvi direwangi ngusungi blanjane digawa mlebu menyang omah,” pangatage Pakde Haryo marang Mukri.

Mukri kaya rindhik asu digitik, mula Mukri banjur njranthal marani mobile Pakdhe Haryo senjata ngusungi blanjane Mbak

Silvi pirang-pirang, nanging Mukri malah krasa seneng, rasa kesel lan mbedhedheg ilang, awit bisa tutug anggone nyawang wong ayu kang wewayangane tansah ngrenggani batine kuwi.

“Matur nuwun nggih, Mas,” ngono Mbak Silvi celathu marang Mukri karo ngulungake tangane kang lumer kuwi ngajak salaman.

“Nggih, Mbak,” wangsulane Mukri cekak aos.

Wah keturutan tenan aku salaman karo kenya ayu kang jenenge Mbak Silvi, ngono batin atine. Mukri senenge kepatipati nganti bola-bali tangane sing mau kanggo salaman karo Mbak Silvi bola-bali diambu, awit gandane wangi. Dina candhake Mukri isih tetep buruh macul kebone Pakdhe Haryo. Nganti seminggu dheweke rampung anggone ndhangir kebon. Sanajan gaweyane wis rampung, nanging Mukri rada gela banjur ora bisa ketemu karo “Kenya andheng-andheng.”

Sore sawise entuk sangu saka Pakdhe Haryo, Mukri banjur pamit mulih. Sadurunge mulih, Mukri kepengin takon marang Yu Ginuk, sabenero sapa ta, kenya ayu sing neng omahe Pakdhe Haryo kuwi.

“Yu, aku tak takon sithik,” Mukri bisik-bisik karo Yu Ginuk kang lagi nyapu ana latar wetan ngomah.

“Arep takon apa?” Wangsulane Yu Ginuk karo nyelehke sapune.

“Pakdhe Haryo gemati banget karo putune ya, Yu?”

“Putune sapa?” wangsulane Yu Ginuk karo njengek.

“Haiya putune Pakdhe Harya, sing jenenge Mbak Silvi kuwi, ta Yu. Kowe kuwi piye, ditakoni kok malah tambah?”

“Tambah piye, kowe kuwi sing ora dhong, apa durung krungu yen Pak Haryo wis dhudha 70 taun kuwi arep rabi maneh?”

“Rabi..? Ooo, mula putune diajak blanja warna-werna. Banjur karo wong endi?” Mukri nanjihake.

“Lahiya Mbak Silvi kuwi calon garwane Pak Haryo,” Yu Ginuk nyenggol.

Krungu wangsulane Yu Ginuk, atine Mukri nggronjal, kaget setengah mati. Ealah.. haiya wong brewu, arepa milih cah wadon sing umure sebabag karo putune ya bisa wae, ngono batine Mukri.

“Jane mono, anak putune ora padha sarujuk yen Pak Haryo arep rabi karo Mbak Silvi kejaba umur-umurane sebabag karo putune, dheweke kuwi wong wadon pengalaman.”

“Pengalaman piye, jeYu?”

“Kowe kuwi cah lanang kok le bodho banget, lha ya pengalaman bab nggaet wong lanang ngono. Anak putune padha kuwatir, wong tuwa kok rabi ro bocah, kamangka bocah nakal. Kuwatire mengko yen wis tuwa bandhane entek diawut-awut, gek banjur disiya-siya,” ngono Yu Ginuk kojah marang Mukri.

“Oo, cah nakal, ta.. gene Pakdhe Haryo kuwi wong kang tekun ngibadah kok ya bisa tepung karo cah nakal ya.. olehe nemu neng endi, Yu?”

“Nemu piye tak kandhani ya, sejatine aku sing dadi comblange, mula Pak Haryo karo aku nyah-nyoh, lha mbok aku njaluk apa wae mesthi diparingi lan ora rewel. Hondha Supra X duweke anakku kae ya olehe mundhutke Pak Haryo, lho.”

“Wong edan kowe ki, Yu.”

“Hus, ora sero-sero mundhak krungu. Ya ben edan, ning rak kanggo nglabuhi anak. Aja kandha sapa-sapa ya Mas Mukri, iki rahasia tenan”

Kocapa bengi rikala arep mapan turu Mukri kelingan critane Yu Ginuk, atase wong wis tuwa kok isih pethakilan ta Pakde Haryo kuwi. Apa maneh dheweke kuwi wong kang beriman, kok olehe mikir ora nganggo akal budi. Karang sing jenenge iman, yen ora kuwat bisa kalah karo si-manis je. Wis kepenak uriipe, sandhang pangan ora kurang, anak putu padha dadi, hara

apa ora seneng...? kok isih arep kepengin neka-neka. Mangka jarene wong urip kuwi paribasan mung mampir ngombe, ateges neng donya mung sedhela, ning mbok ya wong tuwa mono bisa dadi tepa palupi tumrap para mudha, sokur tansah cecawis yen sawanci-wanci ditimbali Gusti, ngono anggone Mukri tansah grundelan jroning ati.

Ning hya luweh kono. urusane dhewe-dhewe, resiko tanggung sendiri. Nganti pirang-pirang jam anggone Mukri klisikan ora bisa turu, ngerti-ngerti tangi wis jam sanga esuk. Kabul wusana gawe cunthel crita lelakon iki.

## **Kuwalat Kuwalik**

Mangsa rendheng ngene iki, pancen penake masak mie godhog karo ngombe kopi anget. Lungguh nyenuk menthelengi drakor disambi nggarapi tugas sekolah sing akehe kaya ewonan debog karo krukuban kemul anget ning awak. Nanging durung nganti dhialog kapisan rampung, lawang kamarku digedhor karo ibu.

“Ndhuk, ndang metu. Digoleki kancamu, kae lho!” pam-bengoke Ibu.

Aku banjur nuruti tanpa semaur. Mbanting pulpen nganti ilang parane.

“Ngapa?” takonku.

“Ewangana aku ndang!”

Raine Kiara melasi. Diwaran ngono aku malih ora tega.

“Lhaiya ngewangi ngapa? Ngomong ki mbokya sing jelas,” anggonku mbaleni pitakonan nganti keju.

Sikilku ya uwis gringginen.

“Kancanana aku menyang kantor pos kanggo ngirim pesenan iki. Mengko tak bayari wis. Sakarep pengenmu apa?”

Kiara nuduhake sawetara barang dagangane arupa jaket *tie dye* sing diwadhahi kothak kerdus sing uapik tenan. Ketara yen Kiara telaten banget nglakoni bisnis *olshop*-e iki.

“Ora usah ditawari apa-apa, mendhning ndang bali merga tugasku isih akeh,” omongku teges.

“Ooo.”

Mung ngono thok tanggepane Kiara.

“A.. o.. a.. o...,” semaurku, “rumangsaku ket awakmu mbukak *olshop*, kok malah jarang pedhuli karo tugas, ta. Ndengaren?”

“Ya, ben, sakarepku. Sing penting wis nduwe dhuwit dhewe. Ra nyusahne wong tuwa. Emang penggaweanku urusanmu?”

Aku mung meneng, banjur nggeblaske motor. Wegah nambahi perkara, merga nek ket awal ana sing nyumet emosine Kiara, sedina muput dheweke bakal emosi. Marai aku gumun dhewe karo wong siji iki. Kamangka mbiyen dheweke tau dipenging karo wong tuwane. Yen isih sekolah iku fokus dhisik, ora perlu ke-susu golek dhuwit. Mengko malah akeh pikiran, kabeh semrawut.

Nanging Kiara bocahe ora perdulen, ora tau nggagas omongane liyan. Dikandhani apa wae ya ora mempan. Karo wong tuwane wae ngeyelan, apamaneh karo kancane. Mula dheweke nganti ora disenengi ning sekolah. Angel diomongi. Dheweke uga kerep ngrasani liyan karo nggawa-nggawa fisik pisan. Nganti tau ana bocah sing awake gedhe mara ning omahe kanggo nglabrak Kiara sing omongane uwis ngawur kuwi.

Sajane aku ya mentas wae kena pulute, melu dimungsuhi bala-balaku. Marahi aku ora enthuk kepekan tugas maneh. Nanging ya arep piye, nek aku melu ngedohi malah dadi canggung ning omah. Apamaneh saben dinane Kiara kerep bareng aku budhal lan mulih sekolah. Isih untung ana sing gelem mbala, ora ketang ning njero ati aku kerep ngedumel dhewe perkara cah kuwi karo sing jenenge Tara, balaku liyane sing isih netral karo urusan Kiara. Bocah sing saiki daktemoni ning warung sandhinge kantor pos.

Tara iku pancen dasare bocahe apikan. Sedherhana pisan. Kamangka wong tuwane sakloron anggota dhewan. Nanging aku karo bocah-bocah ya ora tau meruhi Tara kok nganggo barang *branded* apa numpak mobil dhewe ngono. Malah dheweke luwih seneng numpak motor. Apamaneh ket dheweke nduwe SIM.

Ndilalah kok ya pas udane tambah deres. Dadi aku lungguh wae nyandhing Tara, “Weh, selamat, ya.. akhire oleh numpak motor dhewe.”



“Ho oh, Na. Luwih simpel,” jawabe Tara sinambi mbalesi salaman tanganku lan Kiara.

“Weh... emang wis tambah dhuwur sapira dhirimu kok gaduk numpak motor ki? Ora wedi tiba ta? Aku wae sing samene tau tiba, kok.”

Atiku makdheg, langsung rumangsa salah wis nyumet emosine Tara.

“Ya, gak lah. Lha wong aku kan isa numpak motor ket kelas 4. Awakmu wae sing lagi weruh aku nggawa motor saiki.”

Tara isih santai. Malah aku sing was-was.

“Heh? Kelas papat?” Kiara ketara ora percaya.

“Pohh.. lagi weruh aku lek cebol isa numpak motor rupane piye, jal?” ngomong ngono malah karo ngguya-ngguyu cengengesan kae.

Sapa sing ora emosi?

Tara banjur ngadeg.

“Aku trah ora dhuwur. Awakku ya gak *se-perfect* dhirimu, Ra. Akeh kurange. Tapi saora-orane aku gak tau ki berusaha komentar fisik ning kancaku dhewe.”

“Lho, kok baperan? Sapa sing ngomong fisik? Ututu... aku mung gu....”

“Guyon, piye lho? Lambemu kok ngono kuwi, ta?”

Tak pedhot omongane Kiara karo nyeret tangane. Bocahe mutung nganti nekat mulih mlaku kudanan. Sajake dheweke terus masuk angin.

“Aku iki pancen kaya ngene dhasare. Arep mboknesoni genten ya ora ngurus. Isa golek kanca liya sing luwih apik, sing isa nrima aku apa anane. Rumangsaku mbiyen kancaku SMP tak omongi ngono kok biasa wae ora baperan kaya kowe kabeh.”

Tara banjur mlaku nyedhaki Kiara, nuding pas ning tengah bathuke.

“Perasaane uwong ki beda-beda. Dhirimu wae gak isa nerima kanca apa anane kok sok-sokan arep golek kanca. Bocah saksekolah ki lho uwis ngerti elekmu. Isih untung aku karo Ananya gelem dadi balamu.”

Awale Kiara mung meneng. Mlerak-mlerok mamerake mripate kang bunder kuwi.

“Lho, ngapa sawangane malih ngono?” Tara njengkerutke alise kang kandel.

“Mbuh lah, aku mutung!”

“Sik lah, sing dinesoni dhisik sapa, lha kok sing mutung sapa?”

Wusana aku ya melu nesu. Ora ngira aku nek kedadeane bakal kaya gene. Nanging daksambi ngguyu.

“Sik, saiki karepmu, piye?” pitakone Tara maneh.

Kiara malih meneng, cep. Ketara nek kentekan ukara. Nanging bar ngono dheweke ngomong, “Ya uwis, aku njaluk ngapura. Tur kalian ya maklum nek aku dhasare gene iki, gampang mutungan. Apameneh wis digarai Ananya dhisik kae mau. Sepurane wis nggarai lara ati. Matur nuwun wis tau nerima aku dadi kanca.”

Sajane aku wis arep nyawat sandal saking mangkele. Nanging Tara mara ngomong, “Wis, Na. Sing diece aku, kok malah kowe sing nesu. Jarno wae, sesuk lak kewales.”

Sawise ngomong ngono, aku banjur delok-delokan karo Tara. Ngempet ngguyu sajane. Bocah kae ngapa ngelokne dhisik kok nesu? Mutungan pisan. Ora teges arep medhotke silaturahmi, nanging saiki aku milih melu meneng marang Kiara. Wis wegah duwe urusan maneh karo dheweke. Dudu perkara aku isih dhendham, lha wong nyatane wis dakngapura. Nanging saya suwi aku saya sadhar, nek kekancan iku pancen becike milih sing apik-apik supaya urip ya melu ketekan maneka kang apik-apik. Dina-dinaku daklakoni bareng Tara lan kanca-kanca liyane

sing wis wiwit bali ramah karo aku. Rasa seneng kang ora bisa dakungkapne teka maneh ning uripku. Nganti aku lali nek isih ana Kiara ning kelas.

Iya, ora ngapusi kuwi. Saking laline, aku ya jarang srawung maneh karo dheweke. Kalebu wektu dheweke nyalip aku lan Tara ning prapatan sadurunge sekolah tanpa ngunekke klakson, waton nylonong menggok mlebu gerbang sekolah sing isih sepi tanpa noleh spion lan ngurupke lampu sen. Ndongak mendhuwur kaya gaya-gayaan umuk ning nduwur motore kuwi.

Nanging, brakk.... Wadhuh, bahaya kuwi. Moncong ngarep mobile Pak Kepala Sekolah sing lagi wae tekan kono ketabrak motore Kiara. Saking bantere nganti dheweke nylemplung sawah ngarep sekolahan sing lagi diluku. Rok ungune reged lan suwek. Bocah-bocah sing lagi wae teka langsung ngguyu kemekelen. Aku lan Tara banjur mandheg persis ning mburi panggonan tibane bocah kuwi mau.

“He, mbok tulung jupukna HP-ku, Cah. Jijik.. iyuhh.”

Kiara mringis kelaran karo nuding HP-ne sing kecemplung sawah kuwi. *Lebay*. Bocah-bocah sing isih ora seneng karo Kiara mung mlengos ngalih. Ora ana sing peduli.

“Lha jaremu wingi arep golek kanca anyar sing *menerima apa adanya*? Genah uwis entuk durung? Ora mbokjaluki tulung kancamu anyar kuwi?”

Aku mung ngadeg ning ngarep mobile Pak Kepala. Nyawang dheweke karo ngepelake tangan. Mesakke tenan jane, nanging yen ora ditulungi njut kepiye?

“Ananya, Tara.. sepurane. Ewangana aku.. isin iki...”

Katulusan atine Tara marai dheweke nulungi Kiara. Dhe-weke njupukke HPne Kiara sing mau nyemplung ning sawah, “Mongsok wong sing jarene dhuwur ora gaduk njupuk HPne dhewe?” Tara muni ngono karo mesem banjur mlaku ngadoh. Hebat. Najan aku ngerti nek Tara isih pegel karo Kiara.

Senajan wis ditulungi, aku bisa weruh saka lirikanku yen Kiara isih gedumelan nesu.

“Jarno, Ananya. Wis mendhing ndang ning kantin wae.”

Tara sing dina kuwi mbonceng aku nggeblasake motor. Mula, aku manut wae karo Tara. Ora mungkin Kiara wani nggaya maneh, sebab saiki dheweke luwih milih meneng nalika diseneni guru-guru merga numpak motor ning sekolah tanpa SIM lan nabrak mobile Pak Kepala Sekolah.

## **Ikhlas**

Saben dina awakku ora tau absen tangi esuk. Jam papat wayah jago keluruk aku uwis tangi banjur gage melebu kamar mandi. Cepet-cepet aku adus. Gebyur banyu sasiwur kanggo nelesi awak. Mung butuh wektu 10 menit anggonku adus. Sawise kuwi banjur wudhu. Kelambi koko sing wis lusuh karo ngisoran sarung kothak-kothak warna biru tak enggo. Ora lali peci bludru hadiah seka simbok pas banget ning sirahku. Rampung tata-tata ngadhep sing Kuwasa, let sedhela adzan subuh saut-sautan seka spiker langgar. Awakku gage metu. Nganggo sandhal *melly* ijo banjur mlaku turut lurung kang sepi. Saben sikilku melangkah, atiku tansah bungah. Rasanne seneng, bisa menyang langgar melu salat subuh berjamaah. Ora kabeh uwong bisa. Mung wong sing nduweni niat gedhe ning atine lan ora wedi katisen kena banyu adem.

Aku dadi eling marang welinge bapak mbiyen. Nalika aku isih cilik bapak ngendika, “Le, ojo lali eling marang sing Kuwasa. Salat limang rakaat aja nganti ditinggal. Yen bisa ora keru jamaah. Sing sunnah ya dilakoni. Menawa kabeh mboktindakake, Allah sing Maha Pirsu bakal tresna karo awake dhewe. Ngerti, ta piye nek wis ditresnani? Apa wae bakal diparinake tanpa kowe njaluk.”

Aku mesem. Isih takeling-eling pituture bapak ana atiku lan bakal taklakoni. Salat subuh wis kalaksanaan. Bubar nyuwun marang sing amurba amisesa aku banjur melangkah metu langgar.

“Aryo!” panyelukke bocah lanang kang duweni awak kaya genter.

Aku sing wis mlangkah medhun seka undhak-undhakan langgar banjur mengo, “Ngapa Bay?” pitakonku nalika Bayu uwes ngadheg sangarepku.

“Ngapa mang cepet-cepet mulih? Mbok lunguh-lungguh ning kene dhisik,” akone Bayu nyegati aku sing arep bali ngomah.

“Dumeh ra ana gawean ning ngomah, mula ngejak jejagongan. Coba nek ana, lak aku wis ditinggal mulih kaya mbiyen kae,” ngedumelku ngilingi Bayu sing lunga plencing nalika arep tak ajak guneman minggu wingi.

Bayu mung ngguyu nyengenges.

“Sori, ya. Ngerti, ta mahasiswa. Akeh tugas seka dhosen,” jawabe Bayu.

Aku mesem tipis. Atiku rasane mak dheg nalika Bayu nyebut tembung mahasiswa. Kuciwa sing mbiyen wis tak coba lalekake jumedhul maneh. Bayu Rajendra. Iku jeneng lengkape. Bayu iku kancaku seka cilik. Seka TK, SD, SMP tekan SMA, sasekolahan terus karo Bayu. Ora mung sasekolah ananging mesthi mlebu kelas sing padha nganti lulus SMA. Pokoke aku karo Bayu kuwi kanca kenthel tenan.

“Ana sing arep takomongke ro kowe, Yo,” omonge Bayu lungguh ana undak-undakan langgar.

“Yen arep bahas babagan kampus aku wis ora duwe niatan maneh,” jawabku.

Bayu mengo, mandengi mripatku jero.

“Ngapa? Bukanne kuwi pangimpenmu, Yo. Eman, Yo. Kowe kuwi cerdas. Mosok mbokbuang ngono wae impenmu dadi mahasiswa.”

Omongane Bayu ngena banget tekan atiku. Apa sing diomongke Bayu nuwuhake maneh rasa ora lila sing wis takkubur jero.

“Aku mulih sikik. Arep ngrewangi Simbok,” kandhaku banjur mlaku ninggalkake Bayu sing isih nyawang aku.

“Aryo,” pambengoke Bayu nanging ora takkaruhake.

Satekane ngomah aku weruh Simbok sing wis ubeg gawe adhonan gorengan. Sawetara, ana adhonan bakwan lan mendhoan sing wis dadi.

“Assalamualaikum, Mbok,” salamku.

“Waalai kumsalam, Le. Ndang ganti kaos, ya Le. Simbok oleh pesenan seka Bu RT nggo pacitan arisan iki,” ngendikane Simbok.

Aku manggut-manggut, banjur melebu kamar nyopot sarung, koko lan peci. Aku ganti kaos lengen cendhak karo kathok trinnig jaman SMA biyen. Sawise kuwi aku bali marani Simbok maneh. Ngewangi nggoreng adhonan gorengan sing wis cemepak sandhuwur lincak. Saliyane bakwan lan mendhoan isih ana tahu susur lan tela goreng. Jam lima punjul sepuluh gorenganne wis mateng kabeh. Gorengan mau banjur taktata manut jinise ana ing tampah sing wis taklemeki kertas koran. Dene pesenanne Bu RT wis tak cemplungake kanthong plastik putih.

“Uwis rampung, Le?” pitakonne Simbok.

“Uwis Mbok. Wis tak tata kaya tentara baris,” jawabku marai Simbok guyu.

“Ana-ana wae kowe kuwi. Tentara kok dipadhakake karo gorengan,” kandhane Simbok karo mesem.

Atiku rasane seneng, bisa nggawe Simbok ngguyu. Aku ngerti, ana ning atine Simbok sing paling jero, mesthi abot nampa kahanan kaya ngene iki. Dadi ibu lan tulang punggung keluarga sawise Bapak tilar donya nalika aku kelas telu SMA. Wektu kui pas banget karo penerimaan biji UN seka sekolah. Atiku rasane bungah tenan wektu iku. Jenengku ono ing urutan nomor siji. Aku oleh biji UN paling dhuwur sasekolah. Atiku tambah seneng maneh nalika wali kelasku kandha yen aku oleh beasiswa kuliah

ing perguruan tinggi negeri. Ananging rasa bungahku langsung ambyar nalika sawijining dina Pakdhe Darmo marani aku ing sekolah lan ngabari menawa Bapak tilar donya. Ambyar. Atiku ambyar saambyar-ambyare. Ora nyangka, yen Bapak arep seda sacepet iki.

Telung dina sawise Bapak seda, Juragan Hilman teka ing omah. Ing tangane gujengi buku cathetan utange Bapak. Juragan Hilman nagih duit. Yen wektu rong sasi duit kui ora bisa bali, Simbok bakal diperkarakake menyang pengadhilan. Atiku langsung mak jleg. Aku ora lila Simbok dikunjara ing kantor polisi. Duit sing disilih Bapak karo Juragan Hilman biyen kae kanggo ragatku sekolah. Ora ana pilihan maneh. Aku kudu nyambut gawe kanggo nglunasi utange Bapak. Pangimpenku mau banjur takkubur jero-jero. Aku ora oleh egois lan ngorbankake keluargaku. Aku milih nglilakake beasiswa kuwi mau lan kerja dadi kuli bangunan kaya Bapak biyen. Abot rasane ngikhlaskake kabeh mau, nanging taktekadi pangorbananku iki kanggo Simbok lan adhi-adhiku sing kudu takragati

“Le gorenganne Bu RT mengko mbokterke, ya bareng mangkat kerja,” panjalukke Simbok sakdurunge mubeng ngiderake gorengan.

“Ya, Mbok. Mengko takterke,” wangsulanku.

Let sedhela Simbok mubeng ider gorengan, dene aku siap-siap mangkat nyambut gawe. Adhi-adhiku ya wis padha tata arep menyang sekolah. Aku duwe adhi telu. Wedok loro lanang siji. Adhiku sing nomer loro saiki kelas 11 SMK, sing nomer telu kelas 3 SMP, lan ragile sing lanang, kelas 6 SD. Mripatku nyawang seka kadohan adhi-adhiku sing padha sarapan. Mbatin ana sajrone ati, aku janji karo awakku dhewe adhi-adhiku kudu bisa luwih sukses tinimbang aku.

Jam 06.30 aku menyang proyek numpak bis parangtritisan. Telungpuluh menit perjalanan, aku tekan papan proyek. Isih



ana wektu 15 menit sadurunge wiwit nukang. Aku milih salat dhuha dhisik. Sawise dhuha bapak-bapak tukang banjur padha teka kabeh. Let sedhela Pak Mandor rawuh. Mudhun seka motor gedhene sing katon gagah. Jam 07.30 theng Pak Mandor menahi arahan, bubar kuwi aku lan bapak-bapak tukang wiwit kerja. Dadi kuli bangunan anyaran aku dadi ladhen tukang. Gaweane ya mung ngudhak semen, ngeterke udhakan semen, nyepakke bata, yen ora ngirik pasir. Nanging ing tahun kepindho aku mundhak pangkat dadi tukang. Aku seneng bisa kerja karo nambah ngilmu. Apa meneh aku duweni ketertarikan marang konsturksi bangunan.

Limalas menit sadurunge adzan luhur wayahe padha leren. Bapak-bapak kuli lan aku banjur lungguh ngemper ngisor uwit pelem sing edhum. Sikilku tak selonjorake. Rasane lara kabeh awakku. Sanajan, gawean nguli meres kringet temenan, angangig tetep tak lakoni kanggo nyukupi butuh. Kadhangkala aku pengin leren. Nanging nalika kelingan Simbok sing ora tau nggresula dodolan gorengan lan dadi buruh cuci nalika wengi, atiku banjur tak kuat-kuatke maneh. Apa meneh eling janji sing tak gawe kanggo adhi-adhiku. Aku ora oleh nyerah karo nasib. Aku kudu kuat. Aku kudu kuat. Kandhaku marang awakku dhewe nalika arep pasrah. Rumangsa wis rada ora kesel, aku gage menyang langgar sing ora adoh seko papanku kerja. Ijek tak eling kandhane Bapak lan ora bakal tak tinggalke.

Kaos saringan tahu lan kathok trinning sing mau tak enggo uwes ganti karo koko putih lan sarung kotak-kotak warna biru. Aku banjur mlaku menyang langgar sing lagi wae muni spekere ngumandangake adzan. Bubar salat aku gage metu langgar. Nanging ing teras langgar cedhak panggonan sendhal aku nemu *drafting tube* iku wadah tabung kanggo nyimpen gambar *desain* bangunan nggone arsitek kae. Aku clingak-clinguk nggoleki sapa uwong sing duwoni barang iki. Nanging ora ono uwong meneh

sakliane awakku ning kene. Akhire *drafting tube* mau tak gawa bali menyang papan proyek, sapa ngerti iku nggone wong sing kerja ning proyek perumahan sekar arum.

“Aryo,” panyeluke Pak Mandor.

Aku gage mara nekani Pak Mandor lan mas-mas sing ora tak ngerteni.

“Enten napa Pak?” pitakonku

“Kuwi sing mbokgawa nggone sapa?” pitakone Pak Mandor nuding *drafting tube* sing ana ing pundhakku.

“Owww *drafting tube* niki, Pak. Kula nggih mboten manger-tos niki nggene sinten. Kula wau nemokake wonten langgar, Pak,” jawabku.

“Ngapunten, Dhik. Kadose *drafting tube* menika nggen kula. Wau kula kesupen. Tak tinggal ing teras langgar nalika nganggo sepatu,” kandhane mas-mas nganggo setelan kemeja dongker karo kathok bahan memper uwong kantor.

“Owh niki nggene mase sing sebelahan kaliyan kula wau ta. Niki Mas *drafting tube*-ipun,” kandhaku karo ngenehake *drafting tube* kuwi.

“Matur nuwun, Dhik. Ngapunten kula mboten saged dangu. Yen kersa manga silaturahmi malih kaliyan kula,” kandhane Mase kui karo ngulungake kertu nama.

Sawise kedadean iku, aku dadi tepung marang Mas Tama. Mas-mas sing kelangan *drafting tube* ing langgar mbiyen kae. Aku uwis tau silaturahmi menyang omahe. Wonge ramah lan apikan. Mas Tama iku arsitek. Dhewekke sing gawe gambare bangunan Perumahan Sekar Arum.

“Yo,” panyeluke Mas Tama sing lagi wae mudhun seka mobile.

Aku sing diceluk kaget. Bingung kok Mas Tama bisa ana ing omahe Bayu.

“Loh Mas Tama kok bisa ana ing kene?” pitakonku.

Mas Tama mung nyengeges nalika taktakoni. Marai aku tambah bingung. Ngapa wong sibuk kaya Mas Tama bisa tekan omahe Bayu yen ora duweni kepentingan.

“Nah, sing ditunggu-tunggu akhire tekan. Suwi tenan, Mas seka ngendi wae ta?” swarane Bayu sing lagi wae metu karo nggawa nampun isi pisang goreng karo kopi ireng.

“Ngeterke Mbakayumu sikik mau ning ngomahe kancane,” jawabe Mas Tama banjur lungguh ing teras jejer aku.

“Nah iki lho, Mas bocahe,” omonge Bayu karo nudingi aku.

Aku sing ditudingi bingung. Ora ngerti apa sing dimaksud Bayu karo Mas Tama.

“Sikik ta. Iki sajane padha ngomongke apa, ta? Aku ora mudheng,” kandhaku isih bingung.

Wong lanang loro kuwi mau malah nggeguyu aku bebarengan.

“Aku seneng karo gambaranmu Yo. Gambaranmu wis mèmper kaya arsitek. Dilatih meneh awakmu bisa dadi arsitek profesional,” kandhane Mas Tama marai aku tambah bingung.

“Gambar apa, ta Mas? Aku temenan ora ngerti iki lagi diomongke. Gek Mas Tama kui sapane Bayu?” pitakonku.

Mas Tama ngetokake buku gambar seka tase. Sakeplasan aku kaya kenal buku gambar kui. Iku kaya buku gambarku nalika aku isih SMA biyen. Ketara seka samake sing taktulisi AY. Mas Tama mbukak buku gambar iku. Banjur nduduhake gambar seketsa bangunan. Iku gambaranku. Aku kenal tenan karo gambar kui. Gambar seketsa bangunan kuwi takgawe nalika aku kelas 12 SMA. Aku pancen seneng gawe seketsa kontruksi bangunan. Impenku pancen pengin kaya Mas Tama. Dadi arsitek. Ananging kabeh kui wis pupus. Aku mung bisa ikhlas lan nampa yen impenku ora bisa kelakon.

“ Aku ki mas ipare Bayu. Bojone Mba Winda,” jawabe Mas Bayu.

"Owalah bojone Mba Winda, ta. Aku lagi ngerti yen Mas Tama bojone Mba Winda. Ora tau weruh kok, ya," omongku cen ora ngerti nek Mas Tama bojone Mba Winda.

"Biasa, Ya. Mas Tama kuwi wong sibuk," jawabe Bayu.

"Ngene Yo, perusahaanku lagi nganaake lomba rancang bangunan. Hadiahe gedhe Yo, beasiswa ning Jepang karo *uang tunai* 35 juta," kandhane Mas Tama.

"Iki Yo sing arep takomongke ro kowe mbiyen kae. Nanging kowe malah mlipir mulih," omonge Bayu.

"Aryo, iki kesempatanmu kanggo memperjuangke impenmu. Aku bakal ndhukung kowe," bacute Bayu nyemangati.

"Apa aku bisa, Mas?" pitakonku.

"Kalah cacak menang cacak. Aja wedi gagal sadurunge tandhing. Coba dhisik, urusan kasil apa orane urusane Gusti Alloh. Getun timba mburi, lho Yo. Aja nganti getun merga wedi nyoba," pituture Mas Tama.

\*\*\*

Lingguh ing licak teras karo nyawang langit wengi, aku isih mikirkake tawarane Mas Tama. Aku wedi yen bakal kuciwa me-neh. Piye nek mengko aku gagal? Mesthi rasa kuciwaku nambah akeh. Aku ora siap kuciwa maneh. Sing wingi durung mari. Simbok sing meruhi aku kaya wong linglung nyedhaki aku banjur takon apa sing lagi tak pikirke. Aku banjur kandha apa wae sing dadi pikiranku.

"Yen kowe ora percaya karo awakmu, piye Alloh arep percaya karo kowe. Aja nyerah sakdurunge tandhing. Simbok bakal nyengkuyung kowe, Yo," pituture Simbok.

Atiku tansah ayem krunggu ngendikane Simbok mau. Atiku mantep. Seminggu aku *getol* gawe gambar rancang bangun. Aku usaha temenan lan ora lali ndonga karo kang Maha Kuwasa. Apa wae kasile mengko, aku uwes kandha marang awakku kudu bisa nerima lan lila.

Telung dina kepungkur gambaranku wis tak kirimke. Ananging durung ono pengumuman apa-apa. Atiku tansah ora karuan nunggu pengumuman. Nalikane aku lungguh ing licak teras ngomah, Mas Tama ujug-ujug njedhul mamerake esemane sing manis. Dheweke nyedhaki awakku lan melu lungguh ing jejerku.

“Iki nggo kowe Yo,” omonge Mas Tama sinambi ngulungake amplop coklat.

Amplop taktampa. Apa iki. Jantungku dheg-dhegan ora karuwan. Kertas putih taktokake seka amplop kuwi. Tak waca kanthi jeli lan teliti.

“Alhamdulillah. Matur nuwun Ya Allah. Matur nuuuuuun,” pambengokku kadereng rasa seneng mangerteni menawa menang lomba rancang bangunan.

Aku langsung sujud syukur nyukuri nikmate sing Maha Kuwasa. Simbok sing lagi ubek umbah-ubah ing mburi gage metu amarga mireng pambengokku. Simbok takon ngapa kok aku mbengok. Kertas sing tak gegem takulungke. Sawise Simbok maca isine langsung mbrebes mili. Simbok kandha, yen Simbok melu seneng amarga aku bisa duwe ragat nerusake sekolah ing perguruan tinggi.

\*\*\*

Wektu mlaku cepet. Wes patang tahun kelewat.

“Mbok, matur nuwun kanggo kabeh sing wis Simbok lan Bapak paringke nggo aku. Jasane Simbok lan Bapak ora bisa takregani. Donga lan dhukungane Simbok marang aku, sing ngeterke aku bisa dadi uwong kaya saiki. Matur nuwun, Mbok,” kandhaku karo netesake eluh sinambi ndhekep Simbok.

“Wis dadi jejibahane Simbok kaya mangkene, anakku sing bagus dhewe, Insinyur Aryo Wibowo.”

Matur nuwun Gusti sampun mujudaken impen kang wis takanggep mati.

## Aja Dumeh

Wulan iki musim udah uwis teka. Hawane adhem, apa maneh ing pinggir sawah. Angine sumilir lan sejuk tekan ati. Sawise iki bakal akeh wong tandur pari banjur sawahe bakal ijo royo-royo. Lan kabeh warga ing dhusun iki bakal sibuk kaya wong kantor. Maklum wae ing dhusun Tubin iki mayoritas padha dadi tani. Mangkat laku gawa pacul, meres kringet, leren mangan growol, baline ngarit kanggo makani sapi. Saliyane musim udan, bakal ana musim liya sing ora kalah ampuhe, yaiku musim rabi. Musim iki akeh merpati-merpati sing pengin ngiket ati lan ngucapke janji suci kanggo bukti tresna saka urip tekan mati.

Bengi iki, Ibu lagi wae bali saka pengajian. Kaya biasane aku nang ngomah sinambi nggarap tugas lan ngancani simbah mirsani wayang ing TV. Ora kok fokus karo tugas sing numpuk, aku malah seneng ngrungokake dhalang kang wasis tenan.

“Ndhuk, sesuk adhewe dikon rewang nang gone Pak Bowo,” gendikane Ibu sawise salin klambi

“Mas Dwi kae pun arep rabi napa, Bu?” wangsulanku.

“Hooh Ndhuk, karo Mbak sapa ya mau, aku lali jenenge. Calone Dwi kuwi mau jarene wong Kulon Progo, kae lho sek ana *Bandara Internasional anyar*,” gendikane Ibu maringi penjelasan sinambi ngeling-eling jeneng.

“Ha enggih, Bu. Kula retos Kulon Progo niku.”

“Haiya kowe karang senengane dolan wae kon rareti, dolan terus ngasi ra ngewangi Ibune dodol geblek, lho, dhuh Gustiiiiiii.”

“Ibu niku senengane ngilang-ilangke, kan kula lunga niku sinau mboten dolan. Kula ten griya nggih ngewangi Ibu terus kok.”

“Haiyo cah, sibuke anakku ha ha ha.... Wis Ndhuk ndang turu, sesuk prei kuliah melu rewang,” Ibu gemujeng sinambi mlaku nang kamar

“Sendika dhawuh, Bu.”

\*\*\*

Fajar wis gagah sawise subuh. Pitik-pitik wis padha tangi lan nyanyi bebarengan. Kodhok-kodhok isih padha pentas lagu khase lan lemah padha teles diambungi udan sewengi. Adhem ayem rasane, Gusti, dina iki isih diparingi gratisan oksigen. Syukur Gusti taksih maringi wektu kanggo golek sangu urip. Dina iki, aku wis tangi gasik. Subuhan nang langgar banjur ngewangi Ibu gawe sarapan, nggeneni katul kanggo makani sapi lan makani pitik. Sawise rampung kabeh gawean, aku lan Ibu siap-siap mangkat rewang.

“Sri, wis siap durung? Suwi banget lehmu dandan.”

Pancen wis biasane, Ibuku iki muring-muring, ora isuk, awan pa sore. Amarga sifate pancen ngono kuwi

“Sampun, Bu.”

“Ya, ndang mangkat ndhak dha diomongke nek wis jam semene kok durung nang rewangan, reti dhewe ta wong kene ki seneng mbatin lan ngrasani.”

“Menawi retos ngeten, Ibu ampun melu gossip-gossip, dosa lho niku, sami mawon dhahar bangkai sedulure dhewe.”

“Huss, aku ki wonge kalem, ora akeh gossip nek ora diwarai.”

“Manut mawon.”

“Kae wis padha teka jebule, dina iki gawe lemper karo nyiapke gendhuren. Maklum nek manten lanang ki ora sibuk banget ra kaya nek manten wedok. Akeh banget gaweane, ngasi kesel aku, Ndhuk.”

“Lha niku jenenge gotong royong, Bu. Dados rewang niki nguri-uri budaya ugi.”

“Pinter tenan anakku iki jebule, ra kaya Ibune ha ha ha.”

Aku lan Ibu uwis tekan daleme Pak Bowo. Ning kana wis akeh wong sing wis padha sibuk nandangi gawean. Ana sing ngiris kentang, gawe lemper, geneni wedang, lan liya-liya. Ibu-ibu padha sibuk nang pawon ngurusi masakan sik akeh tenan jinise, bapak-bapak padha ngurusi patehan utawa wedang sinambi adang sega, bocah-bocah enom padha nang ngarep ngladeni menawa ana tamu sing padha nyumbang. Amarga isuk iki durung ana tamu, Aku melu Ibu gawe lemper karo liyane.

“Eee ,Yu Jum wis teka iki,” ngendikane Yu Marni, bojone Pak RT.

“Hoooh, rada keru iki lagi rampung ngurusi gawean iki mau,” wangsulane Ibu sambu golek dingklik kanggo tenguk ngewangi gawe lemper

“Tenane? ora karang mager, pa, ha...ha...ha,” sambunge Yu Sam genge Yu Marni.

“Hilih kowe ki kaya ABG wae mager-mager, kene ki sibuk ngurus gawean akeh, mbokya maklum nek randha ki ngurus awake dhewe, ngurus anak, ngurus ingon-ingon, ngurus simbah, emang kowe-kowe padha penak uripe?” wangsulane Ibu karo mbesengut.

“Sri, omongna Ibumu nek kene ki mung dha geguyon, kok tenanan,” ngendikani Yu marni.

“Inggih. Guyon supados gayeng, nggih,” wangsulanku singkat.

“Eh eh padha reti ora yen calone Dwi ki jarene elik rupane,” ngendikane Yu Marni lirih.

“Mbok ya ora ngawur. Njenengan ki Bu RT lho mosok senengane ngejaki rumpi, fitnah meneh, jare anakku nek gossip ki mangan bangkaine sedulure dhewe lho, kan medeni, dosa maneh,” jawabe Ibu.



“Wis nengke wae. Yu Jum, ki sok alim banget dadi uwong ya. Iki ki udu gosip pa fitnah. Aku ki mung ngandharake pendapatku, lho,” ngendikane Yu Marni.

“Ayu ki rak ya relatip ta, Yu. Relatip ki maksude tergantung saka sapa sik delok,” kandhane Ibu.

“Hooh aku setuju karo Yu Jum, tapi aku ki weruh dhewe nek calone Dwi ki cen elik, raine ireng maneh, padhahal kan Dwi ki bagus tenan kaya Arjuna,” sambung Bu Painah kanca sename Ibu.

“Lho, rak tenan. Ora mung aku sek muni ngono. Nang foto sik diaplod nang *facebook* kae ya wis ketok. Nek jejer kae lho malah kaya telek cecak. Ireng putih, kaya *Beauty and The Beast* ha ha ha,” kandhane Yu Marni banjur disambung para Ibu-Ibu sik padha guyu.

“Wis wis aja seru-seru. Ora ilok. Sesuk sawise upacara panggih nang gone manten wedok, trus ngundhuh mantu nang kene, adhewe bakal reti ayu pa orane, ning kudu di eling yen ayu kuwi relatip. Aku ngene-ngene ya ayu nek jare bojoku biyen,” ngendikane Ibu bijak

“Haiya. Sik bener ki relatif udu relatip, Yu,” ujare Yu Marni.

Bener jare Ibu, ora ilok yen ngomongke calon manten nang rewangan. Senadjan Ibu wong kang seneng omong akeh, nanging Ibu bener. Aku mung isa meneng ora melu mbenerke apa nyalahke, wedine dianggep ngece utawa sok bener. Maklum wae, ing desa uwong padha cepas-ceplos yen omongan. Apa maneh yen ngomongke kesalahane uwong, jago banget.

\*\*\*

Minggu iki uwis hari H, Pak Bowo ngundhuh mantu sawise nikahke anak ragile. Mas Dwi wis resmi nikah karo Mbak Salma. Setu wingi upacara panggih nang omahe manten wedok, dilanjut dina iki ngundhuh mantu nang omahe manten lanang. Kabeh uwis disiapke saka dhekorasi, pacitan, *snack* maem, wedang,

lan liya-liyane. Senajan wingi uwis lungguh bareng ing sasana pinanganten ing ngarepe para undangan, manten kekalih bakal diogok-ogokke maneh ing adicara ngundhuh mantu iki. Swasana bakal rame ing njaba lan ing jero. Ing njaba orjen tunggal karo penyanyine uwis tek, ing njero tangga-tangga uwis teka siap maringi pambiyantu.

Aku lan Ibu uwis mara wiwit subuh mau. Akeh gawean sing kudu dirampungke, apa maneh adicara ngundhuh mantu diwiwiti gasik jam 8, dadi kabeh uwis sibuk wiwt isuk nyiapke sakabehane. Ibu-Ibu sibuk naninggi sega, bocah-bocah enom ngewangi nata *snack*, bapak-bapak sibuk nggeneni wedang. Sawise kabeh rampung Ibu-Ibu padha leren, nanging aku lan kanca-kanca isih duwe tugas nyinom.

“Acara uwis arep diwiwiti. Aku pengen weruh manten wedoke jane ayu apa ora?” ngendikane Yu Marni sambu ngematke njaba panggung nggoleki manten wedok.

“Ayu, Bu. Kabeh wong wedok niku ayu,” jawabku.

“Ayu ki putih, duwur, langsing. Reti ora kowe ki, Sri? Kaya aku ki lho wis dadi Bu RT mudha, cantik dan membahana, ora bakal padha nyangka nek aku ki uwis duwe anak siji,” jlentrehe Bu RT kanthi angkuh.

“Iyo kowe ki ayu dhewe, Bu RT. Senadjan ayu mbokya tumindake ya ayu sitik,” panyendhune Ibu.

“Tobat tenan Yu Jum iki. Wong ya aku wonge ora neka-neka,” wangsulane Yu Marni.

“Mantene uwis teka, wis lungguh kae, sapa sing arep weruh aja dha ribut wae,” ngendikane Pak Sopyan nengahi Ibu-Ibu sing isih dhebat.

Ibu-Ibu sing dhebat mau padha nginjen manten liwat cendhela. Kabeh padha kaget weruh mantene sik ayu kaya widadari. Awake putih, resik, dhuwur, lan langsing. Kabeh padha ngalem manten sakloron sing kaya Rama lan Shinta.

Nanging Bu RT tetep kekeh yen manten kuwi ora ayu, isih ayu dheweke.

“Ealah, tiyang niku yen atine wis sombong pancen ngrasa paling apik terus. Uwong iku ana apik lan eleke. Tur ya ayu iku relatip, lan sik paling penting ki ayu atine udu ayu raine. Aja dumeh,” ngendikane Ibu.

Rewang iki menahi akeh cerita. Panggih menahi akeh arti. Budaya wis diuri-uri. Para manungsa padha sawung golek sangu urip tentrem ing donya lan sakwise ora ana. Lan Ibu tetep wae Ibu kang prasaja, seneng muring, nanging atine resik lan wicaksana.

## **Pangabdianku**

Jenengku Bondan, komandhan ing BATALYON 01 LASKAR BERANI MATI.

“Sapa sing ora kenal aku?” pikirku sajak mongkog.

Aku dadi kelingan, cilikanku biyen sing ireng, mbekisik, lan gudigen. Nanging aku ora ngira, saiki aku dadi komandhan kang kondhang lan paling diormati karo para prajurit ing Kutha Ngayogyakarta. Angger aku liwat kabeh padha dhingkluk, ora ana sing celelekan marang aku. Yen tak pikir-pikir uripku kuwi pancen mulya tur beja. Apa maneh aku wis duweni bojo, jenenge Rahmi. Dhik Rahmi kuwi kembang desa ing tanah kelairane, yaiku ing Desa Suruhan. Kulite kuning langsung, matane belo, yen ngguyu katon manis merga lambene sing cilik nyumlik. Mula ya pantes yen akeh pemudha sing ngesir Dhik Rahmi.

Nalika aku arep turu, Dhik Rahmi ndhodhog lawang kamar-ku.

Thok , thok, thok.... “Mas Bondan?”

“Mlebu wae Dhik, ora di kunci, kok.”

Dhik Rahmi mlebu banjur lingguh lan nyekeli tanganku.

“Mas, apa ya kowe ora wedi kelangan aku?”

“Sapa, ta sing wani ngrebut bojone komandhan sing paling sangar lan bengis?” umukku.

“Nanging apa ya kowe ora wedi nek bojomu iki dadi khianat merga kepeksa?” pitakone Dhik Rahmi karo guyon.

“Aku percaya nek kowe iki bisa dadi wong sing amanah, nek karo negara wae isa setya apa maneh karo aku imammu,” wangsulanku karo ngrangkul Dhik Rahmi.

Pas aku wis mapan arep turu ndilalah aku di tilpun seka markas pusat. Ngomongke yen wektu liburanku wis entek. Dadine sesuk esuk aku wis kudu balik ning markas, wes kudu siap perang mbelani negara.

“Dhik Rahmi, sesuk aku wis kudu balik markas maneh.”

“Lha, kok cepet banget mas,” wangsulane Dhik Rahmi sajak kaget.

“Lhaa piye maneh, Dhik, jenenge wae pejuang, kudu siap kapan wae.”

“Hmmmh,, iya Mas rapapa. Sing penting Mas Bondan sehat terus ing kana.”

“Wah, sing gematine puooll, hahahahaaaa,” semaurku sajak ngece.

“Yawis lah aku mutung.”

Dhik Rahmi langsung manyun

“Wis-uwis rasah nesu, saiki wis wengi, ndang turu. Aku tak siap-siap nggo mangkat sesuk.”

Aku langsung nyiapke kabeh gegawan sing dakperlokake sesuk. Sragam, kaos, sarung, kathok, lan liya-liyane. Dina iki pancen dina pungkasan aku ning omah lan isa guyon bareng karo Dhik Rahmi. Esuke aku pamitan karo Dhik Rahmi.

“Dhik aku pamit, arep mangkat. Dongakne masmu iki muga bisa slamet lan bangsa iki bisa uwal saka Landa,” pamitku karo ngaras bathuke Dhik Rahmi.

Wektu pamit Dhik Rahmi ora semaur apa-apa. Dheweke mung dleweran luh, nangis merga pangabdiku marang nagara ora bisa disemayani. Wektu wis nuduhke jam 07.00 esuk, aku mangkat tumuju stasiun wates. Aku mangkat seka Wates tumuju Surabaya kanggo njupuk berkas sing digawa Koprak Anas. Nalikane sepur wis teka kabeh langsung pada dhesel-dheselan. Alhamdulillah aku isa oleh lungguhan. Sambi lungguh aku nyawang sesawahan, nganti ora nyadhar yen wis arep tekan

stasiun Surabaya. Seka kadohan aku bisa ndelok Koprал Anas sing ngadeg ing balkon pinggir rel sepur.

“Koprал Anaas!” pambengokku seka njero gerbong.

“Weeee Pak Komandhan!” wangsulane Koprал Anas.

Lagi wae seneng isa ketemu maneh ndilalah “dhhhuuuarr” ana montor mabur mungsuh sing nibakke bom. Nasibe mujur bom kui tibane ning tengah rel sing jarake rada adoh seka stasiun.

“Aaaaaa, ana Landaaa,” jerite masyarakat sing pada mlayu kocar-kacir keweden.

“Syiuuuuttt dhuaarr” montor mabur mau nibakke bom maneh. Bom iki tiba ning sisih kiwane stasiun. Sing marakke masyarakat padha lara lan ana sing gejeblukan.

“Ayoo kabeh padha pindah sing aman!” bengokke Pak Samsul sing dadi kepala stasiun.

“Ayo diwales kanthi ditembaki,” usule aku lan Koprал Anas.

“Ya wis ayo bareng-bareng nglawan Landa!” wangsulane Pak Samsul manteb.

Derr derr dorr dorr derr.....

“Ayo tembaki terus, wis arep mati kae,” pambengokku.

Nalikane lagi pada nembaki, ndilalah montor mabur mau bales nembaki. Pelurune malah nembus sirahe Pak Samsul sing ngadeg ning ngarepku caket.

“Aaaaahh!!!” Jerite Pak Samsul mbengok.

Amarga kahanan wis saya tegang, aku, Koprал Anas, lan rombongan langsung ninggalke stasiun. Mangkat numpak sepur tumuju stasiun Yogja. Satekane ning stasiun Yogja aku lan rombongan sansaya kaget. Akeh wong mati pating klekar ing kono.

“Mesti iki ulahe wong Landa,” pambengokku karo neteske luh.

“Kejem banget! Awas ya nek sesuk aku wes gedhe, tak bales kowe!” unine bocah cilik sing ngadek ing samingku.

“Komandhan, kayane kahanan wis saya gawat ayo ndang ning markas,” usule Koprал Anas.

Pas sore iki aku lan kabeh rombongan wis tekan markas. Ning kono aku ketemu Pak Ginting.

“Pak Ginting, kepiye kabare?” pitakonku.

“Alhamdulillah sae Pak, oh iya Pak niki dhatane wong sing padha lara kena ketembak Landa.”

“Yawis ndang diobati. Aja lali istirahat mengko bengi jadwal jaga, ta?” pitakonku.

Pas wengine aku, Koprал Anas, lan Pak Ginting jaga ning ngarep pos penjagaan, supaya markas lan masyarakat bisa aman. Hawane pancen adhem. Mula ben ora pati kademen aku lan wong loro mau nyambi guneman lan ngopi.

“Pak aku duwe rencana kepiye yen sesuk malem Kemis awake dhewe nyerang markas mungsuh?” usulku.

“Wadhuh piye, ya. Mungsuh saiki wes duwe montor mabur, je,” wangsulane ragu.

“Halalhh mengko malah kaya biyen maneh, lagi weruh mungsuh wae langsung ngompol lan mlayu,” Pak Ginting nyindhir.

Lagi wae penak-penake guneman ndilalah ana swara kresak-kresak seka arah semak-semak. Aku lan kabeh kanca langsung nyiapke bedhil, siyaga. Swasana ing alas dadi krasa ngeri amerga hawa adem lan swara jangkrik kang ngerik. Pas aku ngematke menyang arah semak-semak kuwi, tak delok kaya ana cah wadon. Ngerti yen aku lagi ngewasne dheweke langsung mlayu.

“Loh Pak kok ana wong wadon ning kene, sapa kuwi, Pak?” takone Pak Ginting.

“Aku ora ngerti, Pak. Nanging nek seko bentuk awake kayane aku kenal nanging sapa, ya?” wangsulanku.

“Ya wis Pak mendhing saiki awak dhewe balik ning markas wae istirahat saiki ya wis jam 01.00 subuh,” usule Koprал Anas.

Nalika arep turu aku isih wae kepikiran wong wadon mau.

“Jane sapa ta wong wadon mau? kok kaya kenal ya??” pitakonku sajroning ati.

Ora let suwi aku keturon. Aku tangi jam 04.00 esuk. Banjur aku nindakake sholat subuh lan antri adus. Sawise kuwi aku, Pak Ginthing, lan Pak Koprал Anas rembugan.

“Pak Bondan esuk iki acarane napa nggih?” pitakone Koprал Anas.

“Namung pelatihan prajurit,” Wangsulanku.

“Lhaa terus rencana serangan kepiye, Pak?” tambahe Pak Ginthing.

“Mula kuwi, mengko bengi kumpulna kabeh prajurit pilihan. Masalah strategi aku wis duwe rancangane.”

“Siyap, Pak!” wangsulane Pak Ginthing.

Nalika wis rampung adus, aku lan wong loro mau mlaku-mlaku ngubengi markas sinambi rembugan.

“Pak, apa tenan iki wis ana rancangan lan strategine?” pitakone wong loro bareng.

“Ya uwis. Kuwi strategi sing wes dipercaya awit jaman biyen,” wangsulanku.

Ndilalah mak sliwer ana wong wadon sing dedege padha persis kaya wong wadon sing ana ing alas mau bengi.

“Eehh Pak, iki kan wong wadon sing ning alas mau bengi,” unine Koprал Anas

“Wehh iya. Ayo dioyak!”

Pas ning ngarep gerbang ndilalah wong kui ngilang. Mbuh ndhelik ngendi.

“Lhoo ngendi wong wadon mau?” pitakonku.

“Mlayune cepet banget, je,” tambahe Koprал Anas.



“Kriiiiiinnnggg” bel tandha kumpul wes muni. Prajurit padha pating gregah tumuju lapangan.

“Wis lah ayo ning lapangan,” ajake Pak Ginting.

Kabeh prajurit wis pada kumpul ing lapangan markas. Kabeh padha latihan perang ing kelase dhewe-dhewe. Ndilalah ana prajurit sing nggresula kesel. Kamangka latihan durung ana stengah jam.

“Heh prajurit! Ngapa kowe ora melu latihan?” pitakonku tegas.

“Ngapunten komandhan kula kesel,” wangsulane prajurit mau.

“Halah aleman! ayo latihan maneh,” jawabku kasar

“Siap pak!”

Pas jam 10.00 latihan wis rampung. Aku banjur adus sisan umbah-ubah gombalan regedku. Wengine, pasukan-pasukan pilihan wis padha kumpul lan siap ning lapangan. Nalikane jam 11.30 wengi, aku, Koprал Anas, Pak Ginting lan satus pasukan pilihan mangkat tumuju markas mungsuh. Bedhil, amunisi, lan liya-liyane wis siap lengkap. Ora let suwi aku lan para prajurit wis tekan ning markase Landa. Kabeh wis pada siyap ing posisine dhewe-dhewe.

“Prajurit! aja ana sing nembak sadurunge dakwiwiti.”

“Duuuaarr” durung rampung aku ngomong, ndilalah ana prajurit sing miwiti tembakan.

“Ayoo tembak waee! rasah kesuwen, rek!” bengoke prajurit mau.

Wusana tembak-tembakan wis ora bisa dialangi. Akeh saka prajurit Landa sing mati. Ora nganti lima las menit prajuritku bisa ngalahke prajurit Landa.

“Galo Pak, deloken menang, ta,” unine prajurit sing ngawiti tembakan mau.

"Iya, Alhamdulillah menang. Ananging aku ngerasa ana sing aneh," wangsulanku sambi kukur-kukur sirah.

"Kopral Anas, gawanen sebagian prajurit ngecek keamanan markas mungsuh." Prentahku.

Durung wae sida tekan markas sikile Kopral Anas ngidak ranjau. Kopral Anas lan prajurite mati tanpa sisa.

"Dhuhh, mesti iki awak dhewe digarapi Landa!" pang-rasaku.

"Tapi kok bisa ya Pak strategine bocor. Apa ana hubungane karo wong wadon sing kae?" pitakone Pak Ginting.

Lagi wae arep tak jawab, ndilalah ana parajurit-prajurite Landa sing ngepung prajuritku. Aku sakanca kecekel landa.

\*\*\*

"Bondan-bondan kowe kok ya gampangmen digoblogi," unine penggedhene Landa.

"Apa maksudmu?" pitakonku.

"Wong sing paling mbok tresnani saiki dadi abdiku," wangsulane.

"Rahmi? Ora mungkin nek Dhik Rahmi dadi pengkhianat bangsa!" pambengokku.

"Iki tenan!" swarane Dhik Rahmi seka arah mburiku, "aku sing mbocorke strategi perangmu."

"Lha kok kowe tega nggawe ala bojomu iki, disekap Landa. Nggawe akeh korban sing ora duwe salah?" pitakonku sambi nangis.

"Aku wis bosen, Mas. Urip apa anane serba kepisah merga perang. Perang, perang, lan perang terus!"

Rahmi saiki wis beda karo sing mbiyen. Aku ora nyangka nek wong sing paling dak tresnani bakale kayangene.

"Wis saiki rasah kakean basa-basi! Aku kepengin kowe dadi abdiku kanggo nglawan markas pusat kang ana ing Jakarta."

"Aku ora bakal gelem dadi kacungmu!" wangsulanku kasar.

“Yen kowe pengen urip mulya melu aku, yen kowe ora gelem, kowe bakal weruh wong sing koktresnani mati nang ngarepmu!”

Wektu Landa ngomong kaya ngono atiku nggerus. Senadyan Dhik Rahmi khianat, ananging ati iki ora ngapusi, yen aku isih tresna. Apa meneh bayangke yen Dhik Rahmi mati merga aku. “Aku ora lila,” batinku.

Ananging aku kelingan marang omongane bapakku “yèn dadi prajurit aja wedi mati merga ditembak, ananging wedi yèn dadi khianat bangsa.” Tanpa pikir suwi, aku kelingan yèn aku nyimpen belati cilik ing sepatuku. Kunjara iki dadi saksi yèn aku dudu wong sing khianat marang bangsa.

## Doni

Jenengku Dian. Dian Ekawati Prasetya dawane. Umurku 13 taun. Aku kelas 7 ana ing salah sawijiing SMP swasta ing tlatah Ngayogyakarta. Iba bungahing atiku amarga mlebu ing SMP iki aku wis kepareng nyekel HP karo bapak lan ibu. Saka kanca aku dadi ngerti manekawarna aplikasi sing ana ing HP. *Aplikasi* sing paling daksenengi yaiku *instagram*. Saka *instagram* aku duwe kanca akeh banget saka *saantero* Indonesia. Kanthi *instagram* aku uga duwe kanca saka manca negara, kalebu Malaysia. Salah sijine kancaku ana sing jenenge Doni. Umure 17 taun.

Saka foto sing *diupload*, katon menawa bocah kuwi bagus tenan. Wis putih, dhuwur, irunge uga mancing. Komplit pokokke. Meh saben dina, Doni *ngechat* aku lewat DM *instagram*. Takon kabarku, takon aku lagi ngapa, aku wis maem apa durung, yen dakrasaake dheweke perhatian tenan marang aku. Kadhangkala, aku ngrasa GR alias gedhe rasa. Aja-aja, Doni iki lagi jatuh cinta marang aku. Sajane, aku ya duwe rasa karo Doni, nanging amarga aku bocah wadon, kabeh rasa iki mung takpendhem sajrone dhadha, ora wani ngungkapake. Simbah-simbah jaman biyen ngendika menawa bocah wadon ngungkapake rasa tresna iku ora ilok. Kadhangkala aku bingung kudu konsultasi karo sapa. Karo Nia kanca kenthelku, aku isin, aja-aja aku malah diece. Arep matur marang bapak lan ibu, aku wedi, mengko gek-gek HPku malah disita. Ah, pokokke kabeh rasa iki dakpendem dhewe. Apa iki sing diarani cinta pertama?

“Dhik Dian, apa kabar? *Boleh nggak aku minta nomor WhatsApp kamu?*”

Pesan sing dikirim Doni lewat DM instagram. Gage aku mbales “boleh dong.” Ora grantalan suwe, nomor WAKu dak-kirimake Doni. Sore iku uga, Doni nelpon aku lan langsung dakangkat.

“Halo, Dhik. apa kabar?”

Mak dheg aku krungu swara sepisan saka Doni. Kok suwarane rada aneh? Apa dheweke lagi watuk? Ah, aku ora preduli. Rasa penasaran kuwi ilang kabunthel, rasa bungahing atiku ditilpun dheweke.

“Hai, Kak. Kabarku baik-baik saja,” wangsulanku.

“Aku pengin ngomong sesuatu. *I love you*. Mau nggak jadi pacarku?”

Jantungku rasane kaya meh copot. Embuh kepiye carane aku nggambarake rasa seneng iki. Sing bisa daklakokake amung mesam-mesem. Aku banjur mangsuli, “iya, aku mau.”

Saiki aku wis ora *jomblo* maneh. Dina iki aku resmi *jadian* karo Doni. Seminggu, rong minggu, telung minggu, aku wis arang srawung karo kanca-kancaku. Bali sekolah, mlebu kamar, langsung *chatan* karo pacar *onlineku*, Doni. Lali mangan, lali ganti klambi, fokus *chattingan* karo dheweke, ibuku nganti gumun.

“Kok ora maem, Ndhuk?”

“Sampun maem wonten kantin kok, Buk.”

Sejatine aku yo durung mangan, nanging aku dhewe gumun kok ora duwe rasa ngelih. Sasi wis ganti sasi, tanggal enom ing wulan iki. Wayahe para siswa bayar SPP. Esuk mau ibuku maringi dhuwit kanggo bayar SPP. Sinambi nunggu *Gojek* sing arep ngeterke aku menyang sekolah, aku buka HP. Ndilalah kok Doni tilpun aku. Gage dakangkat. Krungu suwara ing sebrang kana.

“Dhik, halo, adhik. Aku sekarang lagi di Surabaya. Kamu harus nolongin aku. Aku kecopetan,” swarane groyok.

“Loh kenapa? Aku bisa bantu apa?”

“Tolong banget kamu minta uang ke orang tua kamu, terus *transfer* ke rekening aku. Besuk aku kembalikan.”

“Berapa? Aku gak punya uang. Kalau minta ke bapak ibu pasti nggak dikasih.”

Jane aku ngrasa mesakake marang Doni. Apa meneh aku iki pacare, mosok ora bisa ngewangi. Nanging aku yo pancen ora duwe dhuwit. Ujug-ujug, mak cling. Aku eling yen aku digawani ibu dhuwit kanggo bayar SPP. Aku duwe pikiran, yen dhuwit iki arep dak*transfer* kanggo nulungi dheweke. Menawa dhuwit kuwi wis dibalekake, bakal langsung taknggo mbayar SPP. *Gojek* sing dakpesen teka.

“Pak, sakderenge tekan sekolah mampir ATM riyin, nggih.”

“Nggih,” wangsulane bapak *Gojek*.

Tekan ngarep ATM aku gage mlayu saperlu *transfer* dhuwit kanggo nulungi Doni. Ing sekolah katon wis sepi, amarga aku wis telat, nanging aku ora preduli. Sing penting atiku seneng amarga aku isa tetulung. Seminggu sawise kedadean iku, ibu sing lagi mirsani TV nimbali aku kanthi swara sora.

“Dian, cepet mrene. Nonton iki, lho.”

Aku cepet-cepet marani ibuk. Sawise nonton berita sing disiarahe ana ing TV, aku kaget, emosi, pengen misuh rasane.

“Gandrak, Doni gemblung!” bantinku.

Berita sing disiarahe ana ing TV mau ngandharake menawa ana sawijining bapak umur 40 taun sing jenenge Subandi, dicekel polisi amarga penipuan nganggo akun instagram sing *mengatas namakan* Doni. Polisi uga nerangake menawa *modus* penipuan Subandi nganggo foto-foto sing jane dudu dheweke lan ngaku-ngaku bocah 17 taun. Subandi ngaku yen dheweke wis meres bocah-bocah wadon supaya *transfer* ing rekeninge.

“Asem, asem tenan. Jebul aku iki salah siji saka korbane,” batinku karo nggedumel.

Pirsa menawa aku katon bingung lan sewot, ibu ndangu,  
“Ana apa, Ndhuk? Gek-gek kowe ya kena tipu kuwi?”

Aku saya bingung. Matur apa ora. Ning menawa aku ora matur, piye olehe aku ngijoli dhuwit SPP? Dakwanek-wanekkake matur marang ibu. Cen sejatine aku kapusan. Arep kepriye mengko kersane ibu, aku mung pasrah.

## **Pengin Dadi Youtuber**

“Ndhukk! Iki lho bakmine selak adhem!”

Pancen. Sanajan wis sore ngene iki, swarane ibuku tetep wae banter kaya bledheg nalika ngundang aku, apa meneh yen dikongkon mangan. Rasane angel banget nglumpukke niat kanggo ninggalke kasur. Sajanne, saiki aku lagi teturon sinambi nonton *video youtuber* favoritku, “Bu Binar Selalu Lapar”. Awake subur ginuk-ginuk. Senengane nganggo gincu abang kaya lombok rawit. Nyawang Bu Binar mangan sop buntut sing dikeceri jeruk nipis lan dicampur sambel, digathukke karo tempe garit lan sega anget kemepul marai aku ngeces. Rasane aku gumun banget marang *food vlogger* iki. Bu Binar isa nggawe *review* panganan sing wuelok tenan ing saben restoran sing ditekani. Malah, panganan sing ketoke ora enak, isa ketok suedhep yen awakdhewe ndelok *video review*-ne Bu Binar. Aku kepengen banget dadi kaya Bu Binar. Mung nganggo modhal kamera lan weteng kemrucuk, awakdhewe iso mangan gratis ing saben restoran. Nanging, aku isa apa? Wetengku sih, wis kerep kosong. Tur mbuh kepiye kok dompetku ya melu kosong, mula hurung isa tuku kamera.

“Krungu ora mau ki ditimbali Ibu? Cepet gek ndang tangi, adhikmu wis ngelih,” kandhane Ibuku sing wes jengkel ndelok aku glundhang-glundhung ing kasur.

“Iki lho Bu lagi arep tangi,” panyautku sinambi nggrayah-grayah sandal ing ngisor kasurku nganggo sikil.

“Kesuwen kok ora ket mau.”

Sajanne yen didelok, ibuku ki lucu nek lagi nggedumel ngono kui. lambene Ibu menjeb lan mripate plerak-plerok. Sanajan ibuku arep nesu, arep ngguyu, aku tetep sayang.



Bubar nganggo sandal, aku langsung mlaku tumuju meja makan. Ing kana aku weruh mie ayam panas sing dicepakake ing patang mangkok, pepak karo sendok lan garpu. Ketok cetha banget kebul panas sing metu saka mangkok, tandhane mie ayam kuwi lagi wae diangkat saka kompor. Ing sisihe ana pangsit goreng warna kuning rada coklat sing isine suwiran ayam. Wetengku wis muni krucuk-krucuk kaya menahi sinyal awakku kudu ndang mangan. Aku gage lungguh ing sisihe adhikku. Ora lali, aku njupuk sambel telung sendhok, lan pangsit sing sajake ngawe-awe aku.

Ndelokke panganan sing kemepul ngene iki dadi kelingan Bu Binar. Jarene Bu Binar, cara paling bener anggane mangan mie ayam kudu nyelupke pangsit telung dhetik, banjur langsung dikremus ing njero lambe. Sawise dimamah, aja lali dikomentari rasa lan tekstur pangsite. Tanpa omong maneh, aku langsung niru carane Bu Binar. Tak jupuk pangsite, tak celupke ing kuah mie. Wooow.... edyan. Bu Binar pancen paling bener. Ana rasa anget-anget campur kemripik. Nanging aku ngrasa ana sing kurang.

“Wuoh, Bu... juos iki. Pangsite wis pas, kemripik mantep tenan. Ning kok rasa kuahe kurang gurih ya Bu, kaya kurang uhh ngono, lho,” kandhaku karo camuk-camuk.

“Mbak Laras ki ngapa, ta? Mangan sik lagi ngomong,” pitakone adhikku amarga bingung.

“Iki jenenge *review* panganan. Lagi *trend* saiki.”

“Yowis nek ra seneng, rasah dipangan! Wis dicepakke, mangan kari mangan kok angel.”

Wadhuh mumet iki. Ibukku malah duka. Aku gage-gage mangan banjur ngewangi asah-asah, ben ora didukani ibu meneh. Rampung asah-asah, aku mlebu kamarku meneh, neruske acara glundang-glundungku ing kasur. Tanpa sadhar, aku dadi kelingan ngendikane ibu mau. Apa sing dingendikakake ibu

mau nyeseke atiku. Mosok mung *review* panganan diomongi crigis. Rasane dadi *food vlogger* kaya ora mungkin. Ibuku babarpisan ora pangerten karo aku. Marai tambah males metu saka kamar.

“Tiing!” dumadakan hpku muni. Jebul ana *chat* mlebu saka kancaku Ucup.

Gage aku mbukak hpku.

“Halo, Ras! Piye kabarmu? Muga-muga sehat. Saiki kan aku usaha batagor. Aku arep njaluk tulung, dodolanku dilarisi Ras, hee..hee. Nek gelem saiki tak terke ning omahmu, tak wenehi diskon spesial nggo kowe. Suwun, ya Ras.”

Walahh... jebul njaluk ditukoni. Tak pikir arep ngenehi jawaban PR. Aku gage mangsuli.

“Ora sik, Cup. Mau bar mangan mie ayam. Suwun.”

Nanging bubar tak pikir-pikir, kudune dodolanne Ucup wis entek, amarga wes wayah wengi. Nanging kok isih njaluk ditukoni? Ucup iki kanca kelasku sing terkenal amarga kerep dodolan panganan kanggo ngewangi keluargane. Wangsulane sing tak ketik mau gage tak busak.

“Wahh suwun tenan, Cup. Langsung kirim wae, 3 bungkus. Takenteni.”

“Suwun tenan, Ras! Aku mangkat saiki uga,” wangsulane Ucup.

Karang wes kadereng rasa welas. Lumayan ta, etung-etung menahi rejeki. Ora nganti limalas menit, Ucup wis tekan karo nggawa batagor. Aku methukke ing ngarep lawang omahku.

“Iki, Ras pesenanmu. Tak akehi sambel kacange. Limalas ewu wae.” Kandhane Ucup

“Suwun, ya Cup. Pas luwe, eh koe nawakke aku batagor he..hee..”

“Wahh, ya pas tenan. Ya wis, Ras aku tak langsung, arep ngeterke sing liyane. Suwun banget, ya, salam nggo Bapak Ibu!” kandhane Ucup banjur bablas ninggalake omahku.

Amarga ana batagor ngene ki aku dadi kepikiran. Ngapa ora nggawe *review* batagore Ucup. Rasa semangatku bali. Aku gage njupuk piring, sendok, lan garpu banjur bablas menyang kamar. Batagore mau tak seleh ing piring. Amarga ora duwe kamera, aku nganggo hpku. Aku nguripke lampu ben kamarku padhang.

“Ji, ro, lu. Hi gaess!! Piye kabare? Nahh saiki coba deloken ngarepku. Ana batagor sing wuaadaw banget gaweane kancaku. Hmm mesthi wis padha ra sabar ngrasakke kemantapan batagor iki. Yok langsung jajal. Deloken ta gais. Wohh saos kacang, saka kacang asli ora apus-apus!” Kandhaku sinambi numplekke saos kacang ana ing batagor. Wis ora nggagas karo kadadean ing meja makan. Pokoke aku pengen kaya Bu Binar. Tanpa igah-iguh, aku tetep mangan sinambi crigis ing ngarep hp.

“Wis, cukup *review* batagor Mang Ucup ing wektu iki. Aja lali dilarisi dodolane kancaku, yaaa!”

Klik. Nahh. Akhire rampung. Langsung mantap share ning *Instagram*. Aja lali *tag* Bu Binar, sapa ngerti didelok Bu Binar hihihii. Amarga wes wengi, banjur aku turu.

“Ras ayo tangi wis awan, ki,” swarane bapaku alus banget nggugah aku.

Aku njupuk hp, jebul wis jam 8 esuk. Aku kaget ndelok notifikasi hpku sing akeh banget. Isine komentar lan *like*. Ana sing omong lucu banget, ana sing ngelem, warna-warna banget pokoke. Jebul, ing salah siji komentar, ana akun sing jenenge tak apali banget

@binar.anjayani : Enak banget Ndhuk, cucokk!

@binar.anjayani added you to their story

Atiku mak deg. Ora bisa diomongke piye rasane dikomen plus *direpost* karo idholaku. Apa iki ngimpi? Apa aku isih turu? Aku bola-bali napuk pipiku. Kaya ora nyata. Aku gage mbladhat metu saka kamar.

“Pakk! Buuk! Anakmu suk... wuoh,” ing ngarepku wis ana bapak ibuku lan kamera sing apik banget. Aku isih bingung.

“Aku dikandhani Ucup yen hobimu ki marai wong seneng, sumringah. Mula bapak nabung sithik-sithik dinggo nukokke hadiah nggo kowe ben terus makarya,” kandhane bapakku.

“Diniati tenan, ya Ndhuk, pandongaku ngalir terus dinggo kowe,” panyaute ibuku sinambi mesem.

Aku ora isa mangsuli apa-apa meneh. Matur nuwun banget karo Gusti amarga tansah kalimpahan berkah lan diparingi wong tuwa sing tansah ndhukung gegayuhanku dadi *youtuber*.

## **Nala Kang Nyata Ing Mega**

Pada malam yang kalam itu, mereka berdua duduk bersama. Saling menatap mata masing-masing dengan perasaan yang membuncah bahagia. Tari menatap mata Arga dalam, seakan menelusuk setiap relung hati kakak kelasnya itu. Hanya satu yang Tari tunggu. Semoga perasaannya berbalas.

Aku ngguyu. Ora krasa, tanganku alot nulis tembung per tembung ... ukara per ukara ing cerita. Wis penggaweanku sabendina. Nulis ing *blog* lan oleh bayaran merga iklan, uga dadi panglipur dinaku sing kadang ora nyengsemake. Yen dakpikir-pikir ... nulis crita iku lucu. Kadhang digawe ngguyu dhewe tur menawa critane sedhih ya nangis-nangis dhewe, amarga kaya-kaya melu katut ing sajroning crita. Ning sekolahan, julukanku baperan *alias bawa perasaan*. Nanging kaya ngono kuwi ora dakgugu. Nulis iku hobiku, lan aku bakal nerusake ambakna kabeh wong padha nyepele. Dhuh, bahasaku.

“Ndhuk, aja panggah nulis ning *blog* wae lho. Sinau ya penting, awakmu iku siswa, eling,” Ayah dhawuh karo ngelem-pit koran.

“Inggih, Yah. Kula saget nata wektu, kok,” wangsulanku kalem karo ndeleh HP.

Sejatine ora mung pisan pindho wong sak omah ngelingake aku. Janji bisa ngerti kewajiban lan prioritas kanggoku ora dadi masalah.

“Wis ayo gek padha maem. Ayah purun dipundhutake lawuh apa iki? Tempe apa tahu?” Ibuku nengahi.

Astane cak-cek mundhutake ayah sega. Swasana ing meja makan bengi iki rasane katon gayeng. Ing satengahing swasana

iku aku nyendhok sega banjur mamah alon-alon. *Kelingan crita ... penake dakterusake piye ya?*

Isuke ing sekolah, kancaku cedhak sing jenenge Sera heboh. Awake muntir miring amarga lungguhe ning sisihku. HP apike dikathung-kathungne pas ning ngarep mripatku. Sera mrenges amba. “Gayatri! *Alhamdulillah*, akhire aku di *follback* Mas Arganta! Iki lho, adhuh, *ya allah* kaya ngimpi.”

Paling ana sawetara dhetik aku meneng ora kumecap. Awakku rasane kaya ser-seran, pipiku saya anget, padhahal mung krungu jenenge. Meneng-meneng aku ndhingkluk, mati-matian aku nenangake ati sing saya suwi saya *dhag-dhig-dhug*.

Dhuh, muga-muga Sera ora ngerti.

“Woy, Gayatri?” Sera ketara kuwatir. HP-ne banjur disaki.

“Awakmu lara weteng ta?”

Ambeganku daktata temenan. Alon-alon aku mesem marang Sera.

“Wis ... wis. Ora apa-apa.”

“Jan bungah banget. *Instagram*ku di *follback* Mas Arganta. Ayo taruhan, awakmu mesti durung di *follback*, ta?”

Sirahku gedheg. “Alah *difollback* apa, dak *follow* wae durung,” muniku ing jero ati.

Sapa sing ora ngerti Mas Arganta Danura. Kakak kelas paling idhaman ing SMA Adhi Mulia iki. Wis bagus, pinter, tur seneng aweh esem. Aku wani njamin, ora ana bocah wadon sing ora kepincut marang Mas Arganta. Dheweke satingkat luwih dhuwur katimbang aku. Mas Arganta kelas 12, lan aku kelas 11. Sera sing ning ngarepku wiwit mbukaki HP maneh banjur mesem-mesem dhewe. Aku nyangga uang.

Mas Arganta, ya dheweke kuwi sing dadi alesanku nulis ning *blog*. Sejatine aku nduweni rasa menyang Mas Arganta awit aku dadi Ratu MOS pas kelas 10 biyen. Aku ora ngerti alasane apa ananging biyen kuwi jarene aku ayu tur manis banjur akeh

disenengi kakak-kakak OSIS, mula kuwi aku didadekake Ratu MOS. Setahun kepungkur Mas Arganta sing dadi ketua OSIS. Ngenani nulis cerita, idheku ya sedherhana. Mung nduweni pangarep yen mbesuk Mas Arganta bisa maca critaku, amarga kabeh crita ing kana rata-rata ngenani Mas Arganta, nanging salonge dakplesetke. Critane dak gawe posisi aku wes cedhak karo dheweke. Kabeh sarwa samar. Jenenge wae fiksi tur *halu*. Mula saka kuwi aku kadhang isin. Sarana *blog* kuwi, kabeh isi atiku dak ambrolake arupa karya, ben ora sia-sia tur nglegakake.

Mas Arganta uga dadi motivasiku. Wiwit saka sinau, aku rumangsa kudu padha pintere kaya Mas Arganta. Apa wae sing diduweni Mas Arganta kena dadi panutan, kabeh sarwa becik.

Aku ngguyu nglirik Sera. Saseneng-senenge aku karo Mas Arganta, aku kudu tetep njaga dhiri merga aku kuwi wong wadon. Panggah ana subasitane. Mokal yen aku ngetarani dhisik, ora pantes banget. Saking rapete rahasiya iki, ora ana wong sing ngerti kalebu Sera. Wis ben aku lan Gusti Allah wae.

Mulih sekolah, kaya biasane aku nunggu ing ngarep gerbang. Sore iki kepener sing mapag Mas Toni, masku kandhung. Ananging Mas Toni ora ndang teka. Sawetara suwe aku ngenteni kira-kira limalas menit, aku mutusake nulis cerita ning *blog*. Ora pedhuli yen posisiku karo ngadeg.

Tari menunggu di depan gerbang. Sedikit mendecak kesal kenapa kakaknya tak kunjung datang. Tahu begitu, Tari tadi naik angkot saja. Tari melihat

“Dhik Gayatri, ya?”

Aku mandheg nulis. Mak dheg mak tratap, pas aku noleh, ning sisihku wis ana Mas Arganta. Saking kagetku, ora krasa HP-ku tiba. Hp-ku kuwi mau banjur dijupuk Mas Arganta. Rumangsaku kedadeyan kuwi cepet banget. Aku panggah meneng, mboh ngapa kok angel arep obah. Mas Arganta ketara ngempet ngguyu ndeleng polahku. Dheweke ndelok HPku. Sadhar karo

kuwi, aku cepet ngrebut lan ndelehne HP menyang sak rok. Ndhingkluk, blas ora wani ngangkat sirah.

“Kok durung dipapag?” Mas Arganta takon karo suara sing ngadhemake ati.

Gelem ora gelem aku ndhangak, ndeleng Mas Arganta sing luwih dhuwur dedege kuwi. Aku meksa eseman, muga-muga Mas Arganta ora sadhar yen awakku adhem panas. Seneng tur ndhredheg.

“I, iya, Mas. Masku suwi,” wangsulku.

Sore iku, aku nunggu Mas Toni karo dikancani Mas Arganta. Ing atiku sakjane wes ra betah kepingin takon nyangapa Mas Arganta kok ngono menyang aku, tapi ora ana sing kawetu saka lambeku. Aku nglirik Mas Arganta sing lagi ndeleng padhange rina. Seka iringan, pasuryane tansah nentremake. Dina kepethuku karo Mas Arganta wis resmi dakkenang dadi dina sing paling apik. Ngerti mobile Mas Toni diparkir cedhak gerbang, Mas Arganta banjur pamit mulih.

Wiwit dina iku, aku rumangsa yen cerita novel sing dak tulis ning *blog* siji-siji kedadeyan. Senajan ora persis, aku malih kerep ketemu Mas Arganta. Akeh-akeh Mas Arganta sing nyedhaki aku luwih dhisik. Kadhang mung nyapa, kadhang ya mung mesem, uga kadhang malah cerita ngalor-ngidul sajluntrunge. Akeh bocah sing penasaran ngenani aku lan Mas Arganta, nanging aku ora bisa mangsuli apa-apa, wong sejatine aku lan Mas Arganta iku ya mung kekancan. Posisine ya kakak kelas sing akrab marang adhik kelas.

“Dhik Gayatri ana?”

Aku krungu ana wong nggoleki aku. Bareng dak toleh tibake Mas Arganta wis ana ing tengah lawang. Sera banjur ngadek terus heboh njongkrok-njongkrokne. Pancen ajaib kancaku kuwi. Siji loro bocah kelasku uga padha nggodha. Aku tambah isin sak tenane, tapi pas dak sawang, Mas Arganta malah ngguyu



karo ngawe-ngawe supaya aku ndang nyedhaki dheweke. Ora ana pilihan liya aku banjur mara.

“Ana apa, Mas?”

“Mengko sore aja ndang mulih ya? Aku ana wigati sedhela,” Mas Arganta nggunem lirih.

Tanpa mikir aneh-aneh aku ngiyani. Sadawane pelajaran aku blas ora bisa fokus. Pikiranku tansah ngambara. Bola-bali aku disenggol Sera yen sekirane aku ketara nglamun ben ora digetak guru sing lagi mulang.

“Gayatri, Mas Arganta kae mau tenanan ta?”

Sera nyangklong tas, ndeleng aku kawatir.

“Mengko gek ora wae. Aku mesakke yen awakmu ning sekolah sampek sore.”

“Ora apa-apa. Aku percaya Mas Arganta ora bakal nglakoni ngono. Yen Mas Arganta wis ngomong, apa maneh marani aku langsung, wis mesti dudu apus-apus, Ra,” omongku yakin nututi Sera metu saka kelas.

Sawise Sera pamit mulih dhisik, aku lungguh ning ngisor plang ngarep kelas. Watara limalas menit, Mas Arganta isih durung teka. Mas Toni wis ping loro nelpon aku sing panggah takjawab takkon sabar ngenteni dhisik. Atiku ora kepenak. Rada mesakke karo Mas Toni sing wis njangkrung suwi ngenteni ning ngarep gerbang.

“Sepurane Dhik, ndadak ana urusan sawetara karo cah OSIS bab wawancara pilihan anggota OSIS anyar,” ujare Mas Arganta ketara kesusu.

Mripate nyawang aku kebak rasa salah. Aku mesem banjur gedheg.

“Ora apa-apa, Mas.”

Aku ndeleng Mas Arganta sing panggah gagah kaya biasane.

“Banjur ... iki ana apa ya, Mas? Sampean arepe kandha apa?”

Mas Arganta lungguh ning sisihku, ora pati cedhak. Tangan lorone nggegem, awake rada mbungkuk, khas wong lanang sing lagi *gelisah*.

“Aku wis maca karanganmu. Yen aku oleh ngira, iku nyritakake aku kabeh ta, Gayatri?”

Aku kaget. Kandhane Mas Arganta kuwi mau genah banget lan aku paham. Atiku kejer ra karu-karuan. Bingung arep njawab apa. Yen tak jawab aku mengko isin, yen ora tak jawab Mas Arganta tambah kepingin weruh. Aku ora ngucap.

“Wis ora usah kokwangsuli ... aku wis ngerti, Dhik,” ujare Mas Arganta ora sranta.

Aku ndeleng dheweke. Mripate uga nyawang aku ayem. Iki nyang apa maneh kok meh persis karo critaku ning *blog*? batinku ora sadar.

“Wis kawit suwi aku nyedhaki awakmu, Gayatri. Puncake ya pas akun IG-ne Sera dak *fallback*, karepku ben aku bisa cedhak karo awakmu. Isinku kenemenen yen kudu nge-*follow* luwih dhisik. Ngerti fotomu ning IG-ne Sera aku wes marem,” panjelase Mas Arganta karo ngguyu.

Wis ... blas. Aku ora bisa mangsuli apa-apa. Kaget banget. Mas Arganta mesem maneh.

“Aku wis ngamati awakmu suwe. Ya lagi saiki aku nuduhake sing satenane ... liwat tumindakku.”

“Aku uga ngerti yen cerita sing kok karang iku rata-rata ngenani aku. Nganti bab terakhir ... kabeh wis takwaca. Aku malih ngerti pengarepanmu marang aku liwat cerita kuwi. Muga-muga awakmu ora kaget yen caraku nyedhaki meh padha karo sing ning *blog*, sejatine aku blas ora weruh carane nyedhaki wong wadon iku kepriye.”

Mas Arganta ngguyu kalem. “Ceritamu apik, patut yen akeh sing seneng.”

Atiku ces-cesan, rasa bungah lan trenyuh campur dadi siji. Ning ngarepku Mas Arganta ngandharake perasaane. Salah siji kedadeyan paling langka sing wis suwi takpingini nganti kegawa impen. Aku ngguyu, meh mbrebes mili merga saking bungahe.

“Matur nuwun wis gelem maca, Mas. Katone tanpa aku menehi wangsulan, sampean wis ngerti dhewe aku iki kepriye.”

Sakbare pangucapku, aku lan Mas Arganta padha ngguyune. Lega karo perasaane dhewe-dhewe. Sore kuwi, ngarep kelas dadi saksi bisu awal sesambunganku karo pemudha idhola sekolah. Rasaku marang Mas Arganta wis kasunyatan, persis crita novel. Meneng-meneng aku nglirik Mas Arganta karo mesem. Tresna kapisanku pancen nyata maremake. Katone bar iki aku kudu nggawe cerita basa Jawa kanthi judhul anyar sing nyritakake ngenani lan Mas Arganta kanthi judhul *Nala kang nyata ing mega*. Rasa sing nyata ing wayah sore.

## **Layangan Anyar**

Dina Minggu wayahe prei sekolah. Bocah-Bocah padha dolanan layangan. Andi, Anton, Banu, lan kanca-kanca padha dolanan layangan ing lapangan kulon ndeso. Layangan Andi gambar macan, layangan Anton gambar jaran, layangan Banu gambar sapi, lan sapanunggalane kan akeh uga warna-warna gambare. Ing dina kuwi bocah-bocah padha seneng banget, krana layangane ingkang diundha bisa muluk kena angin kanti klebet-klebet suarane.

Sawise kesel ngundha layangan, Andi banjur mulih ning omahe. Ing ngomah, Andi weruh adhine ngrengok kekejer njaluk layangan anyar marang ibu. Adhine Anton jenenge Hasan, umur 7 tahun, kelas 2SD. Anton sayang banget marang Hasan, amerga adhi siji-sijine. Hasan nangis mergo layangane rusak disuwek-suwek Budi amerga bar mungsuhan. Wusana Hasan nangis-nangis marang ibune njaluk layangan anyar. Nanging ibune kabotan, merga ora kagungan dhuwit. Bapake mung tukang rosok, ibune bakul koran.

“Ibukk, tumbaske layangan anyar. Layanganku dirusak Budi mergo mau bar gelut karo aku,” kandhane Hasan karo nangis.

“Lha dalahhh... nek karo kanca ki sing akur.. Ibukmu ora duwe dhuwit. Iki garek sepuluh ewu arep dinggo tuku beras karo endog,” wangsulane ibune memelas.

Anton nangis krungu kandhane ibune marang Hasan. Mesakke adhine jejulukane ora katurutan. Banjur Anton melebu kamar kanthi njupuk celengane sing bentuke pithik jago.

Celengan banjur dipecah. Isine ana nematus ewu. Banjur dhuwit mau dinggo nukokke layangan hasan. Turahane dinggo tuku sepatu, buku, tas, mbayar SPP, lan sapanunggalane. Ibune Anton seneng banget.

“Ya, wis Le yen ngono. Matur nuwun banget. Pancen kowe bocah pinter. Bakti marang wong tuwa, tresno marang adhimu.. masalahe ibukmu iki yo ora duwe dhuwit tenan. Iki mung ono dhuwit sepuluh ewu arep tak nggo belonjo beras karo lengo,” Ibune mangsuli Anton.

“Nggih Bu sami-sami.”

“Matur nuwun, Mas. Aku seneng banget,” Hasan kandha karo Anton, kamase kang banget ditresnani.

“Iya, Dhik. Senengmu ya senenge Mas Anton. Wis wajibé aku nulungi adhiku yen ana kebutuhan. Ing kluwarga kabeh kudu akur lan tulung-tinulung,” wangsulane Anton marang hasan.

Banjur Hasan lan Anton boncengan numpak pit menyang warung tuku layangan anyar.

## Kisinin

Wengi wis ngarepake jam loro. Nanging ora kaya adate, mripatku ora bisa merem. Mbuh ora ngerti jalarane. Lan wengi iki kaya beda karo wengi-wengi biasane. Nyenyet. Ora ana suwara walang sing adate ngrenggani wengi. Taktoleh bojoku nggone turu nglempus. Keprungu suwara ngoroke kang alus. Dumadakan kupingku krungu suwara nyalawadi. Takjereng kupingku kanggo nyaring suwara-suwara wengi kang rada nyalawadi iku. Nanging suwara mau wis ora keprungu maneh. Aku bali mapanake atiku sing mau dheg-dhegan. Nanging durung wae bisa jenjem, dumadakan suwara mau keprungu maneh ing kupingku.

"Pak, kok kaya ana swara kemrusuk, ya Pak."

"Swara apa, ta Bu?"

"Kuwi ,lho kemrusuk kemrusuk Ning njaba."

"Alaah, Bu, Bu....wis, wis turu wae."

"Nanging, Pak."

"Wis, wis ngesuk isih akeh gawean. Saiki istirahat ndhisik."

Aku banjur ngeremake mripatku sing wis abot banget rasane. Ora let suwe aku krungu swara kemrusuk mau sing tambah cetha.

"Pak, kui lho swara kemrusuk ke tambah banter" kandhaku Karo nggoyak nggoyak bojoku, aku tambah khawatir.

"Apa, ta Bu. Endi swarane."

Bojoku isih ora sadhar Yen ana swara kemrusuk mau amarga dheweke isih kesel saka nyambut gawe neng sawah.

"Kuwi, lho Pak, kaya kaya swarane Ning mburi omah," kandhaku ngeyakinake bojoku.

“Alah, Bu, paling kuwi garangan lagi golek pitik.”

Saya suwe swara mau tambah banter.

“Glodhaak”

Aku lan bojoku Mak tratap kaget ra karu-karuan.

“Dhuh Gusti..... Swara apa kuwi, Bu.”

“Nah kuwi, Pak,” kandhaku karo nyekethem lengene bojoku, “mangsak garangan ngono kuwi swarane.”

“Iya ya, Bu, kaya kaya swara wong Tiba.”

“Ning, Pak, masak bengi-bengi ngene kok ana wong tiba ning mburi omah pisan.”

“Jal tilikana Bu.”

“Aku?”

“Iya, sapa meneh.”

“Aku Wedi Pak. Bapak wae,” wangsulanku.

“Ya wis nek ngono.”

Bojoku banjur niliki sumber swara mau. Kanthi alon-alon aku lan bojoku niliki sumber swara mau.

“Buk, mrenea,” swarane bojoku lirih. Aku banjur nyedhaki bojoku.

“Buk, kae kok kaya kaya ana bayangan Ning pojok kono ya.”

“Inggih, Pak. Ana bayangan neng kono.”

“Kaya bayangan wong, ta Bu?”

“Iya, Pak, aja-aja maling, Pak.”

“Parani wae, ya Bu.”

“Aja ndisik, Pak, maling kae paling Arep maling tv. Nah, kan tvne awake dhewe ana loro. Sing neng ruang kaluarga rusak ta, sing anyar isih nek toko.”

“Adhuh Buuuuu. Senengane kok ndhagel.”

“Hehehehe...”

“Terus Pye Bu”

“Nk tvne di wenehke sekalian keprie pak”

“Maksute ibu ?” bojoku bingung.

“Tvne di wenehi kertas, kertase ditulisi “Niki kagem njenengan” kepriye pak? Hehehhehe”

“Apik kui, Bu, hehehehe.”

Banjur aku lan bojoku menyang ruang keluarga. Kanthi ngati-ngati banget supaya ora weruh dening malinge uga gage-gage nulis mau kanggo njebak malinge.

“Wis, Pak ?”

“Wis, Bu, ayo ndhelik neng kamar. Mengko nek malinge njupuk tvne awake dhewe langsung metu saka kamar, ok,” pangajake bojoku Karo nahan ngguyu. Aku langsung ndhelik tanpa basa basi .

\*\*\*

Ora suwe malinge wis tekan ruang keluarga, malinge clingak-clinguk ngawasi sakiwa tengen. Pas Arep njupuk tv, malinge kaget Mak tratap uga bingung amergi ana tulisan “Niki kagem njenengan”. Aku lan bojoku banjur metu saka kamar. Lampune tak urupke sing saklare ana ing cedhak kamar.

“Hayo ..... Lagi ngapa ....,” kandhane bojoku Karo nyekel malinge.

“Arep maling, ta ...”

Malinge tambah bingung Ra karuan. Aku lan bojoku ngempet geguyu.

“Ngaku wae Yen Arep maling” ngomonge bojoku karo nyentak nyentak.

Malinge ndredek kaya kaya diweruhi gendruwo.

“Ampun, Bu ..... Ampun, Pak ..... ” pangucape si maling Karo ndredheg.

“Wis wis ..... tenango ,aku ora arep ngapak-ngapakna kowe.”

Malinge plonga plongo ora ngerti kahanan sing terjadi.

“Tv kui kanggo kowe”

“Lha kanggo aku.”



"Tapi ana syarate."  
 "Syarate napa, Pak? "  
 "Syarate kowe kudu nggawe surat keterangan bahwa kowe arep maling ning omahku."  
 "Saniki, Pak?"  
 "Iya, saiki!"  
 "Namung niki mawon."  
 "Iya, gampang tha ra ribet."  
 "Yen wis tv iki kanggo aku"  
 "Iya, lha wong tv kui rusak, hahahahahaha  
 Aku lan bojoku ngguyu cakekean.  
 Malinge nundhuk kisinin.  
 "Ngene aku tak takon, Kowe ngapa maling"  
 "Hmm..... Hmm..... "  
 "Hamm hemm Hamm hemm, ngomong sing cetha."  
 "Iiiiiku.... Ku... kula lagi butuh yatra kanggo mbayar kontrakan Bu, Pak."  
 "Lha kok nyolong tv ora dhuwit?"  
 "Niku, tvne mangkeh kulo dol terus yatrane kangge mbayar kontrakan."  
 "Owalah ngono, ta. Ya wis tv kui kanggo kowe. Servisna dhisik, ya."  
 "Nanging, Bu, Pak. Kula mboten gadhah yatra."  
 "Nek ngono ngesuk kowe kerja karo aku. Ngko tak bayar, Piye?"  
 "Hmmm..... Kerja napa, nggih Pak?"  
 "Ngurusi sawah"  
 "Nggih, Pak kuaopurun kerja kaliyan Bapak. Niki tvnipun priipun, Pak?"  
 "Tv iki kanggo kowe, servisna Yen wis bener arep tok dol utawa tok nggo dhewe,karepmu," kandhane bojoku.

“Sik sik, aku tak takon, sejatine kontrakanmu ning ndi, ta?”  
pitakonku marang si maling.

“Ten kontrakanipun Pak Harjono,” wangsulane si maling.

“Owalah, ning nggone Harjono, ta.”

“Inggih, Bu.”

“Pak Harjono kuwi adhiku. Sesuk takngomong menyang Harjono nek kowe takbayari rong wulan saka wulan iki. Ning kowe kudu kerja ning nggonku ngurusi sawah.”

“Inggih, Bu, Pak. Niki mboten guyon, ta Bu, Pak?”

“Ora le, aku lan bojoku iki tenanan.”

“Dhuh Gusti.... Matur nuwun sanget Gusti,” swarane si maling ndhredeg.

“Ning janji... Kowe aja mbaleni meneh apa sing tok lakoni saiki.”

“Inggih, Bu, Pak. Gusti dados seksi kula.”

## Mulih

Karo lungguh, Budi ngematake layar HPne. Ana ing kana cetha ketara fotone ibu-ibu sing lagi mesem karo nggendhong kucing. Dheweke mijeti sirah. Ambegane sajak abot. Ing ngarepe ana Ayu, bojone kang raine padha ruwete karo Budi.

“Yen kowe susah aku melu susah, Mas,” kandhane Ayu.

Ora suwe mau Ibu tilpun. Kaya biasane nalika tilpun anake pendhak dina Minggu. Pitakonan wajibé Ibu ya ana. Kepiye kabare? Uwis maem? Ana cerita apa? Budi ya cerita kaya biasane. Budi matur yen dheweke karo Ayu bibar malem minggon ana alun-alun. Tuku jagung bakar karo nyewa pit tandem. Dheweke uga cerita yen lagi wae entuk bonus saka perusahaan. Budi seneng-seneng wae nganti Ibu ngendika, “Ibu kangen, Le.”

Dheweke dadi kepikiran. Budi ngematake profil *WhatsAppe* Ibu sing lagi nggendong Bobo. Bobo kuwi kucing sing diopeni Ibu kawit Budi tindak “ngedu nasib” ing Malang. Ngendikane kanggo kanca ana ing omah supaya yen lagi masak utawa ngumbah-umbah ora keweden. Ngeang-ngeonge Bobo bisa gawe omah sing sepi nyenyet dadi ana swarane. Bobo mbokmenawa dadi penggantine Budi, nanging tetep wae ora bisa ngganti sakkabeh-kabehane.

Tanpa ngendika langsung, Budi uwis ngerti yen Ibu kepengin dheweke mulih.

“Aku ora kenapa-napa, Mas,” ature Ayu ngeneng-nengake bojone.

Budi ambegan abot meneh. Dheweke bingung arep kepiye. Ayu ora bisa ninggal gaweane. Dheweke uga ora mungkin

ninggal Ayu. Ayu sakjane uwis kandha yen dheweke bisa njaluk mbakyune ngancani sedhela. Mbakyune ya ora kabotan. Seneng-seneng wae yen nulungi adhine.

“Mesakake Ibu,” kandha Ayu meneh.

Budi sajane ya ngerasa kaya ngono. Bapak uwis seda limang taun kepungkur. Kari Ibu karo Budi Wong loro. Budi rada mangu nalika njaluk idin kanggo ngelamar kerja ana Malang. Dheweke krungu perusahaan sing dipengen-pengeni Budi mbukak lowongan kerja. Dheweke matur yen uwis entuk dhuwit akeh bakal mboyong Ibu ana ing kene.

Ibu maringi idin, banjur Budi mangkat. Setaun, rong taun, telung taun. Ana ing taun ketelu dheweke kenal Ayu, banjur taun ngarepe rabi. Budi banjur kepingin mboyong Ibu, nanging Ibu sidane nolak. Ibu ora bisa ninggalake kenangane Bapak ning omah Yogya.

“Mas?” pangundange Ayu mecahake lamunane Budi.

Budi mesem tipis.

“Piye, ya, Dik?”

Ayu genti mesem.

“Mas, Ibu dhisik lagi aku.”

Ayu ngayem-ayemi Budi.

“Aku sing dadi ora tenang yen kowe ning kene nanging Ibu ngerasa sepi ning ndalem.”

Budi manthuk-manthuk. Omongane Ayu ana benere. Kudune dheweke nengenake Ibu dhisik. Yen kaya ngene iki, Ayu karo Ibu padha-padha ora kepenak. Dheweke banjur kepikiran yen mbiyen dheweke butuh apa-apa sambat Ibu. Saiki malah suwalike. Mbiyen Ibu ora tau ninggal Budi, nanging saiki Budi malah sing ora gelem ngancani Ibu.

Wah, Budi dadi tambah ngerasa salah.

“Ora kenapa-napa. Muliha dhisik wae, Mas. Aku tak karo Mbak Asri. Sesuk Setu-Minggu aku bisa nyusul.”

Budhi manthuk-manthuk lega. Omongane Ayu ana benere meneh. Dheweke nggoleki kontake Ibu, banjur nelpun simbol tilpun werna ijo. Saiki uwis wektune dheweke ngancani Ibu meneh. Dheweke uga kangen. Kanthi swara gemeteran nahan rasa ati sing campur adhuk, dheweke matur.

“Bu, aku mulih.”

## **Mlayu Maraton**

Dina iki ana lomba mlayu maraton ing Balai Kota mengeti tanggap warsane kutha Semarang. Atiku wis bungah banget. Ya, sajane aku seneng dudu amarga ana lomba mlayu maraton, nanging amarga biasane yen ana pengetan tanggap warsa kutha Semarang mesthi neng Balai Kota akeh sing mbukak lapak panganan lan jajanan pasar ora mbayar alias gratis. Aku dadi bisa icip-icip akeh panganan ora nganggo mbayar.

“Baksone ameh pedes napa mboten, Mbak?” pitakone sing jaga lapak.

“Mboten, Pak, biasa mawon,” wangsulanku.

“Weh, kowe ya neng kene, Na?” pitakone Mas Tono, tanggaku cedhak omah.

Jebulane Mas Tono ya melu neng acara kuwi.

“Wah, uga ana Mas Tono, ta. Mas, kok sampeyan nganggo klambi sragam ngono kuwi, ana apa e?” pitakonku meruhi Mas Tono nganggo sragam rapi banget lan ana jenenge ‘Tono Kadipiro’ ing sisih tengene.

“Iya, aku nganggo klambi sragam ngene ki amarga aku melu dadi panitia ing acara iki,” wangsulane Mas Tono.

“Wah, kok mantul tenan iki kangmasku, iso melu dadi panitia ing acara kaya ngene ki,” kandhaku.

“Iya lah! Aku lan kanca-kancaku dikon njaga pos-pos kembang api,” kandhane Mas Tono karo bungah.

“Owalah, tak kira dikon dadi tukang jaga lapak jajanan pasar,” wangsulanku karo mesem mbebeda.

“Yo ora lah, tiwas mengko panganan entek takpangan dhewe, njuk kowe ora kebagian,” kandhane Mas Tono.

Lagi rampung Mas Tono ngomong, baksoku wis teka.

“Mbak, mangga niki baksone,” kandhane sing jaga lapak bakso.

“Matur nuwun, Pak. Mas Tono, aku tak mangan bakso sik ya, slamat bertugas dadi panitia,” aku pamit marang Mas Tono.

“Ya wis, gek dipangan kuwi baksone,” wangsulane Mas Tono.

Sawise baksone entek, aku bali mubeng lapangan Balai Kota nggoleki jajanan pasar, karo nunggoni sing melu maraton lagi padha mlayu. Pas lagi mangan onde-onde, aku ndelok sing dha mlayu maraton wis ameh teka ning garis *finish*. Gage wae aku ngadeg lan mlayu tumut barisane wong akeh jejer-jejer, melu nyoraki para peserta sing padha mlebu finish. Pancen pas lagi sorak-sorak kuwi wis jam 12 awan, sumukke ora karuwan. Aku wis kesel le anggone sorak-sorak lan saiki nggolek papan sing adhem kanggo lungguh.

Wah, kebetulan kok kae ana tendha *stand booth* werna putih neng pojokan, sepi ora ana wonge, nanging ana kipas angin murup lan kursi siji sing iso dienggo lungguh. Gage wae aku mlayu tumuju neng tendha kuwi, selak didhisiki wong liya. Amarga aku mlayu banter banget, pas mlebu tendha aku ora ngawaske nek ana sambungan kabel werna abang lan biru ing ngisor, ngarepe kursi sing ameh taklingguhi. Sambungan kabel kuwi ora sengaja tak idak. Lagi wae aku mikir iki kabel apa, fungsine nggo ngapa, tiba-tiba wae aku krungu swara banter banget “Makk Duerrr Jeduerrr Plethakk!”. Apa kuwi?! ...

Tak kira kuwi swara bom mledhak ing tengahing wong akeh, amarga wong-wong sing padha nonton maraton akeh sing padha tiarap. Sing do mlayu maraton yo malah bubar lan clingak-clinguk ngematke ndhuwur. Aku ya dadi melu ngematke ndhuwur. Welah, jebul ana kembang api werna-werni njeblug neng angkasa. Aku banjur minger mburi, ndilalah neng mburine

kursi sing arep tak lingguhi kuwi ana tempelan kertas sing unine 'PETUGAS JAGA KEMBANG API'. Saiki aku dadi ngerti, sambungan kabel sing mau takidak kuwi jebulane kanggo nguncalake mercon lan kembang api ing pungkasan acara, sakrampungne mlayu maraton.

Wah, iso dadi perkara iki yen ketahuan aku sing medhot kabele. Tenan wae, lagi wae aku minger ameh metu saka tendha kuwi, neng ngarepku wis ana mas-mas petugas loro sing nganggo sragam kaya Mas Tono mau, nanging awake luwih gedhe dhuwur tinimbang Mas Tono.

"Dhik, ayo melu neng kantor dinas sikik, sampun ditengga pak kepala dinas ingkang ngrangkep dadi ketua panitia," kandhane salah sawijining petugas kuwi ora karo basa-basi.

"Oooh, nggih, Mas," kandhaku karo kedher banget.

Aku banjur ngetutke mas-mas loro kuwi menyang kantor dinas. Kringet anyep wis wiwit nelesi tanganku, raiku wis katon pucet nalika ndelok rupane pak kepala dinas. Raine abang mbra-nang, kumise ireng njletheng, mripate loro mlotot mblalak.

"Jenengmu sapa, Ndhuk?" pitakone pak kepala dinas kanthi mripat mlotot.

"Ngapunten, asss, ass, asma kula...jeneng ku ku kula Annn, Ann, Anna Kendrick, Pak," wangsulanku karo gemeter.

"Ha? Sapa? Anna Kenjik? Ora Wajik sisan jenenganmu?" pitakone pak kepala dinas.

Krungu pitakon kuwi mau, aku malah mesem, ameh ngguyu nyekakak neng ngguyuku tak empet.

"Mboten, Pak. Sanes kenjik utawi wajik, nanging Kendrick, pak, K-E-N-D-R-I-C-K," wangsulanku karo ngempet ngguyu.

"Walahh jeneng kok angel banget, kaya jenenge wong landa wae. Ya wis, aku ora arep nyeneni kowe, rasah kedher. Aku mung ameh takon, kowe mau bener sing midhak kabel kembang api, Ndhuk?" pitakone pak kepala dinas.



“Nggih pak. Kala wau kula mlayu banter banget, mbten ngawaske yen wonten kabel ing njeroning tendha. Nyuwun ngapunten nggih, Pak,” wangsulanku.

“Nanging, saiki kowe ra papa tho, Ndhuk? Ora kesetrum utawa keslomot kembang api apa mercon?” pitakone Pak kepala dinas maneh.

Aku malah dadi kaget, takkira aku arep diseneni entek-entekan amarga nyampar kabel kembang api, eh malah mung ditakoni kaya mengkene.

“Kula sae, Pak. Kula mboten napa-napa,” wangsulanku.

Lagi wae aku mingkem, Mas Tono mlebu neng ruangne pak kepala dinas.

“Niki, Pak, sing kedhahe jaga pos kala wau,” kandhane salah sawijing mas petugas sing gedhe dhuwur mau.

“Ngapunten, Pak. Kala wau kula mboten jaga pos amargi kula tesih nedha bakso,” kandhane Mas Tono karo ndhingkluk.

Aku malah dadi mesakke marang Mas Tono, jebul sing kudune jaga pos mau Mas Tono. Mosok gara-gara aku, Mas Tono sing diseneni pak kepala dinas.

“Ya wis, rapapa. Untunge mau ora ana korban sing cilaka, Ndhuk Anna sing midhak kabele yo ora kesetrum utawa keslomot mercon. Nanging, aja dibaleni meneh ya, Ton. Nek lagi tugas njaga pos yo aja malah ditinggal mangan bakso,” kandhane pak kepala dinas marang Mas Tono.

“Nggih, Pak, nyuwun ngapunten, kula mboten badhe mbaleni malih,” wangsulane Mas Tono.

“Ya wis, saiki kowe kabeh oleh metu saka kantor, nanging mengko neng lapangan Balai Kota luwih ati-ati ya. Anna, Ndhuk kowe yen ameh mlayu banter ki ya melu lomba maraton wae sisan, aja sembarangan mlayu ora ngawaske kahanan,” kandhane pak kepala dinas.

Aku malah kesengsem, “Nggih, Pak, kula badhe ngati-ati lan luwih ngawaske kahanan. Matur nuwun nggih pak. Nyuwun pamit.”

“Ya wis, kowe kabeh dha ngati-ati ya bar iki,” kandhane pak kepala dinas maneh.

“Nggih, Pak, siap,” wangsulanku karo Mas Tono bebarengan.

Sawise kuwi aku nemoni Mas Tono.

“Mas, njaluk ngapura ya, aku mau ora ngati-ati,” kandhaku.

“Wis rapapa, Na. Mending saiki kowe ngewangi aku njaga pos wae, piye?” pitakone mas Tono.

“Wah, okeh hh siyappp,” wangsulanku.

Aku banjur ngewangi Mas Tono nguncalake kembang api karo mercon liyane ing pungkasan acara.

## **Mahasiswa Anyar**

“Hoamm, dina sing dakenten-enteni. Jadwalku jupuk seragam almamater lan bayar bea OPSPEK”, kandhane Humaira tangi turu.

Ati kang bungah katon saka pasuryaning Humaira, prawan ayu lulusan SMA kang nerusake kuliah jurusan boga ing salah sawijining kampus misuwur ing kutha Jogja. Dheweke bakal miwiti dadi mahasiswa anyar kanthi *Orientasi Studi dan Pengenalan Kampus* utawa OSPEK. Kagiyatan iki ora beda karo kagiyatan *Masa Orientasi Siswa* utawa MOS menawa ing SMP lan SMA.

Nglirik jam ing tembok wis nuduhake jarum cendhak ing angka 5, jarum dawa ing angka 12. Banjur nyawang *rundown* kagiyatan OSPEK sing ditemplekake ing tembok sandhing kasure.

### ***Rundown OSPEK PROGRAM STUDI TATA BOGA***

06.00-06.30	<i>Pengondisian</i>
06.30-07.00	<i>Menuju Ruang Aula</i>
07.00-07.30	<i>Pengondisian di Ruang Aula (Pra Acara)</i>
07.30-08.15	<i>Pembukaan</i>
08.15-09.30	<i>Sambutan Dekanat</i>
09.30-09.45	<i>Jelajah Kampus</i>
09.45-11.30	<i>Penjaringan Minat dan Bakat</i>
11.30-12.30	<i>Ishoma</i>
12.30-15.45	<i>Display Masakan Nusantara</i>
15.45-16.15	<i>Ishoma</i>
16.15-16.30	<i>SPK</i>
16.30	<i>Pulang</i>

“Wadhuhh kawanen.”

“Kamangka aku wis pesen Ibu supaya nggugah aku.”, kandhane Humaira sajak kesusu.

Dheweke banjur jenggirat tangi lan mwiwit cepak-cepak.

“Arep lunga nengdi kae anakmu wadon, Bu? Apa ya sida kuliah?” pitakone Pak Wasis.

“Lha nggih sios ta Pak, kok le matur mekaten. Humaira niku lak pun diwasa, mbok sampun. Boten sah dipenggalih jero-jero. Mudhak pikiran boten tenang”, ature Bu Suprih.

Mangkono iku dadi penggalih Pak Wasis ing saben dinane. Anak ijen sing jenenge Humaira pancen digadhang-gadhang dadi bocah kang bisa nerusake anggone nresnani kabudayan Jawa. Ya kaya Pak Wasis, kang nyata wasis bab apa wae kang gayut karo kabudayan Jawa. Nembang, ngrawit, kethoprak, olah basa, olah sastra, lan sapanunggalane.

Apa meneh saiki Pak Wasis wis sepuh. Sing dadi panjang-kane iya mung siji. Humaira supaya bisa dadi bocah kang tansah nresnani lan nguri-uri kabudayan Jawi. Karepe mono anake jupuk jurusan Basa Jawa utawa Seni Tari. Wis dadi jurusane wae kadhangkala durung wasis bab kuwi, apa maneh yen babar blas ora nyinaoni. Mangkono panemune Pak Wasis.

“Yen arep budhal, pamita Bapak ndhuk!” ature Bu Suprih.

“Nyuwun tulung pun pamitaken Bapak, Bu,” kandhane Humaira sambli kesusu nyangklongake tas isi piranti OPSPEK.

“Ndhuk, mengko dhisik.. mengko ndhisik.., ibu arep ngen-dika. Sejatine Ibu ora mbelani sapa-sapa. Ning, kowe ya ngerti yen Bapakmu ora sarujuk marang jurusan sing kokpilih. Barang yen wis kebacut iki yen isih isa didandani ya didandani. Pamit Bapak lan jaluka ngapura,” ature Bu Suprih.

“Kula nggih lepat, Bu, sengaja boten matur Bapak, awit yen Bapak ngertos kula badhe mendhet jurusan boga, Bapak mesthi mboten sarujuk. Kamangka kula kepingin sinau bab anyar, inggih

menika bab boga lan... pun pun menika pun telat, kula pamit bidhal rumiyin,” kandhane Humaira banjur nyetater motor matikke.

Judheg kalawan bingung dadi siji ing atine Humaira, dipikir sadalan-dalan.

“Rumangsaku aku iki bocah sing wis sabendina manut, wiwit cilik tekan diwasa apa-apa nuruti kekepareane Bapak. Ndhisik, nalika jaman SD-SMP, arep melu dolan bareng kanca-kanca wae winates awit sabendina latihan nari ing sanggar. Jaman SMA, melu ekstrakurikuler yen ora tari uga ora dikeparengake.”, batine Humaira sambli mbrebes mili.

Sejatine Humaira kuwi bocah kang bekti marang wong tuwane sakloron. Nanging bab iki, apa sing dadi kekepareane ora bisa diowahi. Dheweke duwe panemu, yen tresna marang budaya iku ora kudu mlebu ing jurusan sing gayut karo budaya. Merga tresna marang budaya kuwi ora gumamantung saka jurusanane, nanging saka patrap lan solah bawane. Mangkono panemune Humaira.

Humaira miwiti OSPEK. Dina iki dheweke suntrut banget. Mikir kahanan wong tuwane, uga anggone tangi kawanan. Dheweke telat.

“Mahasiswa nomer punggung 24 kenapa baru berangkat?” pitakone panitiya kang nganggo klambi ireng-ireng kanthi tegas.

“Ma.. maaf saya bangun kesiangan kak”, wangsulane Humaira kanthi kebak ing rasa mumet pikir.

Kawigaten tumuju ing Humaira. Dheweke ngadeg jejeg ing ngarep kanca-kancane mahasiswa anyar. Dheweke nampa ukuman saka panitiya. Ora let suwe keprungu salah siji panitiya menehi pengumuman.

“Diumumkan kepada mahasiswa baru Program Studi Tata Boga untuk menghadiri ceremonial penyambutan mahasiswa baru bersama orang tua besok pagi.”

Krungu uninga mangkono Humaira tansaya bingung, kepriye nasib kuliahe besuke. Merga bea kanggo SPP uga isih jaluk wong tuwa. Kamangka wong tuwane apa gelem yen tindak kampus mudhi dhawuhe panitiya.

Pengumuman enggal diwartakake lumantar *WhatsApp* marang Bu Suprih, Ibune. Humaira uga pamit yen ora bisa mulih. Jalaran bali sore lan besuke kudu mangkat mruput sadurunge undangan kanggo wong tuwa utawa wali. Humaira nginep ing kose kancane.

Rasa mangkel kang nunjem tajem tansaya tuwuh ing atine Pak Wasis. Ngrasakake duwe anak siji diatur angele ora njamak. Anggone jupuk jurusan Tata Boga kuwi uga ora taren-taren sadurunge.

“Bea kuliah Humaira apa wis dibayar Bu? Rak ya durung ta? Mula cepet-cepet urusen surat pengundurkan dhiri. Humaira arep tak pindah ing kampus swasta jurusan seni,” ature Pak Wasis.

“Sampun, Pak ingkang kangge setunggal semester. Lho, sekedhap, Pak.. sing sareh.. sampun... sampun., Humaira ugi pun katampi, pun siap badhe kuliah, dadi mahasiswa anyar. Menawa bab idi, Humaira menika ajrih kala wingi badhe taren njenengan. Mula yen lepat menika kula sing lepat. Kula sing kudu dimangkeli, kudu dinesoni,” wangsulane Bu Suprih.

Ora kurang-kurang anggone Bu Suprih ngereh-reh garwane. Pangajabe anake bisa kuliah kaya apa sing dipinginke. Lan garwane isa sareh ora kebak ing pikiran. Dina miwiti dadi mahasiswa anyar wus lumaku, senajan kahanan urung bisa kaya apa sing dikarepake Humaira.

Dina kapindho dadi mahasiswa anyar, wus mundhak semangate. Katon saka pasuryane lan anggone mangkat ora telat meneh. Cepet-cepet dheweke mlebu regol lan tumuju ruang kang wis dicepakake panitiya. Ing kono wis katon saperangan mahasiswa karo wong tuwane.

“Kringgg..kringgg..” keprungu swara hapene Humaira mra-tandhani ana panggilan tilpun. Tilpun diangkat. Tumetes waspa ing pipine Humaira nalika keprungu swara Ibune. Bu Suprih ngendika yen ora bisa rawuh ing kampus ngancani dadi mahasiswa anyar, jalaran Bapakne...”. Humaira nangis kekejer-kejer.

Getun. Dheweke ora bisa nampa panjaluke Bapakne kang pungkasan. “Kaya ngene rasane dadi mahasiswa anyar”, guneme Hummaira kanthi tangis.

## **Krakitha Kalah Wegig**

Sakonduré Lik Bayan saka Singapura, omah gubug wamrisan saka simbahé biyèn saiki wus dadi gedhong magrong-magrong ana satengahing omahé para warga sing uga isih arupa gubug gedhèg réyot. Lik Bayan sing pakaryané dadi TKI ana ing negara Singapura mau, biyèné ya padha pakaryané kaya masyarakat Désa Cilikatèn, Kicamatan Mèrinan, Kabupatèn Kendelalok, yaiku minangka tukang pandhé wesi. Amarga kahanané sing saya suwi saya miris jalaran kondhisi ékonominé sing pas-pasan, ditambah manèh anaké sing saya ndrindhil cacah lima sundhulan kabèh saéngga gelem ora gelem dhèwèké kudu ngrantau metu saka désané. Nanging sapréné wis béda kaya biyèn-biyèné. Bayan wus katon kondhang tekan ngendi-endi, ya amarga anggoné makarya sarana ngrantau bisa suksès.

Kasuksèsané Lik Bayan ora luput saka pambiyantuné Saé, kanca mandhé sing nasibé luwih kitula-tula tinimbang Bayan. Menawa ditilik saka umuré, Saé kalah adoh saka Bayan, watara pitung taun luwih enom. Kondhisi sing ketula-tula mau ya mung merga bojoné Saé sing sipaté dhemen ngrugèkaké wong akèh. Saben dina bisané mung numpuk utang ana ngendi-endi, utang dhuwit, krèdhit ing bang thithil, lan uga asring jupuki barang sing dudu darbèké dhéwé. Basa gampangé ngutil, kayata ana ing pasar utawa toko sembako mesthi tangané nyauti barang banjur dilebokaké ana ing sak klambiné sing glémbyor-glémbyor gedhi.

Para warga Désa Cilikatèn wus ngreti menawa wataké bojoné Saé sing kaya mangkono. Biyèn-biyèné ditogné waé



nanging suwé-suwé para warga padha muntab lan wusanané Saé karo bojoné dilabrag bebarengan déning para warga masyarakat. Pasangan sing isih enom mau diarak mubing désa sarana ditaleni tangané, omahé diobong, kabèh bandhane dirusak, pokoké digawé isin lan sengsara.

“Tulung, ampun, aku salah, aku njaluk ngapura, aduhhhh,” bojoné Saé mbengok amarga kelaran awake.

“Nggo apa duwé tangga sing bisané mung ngrugèkké liyan. Lahyo, patèni waé. Yo, yooo, yo, yooo.”

Para warga kaya-kaya wus ilang rasa kamangnungsané. Jan miris menawa ngomong masalahé Saé limang tahun kapungkur.

\*\*\*

Srèg-srèg-srèg. swara sapu sing dicekel déning Bayan nalika nyapu plataran ngarep omah wanci isuk.

“Buukk, gawèkna tèh panas tawar ya, rasah gawé gula, aja suwi-suwi, kok awaku ngrasa isih adhem banget kii.”

Karo nunggu tèh digawèkaké banjur nerusné anggoné nyapu. Ora suwé Bayan ngreti pawongan sing katoné kaya warga masyarakat Cilikatèn kéné. Sapu banjur disèlèhaké ana ing sapinggiring tritis pager ngarep omahé.

“Byuhh-byuhh sapa kuwi, ya? Wahh kok sugih temen. Tumpakané Pajéro ireng, dandanané kétoké kaya wong sugih sing bandhané turah-turah. Wahhh kok nggawa kirdhus akèh tenan ya, kétoké isi simbako.”

Wong sing dikira sugih déning Bayan mau banjur mlebu ana ing omahé Mbah Nariman sing saiki lagi nandhang gerah.

“Kula nuwun, wah Mbah pripun kabaripun, Mbah..., Alhamdulillah, punika wonten sekedhik rejeki kagem panjenengan sakulawarga, Mbah.”

Swara pacelathon antarané wong sing dikira sugih déning Bayan karo Mbah Nariman keprungu samar-samar ana ing kupingé Bayan. Omah sing sanyatané biyèn gandhèng awujud

gedhèg sing dadi siji mung béda payon, saiki wus malik satus wolung puluh drajat. Omahé Mbah Nariman isih kaya wingi uni, malah saiki kahanan omahé saya réyot ditambah cagak sing nyangga payon wis dha dipangan rayap, malah uga wis ora ana cagaké. Malah Bayan gawé omah témbok bata pageré dobel loro. Dhèwèké gèngsi menawa omah apik kok sandhingé kandhang wedhus.

Karo nèmplèkné kupingé ana ing pager amarga penasaran Bayan nyeluk bojone, “Bukk-bukkk mrénéa cepet takkandhani,” Watara sepuluh menitan bojoné ora teka-teka.

“Buuukkkkk, byuh krungu pora ta kowé ki? Gawé tèh setengah jam kok ora uwis-uwis.”

Ora dinyana-nyana jebulé Menik, bojoné Bayan isih ngorok mlungkir ana ing ndhuwur springbèddé.

“Wéalah Buk-buk, kowé ki lho panggawéanmu kok mung saré waé, coba tangia takcritani.”

Bareng keprungu omongané bojoné, Minik banjur tangi grégah.

“Ana apa, Pak? Ana wong ngeteri panganan, ya?”

“Panganan waé sing mbokpikir kuwi, mbok ngilo, ta Buk. Awakmu ki wis ndlodor samono ambané, hmmm jian kok sliramu iku. Ngéné lho, Buk, mau pas aku nyapu ana ing plataran ngarep omah, lha kok ujug-ujug ana wong numpak mobil apik. Wong kuwi mudhun saka mobile banjur mara menyang omahé Nariman. É, bareng aku nguping jebule mènèhi sembako kétoké ya karo dhuwit barang, jé.”

Krungu ngendikané Bayan, Menik langsung kagèt lan banjur ngglimpang manèh.

“Kowé kuwi piye ta, takkandhani berita pwnting kok malah turu manèh Buk, Buk.”

Menik banjur aweh tanggepan, “Wah yèn ngono kuwi ora bisa digawé gampang, Pak. Aja nganti wong sugih kuwi kerep

nguwèhi sembako ana ing désa kéné, kuwi mengko bisa marakake tangga teparoné awake dhéwé bisa sugih, lho malah kéné bisa balik mlarat manèh mengko.”

Menik wedi tenan yèn balik mlarat manèh, dheweké ora ngrumangsani yèn bandhané kabèh kuwi ora ana bandhingané yèn amung dibandhingné karo sembako sing mung pirang kerdus. Pancèn bener warga désa Cilikatèn kecamatan Mèrinan kabupatèn Kendalalok kuwi cocog karo jenengé. Ora suwé Bayan karo Menik banjur gawé wara-wara sing ora bener tumrap Nariman sing mau olèh sembako saka wong. Kabar pitenah disebar karo pasangan sakloron mau. Para warga padha pircaya ya amarga ana èmbèl-èmbèl amplop saka Bayan sing ndadekake kabecikan bisa dadi kadurjanan.

Ésuk uthuk-uthuk watara jam 3, para warga padha nggrebeg omahé Nariman. Dhèwèké dikon ngalih saka désa kono jaréné wis nyolong bandhané Bayan sing omahé ana ing sandhingé mau. Kahanan Nariman sing ora bisa mlaku dipeksa déning para warga, disèrèt, dionek-onekke nganti ambigané ngosngosan. Ora ana sing ngrasa misakné, ya amirga dhuwité Bayan karo bojoné mau.

Saya mundhak tahun Bayan saya mundhak kondhang ana ing désa Cilikatèn. Nalika kuwi wanciné pilihan lurah. Bayan wis kemrungsung kepéngin mancung jago lurah ana désa Cilikatèn. Wis samubarang dalan ditrajang, ora mikir endi dalam kang bener, endi dalam sing kurang pas. Salah sijine dalan sing kurang bener yaiku njaluk tulung dhukun, mènèhi dhuwit politik, tumindak kabecikan paring pambiyantu, ning asliné kosok atiné.

Rong dina nyedhaki pilihan Bayan karo Menik lèyèh-lèyèh ana ing sofa empuk sing ana ing gazébo omahé. Kekarone wis yakin mìnawa rong dina engkas bakal kepilih dadi lurah.

“Aku rong dina engkas bakal dadi lurah Cilikatèn, kabèh wong bakal tambah ngajèni marang aku, hahahaha, aki bisa golèk ijol dhuwit sing wis tak entèk-entèkné nggo kampanye wingi. Aku bisa apa-apa. Duwé pangkat, kok, hahahaha.”

Guyuné keprungu nganti tekan ratan ngarep omahé sing jebulé ana Pak Bondan sing ya bakal dadi calon lurah ana ing désa Cilikatèn kono. Jibulé Pak Bondan kuwi wong sing biyen tau maringi bantuan awujud sembako mring Nariman. Kahanan ramé nganti kaya pasar tiban. Pak Bondan jebulé nembé waé pindhah menyang désa kono, lan saiki nuku omahé Nariman sing wis suwe mati dianiaya warga kono. Nalika mbongkar omahé Nariman sing rencanané arep digawé hotèl Savana, Bondan uga bagi-bagi dhuwit sing akèhe telung lipaté dhuwit politik saka Bayan. Kejaba saka iku uga mbagi sembako, klambi, lan bantuan wedhus siji-siji kanggo kabèh warga désa Cilikatèn.

Krungu swara ramé pating gemruyuk, Bayan karo Menik banjur metu niliki. Dhèwèké kaget.

“Buk ana apa kuwi, kok warga masyarakat padha grudugan mara ing omahé Nariman?” “Lha mbuh Pak, aku yo ora ngreti ta, lha wong kawit mau ya karo kowé ning gazébo terméwahé awake dhéwé iki.”

Isih waé mbanggak-mbaggakaké kadunyané, wong loro banjur metu. Bayan kaget ora umum ngerti Bondan sing ya mbagi-mbagi dhuwit kanggo mancung lurah. Bayan ngrasa dhongkol atiné banjur marani Bondan lan njotos raine. Weruh kahanan kaya ngono para warga ora trima, malah Bayan sing genti dijotosi karo warga desa Cilikatèn. Ora wurung malah Bayan sing bonyok babak bundhas. Wis dhuwité entèk, ora sida mancung lurah amarga wis genah kalah, malah saiki bonyok babak bundhas.

# MATERI

## CERKAK

Margareth Widhy Pratiwi

### Tokoh Lan Konflik Jroning Cerkak

1. Cerkak: crita cekak/cendhak yakuwi crita kang rampung jroning satopik.
2. Skema cerkak: pambuka → konflik → panutup
3. Konflik/underaning perkara/masalah/problem
  - a. Konflik karo awake dhewe
  - b. Konflik karo liyan/masyarakat
  - c. Konflik karo alam:
    - Teknologi: → *science fiction*
    - Penyakit/bebendu
    - Adi kodrati: → horor/misteri  
→ *super hero*
4. Konflik → tokoh: \* antagonis  
Karakter  
\* protagonis  
tokoh → aku: wong kapisan  
tokoh → wong katelu?dheweke
5. Karakter → *dialog*  
→ Dialek  
→ Idiolek

6. Bagan tokoh: sirah → awak → sikil
  7. Ngrampungni cerkak:
    - Dirampungni penulise: - seneng (*happy ending*)
      - Susah (*sad ending*)
      - Ora kanyana (*twist*)
    - Dipasrahake sing maca
- \*Rampung - matur nuwun- nulisa saiki uga\*

## Gladhen Nulis Cerkak

Yang perlu kita pahami bersama bahwa cerkak merupakan fiksi atau cerita rekaan. Bukan realita. Tetapi cerkak bisa berangkat dari realita kehidupan sehari-hari yang diberi ruh sehingga menjadi hidup. Jika realita saja yang kita tulis, maka itu disebut *feature*, berita, laporan perjalanan. tidak punya ruh. Semisal kita sedang naik bus. Di tempat duduk sebelah kita ada seorang nenek berama cucunya. Jika kita hanya melihat peristiwa itu saja lalu kita tulis, maka itu belumlah bisa disebut cerkak. Tetapi jika kita membayangkan lebih jauh lagi, misalnya sebelum berangkat dari rumah tadi si nenek meletakkan tahu susur yang sudah ditaburi racun tikus di meja makan. Si nenek lupa bahwa makanan itu harusnya diletakkan di bawah lemari. Dan jika suaminya nanti pulang dari sawah dan menemukan makanan itu kemudian disantap, apa jadinya.

Di sinilah diperlukan kepiawaian seorang penulis untuk mengelola konflik batin si nenek sehingga menjadi sebuah tulisan yang mengikat pembaca. Bagaimana kegelisahan si nenek setelah teringat makanan beracun itu yang ia tinggalkan di meja makan. Padahal ia tidak mungkin kembali lagi ke rumah untuk menyelamatkan nyawa suaminya yang mungkin saja bisa melayang karena kelalaiannya. Di samping waktu yang tidak memungkinkan, karena jarak tempatnya sekarang berada sudah tidak bisa menolongnya. Karena walaupun bisa sampai di rumah, suaminya pasti sudah lebih dulu pulang dari sawah. Alangkah baiknya jika ide cerita ini akan ditulis menjadi cerkak, terfokus pada suasana batin si nenek. Soal suaminya benar-benar

menyantap makanan itu dan kemudian menjadi urusan polisi, tidak perlu sampai ke situ.

Dari contoh di atas kita sudah bisa menangkap banyak hal yang menjadi persyaratan sebuah cerkak. Ada konflik. Ada *setting* di atas bus. Ada tokoh, yaitu si nenek dan cucunya, yang mungkin bisa ditambahi dengan kondektur atau sopir. Yang perlu diingat bahwa tokoh dapat dijabarkan menjadi (1) Protagonis (tokoh baik), (2) Antagonis (Lawannya tokoh baik), (3) Tritagonis (tokoh penengah, dan, (4) figuran (tokoh pelengkap). Kalau mengacu pada contoh di atas, tokoh antagonis tidak dimunculkan secara fisik, melainkan ada dalam batin si nenek. Penting pula untuk memberi nama si tokoh, sebagai catatan saja, menurut Bondan Nusantara tokoh protagonis sebaiknya tidak diberinama semisal Candhala.

Sedangkan perwatakan tokoh bisa dilukiskan melalui fisik (pengarang mendiskripsikan fisik si tokoh) dan juga perilaku, yang kedua ini bisa dilukiskan melalui suasana batin si tokoh, sikap si tokoh menghadapi konflik batinnya.

Menurut Arswendo Atmowiloto, tulisan yang baik harus menarik sejak awal penulis menuliskannya. Pembukaan yang menarik akan mengikat pembaca hingga selesai membacanya. Masih menurut almarhum, yang penting adalah pembukaan dan penutup, sedangkan isi terserah mau diisi apa dan bagaimana. Anda bisa membuat cerita yang lebih baik dari ide Anda sendiri. Penulis pemula biasanya kurang memperhatikan proporsionalitas struktur cerita. Banyak di antara mereka yang berpanjang-panjang ria dalam menulis pembukaan cerpennya. Akibatnya sering satu sampai dua halaman pertama karya mereka masih belum jelas akan menceritakan tentang apa.

**Tetap semangat. Selamat menulis**



## GEGURITAN

Sinarindra Krisnawan

### **Gegulang Rasa Lumantar Tulisan**

**Geguritan** yaiku karya sastra jawa modern kang isine **pangudarasane panganggit** (penulis) kang awujud pada (bait); bisa awujud kritik sosial, pangarep-arep, lsp.

Geguritan iku asiling susastra kang basane **cekak**, *mentes*, lan **endah** kedadeyan saka pada (bait)/ pirang-pirang pada.

Geguritan iku kalebu puisi jawa modern, amarga **ora kaiket aturan** (guru lagu, guru wilangan, guru gatra) kayadene tembang.

Geguritan bisa katulis amarga ana **ide** utawa **inspirasi** (angen-angen).


Carane nulis geguritan:

#### **1. Ndhudhah ide/ golek wangsit**


- Ø Ngrasakake kahanan ing sakiwa-tengene
- Ø Ngeling-eling lelakon sing wis kelakon
- Ø Ngentha-entha, mbayangke kedadeyan/ angen-angen kang bakal ginayuh (wigati, njengkelke, anyel, ntrenyuhake, lsp)

#### **2. Ngrakit ukara:**

- Ø Milih tembung sing apik lan mentes (diksi)
- Ø Nambahi & nyuda
- § Nambahi: purwakanthi (rima persajakan) lan lelewaning basa (gaya bahasa)
- § Nyuda: tembung-tembung kang ka-anggep ora prelu (tb. panggandheng, panyilah, panambang lsp)



Aja mung ngopi, kalamangsané kudu ngetèh, karebèn ngerti yèn urip ing ndonya iku ora mung pait, ananging kadhangkala ana sepete



Sabar kayadene udan  
Pancen kesel kepara anyel  
Kadhangkala nganti kelara-lara  
Nanging kabeh mau nuwuhake kluwung  
Nglelipur ati kang suwung  
Mulabukane kaendahan  
Lan kabagyan jati



Yen sliramu ora kelakon nduweni apa kang kokpengini, Saora-orane aja melik sing wong liya duweni



Kepengin kaya sunare rembulan  
 Bisa awesh pepadhang rikalane nandhang pepeteng,  
 Paring suka panglipur nalika sungkawa  
 Nanging, kepiye maneh...  
 Pancen nasibku mung saderma urubing senthir  
 Tansah mobat-mabit katiyup siliring angin.

## Lirik lagu Campursari

Kaya ngene rasane wong kang nandhang kangen  
Rina wengi atiku rasane peteng  
Tansah kelingan kepengin nyawang  
Sedhela wae uwis emoh tenan  
Cidra janji tegane kowe ngapusi  
Nganti sprene suwene aku nggenteni  
Nangis batinku nggrantes uripku  
Teles kebes netes eluh neng dhadhaku

mbiyen aku jek betah  
suwe suwe wegah  
nuruti kekepanmu  
sansaya bubrah  
mbiyen wes tak wanti-wanti  
aja ngasi lali  
tapi kenyataanya pergi  
kartonyono ning ngawi medhot janjimu  
ambruk cagak ku nuruti angan anganmu

**Aja nganti duwe angen-angen  
‘Pisan kudu sampurna’**

## **MENULIS PUISI JAWA**

### **Manfaat Menulis untuk Kesehatan**

Ada beragam manfaat menulis untuk kesehatan yang bisa didapatkan.

#### **1. Meredakan stres**

Menulis dapat membantu meluapkan emosi yang sedang dirasakan dan pendam, terutama emosi negatif, seperti kemarahan, kesedihan, atau kekecewaan. Dengan cara ini, Anda akan merasa lebih tenang, sehingga terhindar dari stres dan kecemasan berlebih.

#### **2. Memecahkan masalah dengan lebih baik**

Umumnya manusia akan menggunakan kemampuan analitis, yang merupakan kekuatan otak kiri, untuk memecahkan suatu masalah yang sedang dihadapi. Padahal, terkadang diperlukan kreativitas dan intuisi, yang merupakan kekuatan otak kanan, untuk memecahkan suatu masalah.

Menulis dapat membantu membuka inspirasi sisi kreatif dan intuisi, sehingga lebih mahir mendapatkan solusi-solusi inovatif untuk masalah yang tampaknya sulit untuk diselesaikan.

#### **3. Menuangkan perasaan sesuai keinginan**

Tidak semua orang mahir merangkai kata-kata untuk menyampaikan apa yang ia rasakan melalui ucapan. Menulis bisa menjadi sarana untuk melatih diri merangkai kata serta menuangkan emosi dan perasaan menjadi sesuatu yang bisa diceritakan kepada orang lain.

#### **4. Memperbaiki suasana hati**

Menulis juga dapat membantu memperbaiki *mood*. Kadang kala, kita bahkan tidak tahu apa yang membuat *mood* kita jelek. Dengan mencatat suasana hati dan kegiatan yang dilakukan setiap harinya, bisa mengenali pemicu jeleknya *mood* dan hal apa saja yang bisa memperbaiki *mood*.

Selain itu, menulis juga bisa menjadi sarana untuk jujur kepada diri sendiri, sarana untuk membicarakan hal-hal positif kepada diri sendiri, atau sarana untuk menuliskan hal-hal apa saja yang kita syukuri hari ini. Memang benar, ini semua bisa saja diutarakan dalam pikiran. Namun dengan menulisnya, Anda jadi memiliki bukti fisik dan bisa lebih mengontrol perasaan.

#### **5. Meningkatkan daya ingat**

Stres yang tidak tersalurkan dengan baik dapat menghabiskan energi yang diperlukan otak untuk membentuk daya ingat dan berpikir. Seperti yang disebutkan di atas, menulis dapat membantu mengurangi tingkat stres, sehingga berdampak baik pada daya ingat dan kemampuan berpikir.

### **Tahap Mencipta Geguritan**

#### **1. Ungkapan perasaan**

- a. Imaji, gambaran visual yang diungkapkan dalam bahasa tulis
- b. Suasana, suasana yang akan dihadirkan (senang, sedih, marah, perenungan)
- c. Tema, hal yang menjadi pokok ungkapan (kehidupan, alam, pencemaran)

#### **2. Rangkaian kata**

- a. Majas, bahasa kiasan yang digunakan seperti metafora, personifikasi
- b. Logika antar kata

### 3. Keindahan Bunyi

- a. Diksi, pilihan kata, kata sehari-hari atau arkais
- b. Rima, perulangan bunyi
- c. Ritme, dinamika suara
- d. Bunyi, nikmat dibaca dan didengarkan

### 4. Kata kunci

- a. Kunci, kata atau objek yang menjadi kekhasan puisi, menjadikan mudah diingat (Siyamta Donganing Maling, Hayu Benik, Jaimin Siter Gadhing)

## Contoh

### 1. Guritan yang masih mentah

#### Sasmitane Ranggawarsita

Serat Kalatidha, kaserat  
Dening Raden Ngabehi Ranggawarsita  
Pujangga panutup  
Ing kasunanan Surakarta  
Kalatidha minangka  
Pepiling kanggo manungsa  
Pepenget marang panguwasa  
Pituduh kanggo ngluru ajining raga lan jiwa

Aja mung padha ngendelake bandha  
Raga lan gebyaring donya  
Ananging kudu tansah milang miling  
Mring sadengah piweling  
Kinanthenan ati kang dumeling  
Bilih sastra utamining sastra jawa  
Bisa ngalusake budi lumebering rasa

Nglarasake endahing seni lan basa,  
Ngresepake budaya lan sastra

Kanggo nggayuh urip prayoga lan santosa  
Asung tuladha mring sapattha-padha  
Nora mung ing nuswantara  
Ananging uga kuncara  
Tekan manca nagara

Ayo padha ambyur makarya  
Ing madyaning olah seni, basa, budaya, lan sastra  
Mligine jawa  
Ben tansaya ngrembaka  
Ngoyod cinagak prakosa  
Tinanem bakuh kukuh laku utama  
Mring jiwane para mudha  
Panerus urip lan mekaring bangsa.

## 2. metafora logika kata

### Wedhus Gèmbèl 2010

Aja mbok anggep aku klilip ing bunderé mripatmu  
Mbok anggep bleduk, ing klambi putihmu  
Mbok anggep kemladhéyan, nèng èndahing kethekermu  
Mbok anggep gurem, nèng slèmèk kursimu  
Mbok anggep krikil, nèng putih segamu  
Kowe tegel mbujung aku  
Nganggo ogeling mawa latu  
Blethok melok dahanamu  
Jumlegur huruk angidung hiyung  
Dumèh dhuwur kursimu



Sikil kebak blethokmu  
Mancat dhingklik gapukku

### 3. logika kata

#### Introspeksi

Saben dina aku duwe karemenan ngilo kareben weruh  
rupaku kaya sapa?

Dina Senin, aku ngilo rupaku kaya Janaka sing bagus, sekti,  
jujur, kebak perbawa

Dina Selasa, aku ngilo rupaku kaya Dasamuka ampuh, umuk,  
emoh pitutur luhur

Dina Rabu, aku ngilo rupaku kaya Gatotkaca, kasektene  
gemplengan kawah Candradimuka

Dina Kamis, aku ngilo rupaku kaya Durna guru Pandawa sing  
nalare ora bisa diugemi

Dina Jemuah, aku ngilo rupaku kaya Burisrawa gedhe  
sumbare wani wirang wedi mati

Dina Setu, aku ngilo rupaku kaya Sengkuni juru apus krama,  
julig, sugih pitenah, kebak dosa

Dina Minggu, aku sowan Ki Semar Badranaya, matur,  
“Ki Semar, bantingen kaca pengilonku dimen pecah ora kena  
kanggo ngilo!”

Jebulane aku ki ya aku, ana apik ya apikku, ana elek ya  
elekku, ana lumrah ya lumrahku

### 4. diksi bunyi

#### Serat Beringharja

banarawa binarung alas Beringan gung

Pacéthokan merdusun sinita rata sedyanipun

binalé angun angun memangun  
sithinggil srantun mucuki lenggah sinuwun  
mangku wengkon buminé Hyang Manon.

bering, rawa reja  
kurug siti bantala rata bawéra  
kandhang lodhang pepulung sandhang pangan  
patrap tuna satak bathi sanak  
laku jiwa Ngayogya luru leluri larasing kartya  
titi tata tentreming praja raharjané kawula.

Beringharja  
mustika tandha  
linambaran siti toya  
jejeg adeging Sri Narendra  
mangku mengku kumawula  
memayu hayuning bawana.

Beringharja  
peken pancawara  
pasar gedhé negari gung binathara  
paningset jumbuhing Gusti-Kawula  
ngrengga Ngayogya koncar kuncara.

## 5. metafora

### **Kawula Sega Kucing**

Dening: Hayu Avang Darmawan  
Luwe wayah wengi  
Mangan sega kucing

Daksawang bungkus an alit  
Kanthi koran lan kertas minyak  
Kalempit lipit trus steplusan  
Isine sega sakepel

Lawuh sambel teri sadulit  
Ana uga sambel tempe  
Aran sega kucing

Apa panganan kucing?  
Nanging dipangan manungsa  
Sega kucing dipangan manungsa?  
Apa dadi kelangan ajining janma

Sapucuking koran wungkuse  
Kaya mengku wangsulan  
Ana wewayangan tikus

Wangsulane sega kucing  
Manungsa pindha kucing  
Mangan sega pindha tikus  
Tikus-tikus kapangan kucing manungsa

Kucing mangan tikus  
Manungsa mangan sega  
Sega kucing

Sega kucing sarwa samun  
Kawula alit uripe pait  
Mangan sega sakepel sambel sadulit  
Memper ganjel weteng  
Luwar luwe sakecap

Kawula sega kucing  
Padha ngucing, sesarengan karo kucing  
Nyawiji greget brasta digdayane tikus  
Kang nggragas seganing panguripan

**Kapethik saking**

*Antologi Geguritan Mangirit Gurit, Dinas Kabudayan DIY, 2016.*

ESAI

Dhanu Priyo Prabowo

## **Nulis Esai Basa Jawa**

**“Aja wedi-wedi yen wani,  
Aja wani-wani yen wedi”**

### **Dhasar Esai**

Esai ora mung rekaman fakta-faka saka asalining pangentha-entha (imajinasi).

Esai sawijining babaring (ekspresi) saka opinine penulis.

Esai saya becik/apik yen penulise bisa nggabungake fakta karo imajinasi, kawruh (pengetahuan) karo rasa (perasaan) sing selaras.

Esai bisa dibedakake adhedhasar kualitas, jinis, dawa-cendhake, cakrik/gaya, lan subjeke.

Esai wujudé bisa prasaja (sedherhana) utawa rumit (kompleks), sanajan mangkono kabeh bakal nuduhake sawijining opini pribadi saka asiling analisis (panjinggleng) sing pungkasan.

Esai ora mung nuduhake fakta utawa nyritakake sawijining pengalaman, nanging esai uga nyelipake opinine si penulis ing antarane fakta-fakta lan pengalaman kasebut.

### **Subjek Esai**

Apa sing bisa ditulis? Apa bae! Bisa nulis maneka warna topik: kekancan (persahabatan), politik, sepatu, dodol es cao, wayang, kethoprak, lsp.

Penulis esai kudu bisa mangerteni kanthi sabenere apa sing bakal ditulis, supaya tulisane bisa dipertanggungjawabkan. Upamane: bab kluwarga, kekancan, mangan, reregan saya larang, wong kesrakat saya akeh, lsp.

Penulis esai kudu akeh referensine saka maneka warna sumber.

Nulis esai salaras karo apa sing dadi kabisane saya nggampangake anggone nulis, marga yen mangerteni kanthi jembar masalahe.

Tulisan esai sing becik menawa bisa nyempal karo sing biasa ditulis wong (unik).

Penulis esai kudu adhedhasar apa sing dipikirake, ora mung apa sing dirasakake. Esai sing becik kudu dudhasari dening opini, lan opini sing becik didhasarake karo apa sing dipikir lan dirasakake.

### **Opini sing Nengsemake/Menarik**

1. Sadurunge nulis esai kudu duwe opini.
2. Opini sing nengsemake adhedhasar pepenginan (*minat*), merga bisa mangerteni kanthi luwih tumemen saengga nggampangake anggone nulis.
3. Opini sing becik kudu sing unik.
4. Opini sing unik ora mung “waton sulaya”, apa maneh yen nganti ora jujur.
5. Jujur kuwi dhasar utamane esai, yen esai ora jujur mesthi bakal kawiyak wadine dening sing padha maos (embuh kapan).
6. Esai bisa disebut “gagal” menawa ora ana argumene. Analisis pungkasan saka sawijining esai kuwi sing disebut argumen. Analisis pungkasan iku sing dadi opinine penulis esai ngenani sawijining topik sing unik (beda karo sing wus ana).

7. Topik esai pancen kudu awujud argumen, nanging argumen kasebut kudu sing wegig (cerdhas) lan pinter.
8. Esai sing becik bisa nuntun sing maos bisa mangerteni dudutane/simpulane apa sing wus ditulis. Dudutan ora kudu dicethakake nganggo sub bab. Bisa langsung mlebu ing paragraf pungkasan. Dudutan sing becik yen bisa nggambarake kanthi cetha trewaca (sistematis) apa sing wus ditulis.

### **Dudutan**

Aja wedi kangelan amarga saben kangelanmu bakal diganti dening Sing Maha Kuwasa. Mangkono unining Sabda Suci. Nulis esai nganggo basa Jawa bisa uga kalebu prakara angel, jalaran ora tau dianggo lan dilatih. Lumantar adicara iki, mbaka sethithik lan pesthi, kangelane nulis esai basa Jawa bisa kaluwaran. Aja wedi kleru, amarga saka kleru mau kabeh sing ora bener bisa kasinungan. Saka anggone kasinungan mau sing kleru bisa dibenerake. Aja wedi-wedi yen wani, aja wani-wani yen wedi!

Sarworo Soeprapto

## Esai Sastra dan Budaya Jawa

### Esei, Artikel, Kolom, Review

**esai** : karangan prosa yang membahas suatu masalah secara sepintas lalu dari sudut pandang pribadi penulisnya.

**artikel** : suatu karya tulis yang dibuat secara lengkap, seperti esai pada majalah atau laporan surat kabar

**kolom** (Inggris: column): karangan khas yang masih sejenis esei.

**review** : ulasan, bahasan, bisa panjang, bisa pula pendek, bisa secara sepintas, bisa pula secara mendalam, tergantung space (ruangan) yang tersedia

### Esai Formil dan Informil

**Esai Formal**: berupa artikel dan risalah.

Esai jenis ini berupa tulisan ilmiah yang relatif singkat. Pada esai formil, pengarang menuliskan pokok persoalannya dengan mengemukakan alasan-alasan secara tersusun dan sistematis.

Esai formil boleh jadi berbentuk tulisan ilmiah populer.

**Esai informal**, lebih bersifat pribadi. Pada tulisan esai jenis ini, pembaca selain melihat pokok persoalan yang disampaikan pengarang, juga dapat merasakan emosi sang penulis esai.

Pada tulisan esai informil, pembaca dapat mengikuti penghayatan, sikap dan gagasan pribadi penulis. Dalam tulisan terpantul gaya khas penulis, ada keakraban, kegairahan dan juga kelucuan.



**Esei : Jenis tulisan prosa yang menguraikan masalah dalam bidang kesusasteraan, kesenian, kebudayaan, ilmu pengetahuan dan filsafat; berdasarkan pengamatan, pengupasan, penafsiran fakta yang nyata atau tanggapan yang berlaku dengan mengemukakan gagasan dan wawasan pengarangnya sendiri. Dalam esai, pengarang melontarkan suatu sudut pandangan tertentu, sikap pribadi, membawakan penemuan pikirannya sendiri, mendekati bahan subyek dengan sistematika uraian yang teratur dan terang, yang dituangkan dalam bahasa yang umum dimengerti, dengan gaya yang bersifat pribadi.**

*(Ensiklopedi Indonesia, Tim Penyusun, PT Ichtiar Baru – Van Hoeve, Jakarta, 1989)*

### **Langkah Awal Menulis Esai**

- Baca dengan saksama tulisan (misalnya: karya sastra) yang hendak dijadikan bahan penulisan esei / kritik sastra.
- Pahami dan dalami masalah ataupun fenomena sosial budaya yang hendak dijadikan materi penulisan esei, melalui:
- Baca dan amati secara saksama berbagai bentuk esei yang sudah ada, khususnya dari penulis yang sudah teruji dan dikenal sebagai eseis handal.
- Amati secara saksama fenomena dan masalah-masalah sosial budaya yang terjadi di lingkungan kita.
- Lakukan penelusuran informasi melalui media massa, bahan bacaan / literatur dan pihak yang dianggap tahu sebagai tambahan data.

## **Biodhata**

**Dessy Rosita Dewi.** Alamat ing Trengguno Kidul RT 04/RW 12, Sidorejo, Ponjong, Gunungkidul, DIY. Ngudi kawruh ing Universitas Negeri Yogyakarta. Sesambetan saged lumantar 081915397377 lan [dessyrosita568@gmail.com](mailto:dessyrosita568@gmail.com)

**Rohmadi.** Alamat ing Gunturan RT 03, Triharjo, Pandak, Bantul, Yogyakarta. Ngasta dados dwija ing SMK N 1 Godean. Sesambetan saged lumantar 081391627991 lan [adhitsinaga@yahoo.com](mailto:adhitsinaga@yahoo.com)

**Nendya Nursa Alya.** Alamat ing Nyamplung, Merkokaton, Seyegan, Sleman. Samenika taksih ngangsu kawruh ing SMA N 1 Godean. Sesambetan saged lumantar 089618258328 lan [alyananda07@gmail.com](mailto:alyananda07@gmail.com)

**Sunarti.** Alamat ing Gang kepuh, GK III No. 951, Klitren, Gondokusuman, Yogyakarta. Pawiyatanipun ing Universitas Diponegoro Semarang. Sesambetan saged lumantar 085741610043 lan [sunnarti50@gmail.com](mailto:sunnarti50@gmail.com)

**Tri Wahyuni.** Alamat ing Tubin, Sidorejo, Lendah, Kulon Progo, DIY. Ngudi kawruh ing Universitas Negeri Yogyakarta. Sesambetan saged lumantar 081575844827 lan [triwahyuni01606@gmail.com](mailto:triwahyuni01606@gmail.com)

**Muhammad Rifai Farian.** Alamat ing semampir wetan, RT 01/RW19, Tambakrejo, Tempel, Sleman. Pawiyatanipun ing Universitas Negeri Yogyakarta. Sesambetan saged lumantar 082242607156 lan [arifindriansyah82@gmail.com](mailto:arifindriansyah82@gmail.com)

**Andi Trisianto.** Alamat ing Ngricik, Melikan, Rongkop, Gunungkidul. Ngudi kawruh ing SMA Negeri 1 Rongkop. Sesambetan saged lumantar 082256126691 lan trisianto991@gmail.com

**Zaenati Sajidatil Ayami.** Alamat ing plumbon no 365 RT.13 RW.15, Banguntapan, Bantul, Yogyakarta 55198. Ngudi kawruh ing MAN 4 BANTUL Yogyakarta. Sesambetan saged lumantar 082213774669 lan zaenitaayami27@gmail.com

**Vighna Rivattyannur Hernawan.** Ngudi kawruh ing Universitas Gadjah Mada, Yogyakarta. Sesambetan saged lumantar 082399527532 lan vighna.herna02@gmail.com.

**Syafi'i.** Alamat ing PPM Aswaja Nusantara Mlangi, Yogyakarta. Ngudi kawruh ing MA Nur Iman Mlangi Sleman. Sesambetan saged lumantar 88740033007 lan syafii13122003@gmail.com

**Hilaria Mukti Pangestu.** Alamat ing Plugon, Donomulyo, Nanggulan, Kulon Progo, Yogyakarta. Pawiyatanipun ing Universitas Sanata Dharma, Yogyakarta. Sesambetan saged lumantar 081228304626 lan hilariapangestu@gmail.com.

**Pramesti Mutiara Agni Parman.** Alamat ing Sungapan 2, Hargo-tirto, Kokap, Kulon Progo, DIY. Ngudi kawruh ing SMA Negeri 1 Kokap. Sesambetan saged lumantar 081226323230 lan pramestimutiara17@gmail.com

**Erliyana.** Alamat ing Karanggunung, Krambilsawit, Saptosari, Gunungkidul. Ngudi kawruh ing Universitas Negeri Yogyakarta. Sesambetan saged lumantar 085225765106 lan erliyanasmea56@gmail.com

**Muhammad Arif Indriansyah.** Alamat ing semampir wetan, RT 01/RW19, Tambakrejo, Tempel, Sleman. Ngudi kawruh ing Universitas Negeri Yogyakarta. Sesambetan saged lumantar 082242607156 lan arifindriansyah82@gmail.com.

**Divara Hana Vania.** Alamat ing Perumahan Pilahan Permai No. E-80, Rejowinangun, Kotagede, Yogyakarta. Ngudi kawruh ing SMA N 8, Yogyakarta. Sesambetan saged lumantar 087838640908 lan divarhan123@gmail.com.

**Hidayatun Mahmudah.** Alamat ing Plembonkidul 09/03, Logandeng, Playen, Gunungkidul 55861. Ngasta dados dwija ing SD Negeri Wonosari 6 Gunungkidul. Sesambetan saged lumantar 087839396095 lan hidayatun.m79@gmail.com.

**Kingkin Wisanti Nurdiana.** Ngasta dados dwija ing SMA Negeri 1 Piyungan. Sesambetan saged lumantar 087712031986 lan kingkindiana@gmail.com.

**Suyati, S.Pd..** Alamat ing Tunjungan Caturharjo Pandak Bantul. Ngasta dados dwija ing SMP 3 Pajangan, Bantul. Sesambetan saged lumantar 085713158651 lan suyatiyati73230@gmail.com.

**Shukhalita Swasti Astarsari, S.K.M.** Alamat ing Kweden RT. 05, Trirenggo, Bantul. Sesambetan saged lumantar 087738083400 lan shukhalita@gmail.com

**Arifah Budi Nuryani, S.K.M.** Alamat ing Karasan RT.02, Palbapang, Kec. Bantul, Kab.Bantul. Sesambetan saged lumantar 085870666988 lan arifahbudinuryani@gmail.com

**Murniati.** Alamat ing Dadapayu, Semanu, Gunungkidul, DIY. Ngudi kawruh ing Universitas Negeri Yogyakarta. Sesambetan saged lumantar 087800142378 lan murniaty1241fbs.2017@student.uny.ac.id

**M. Nurhassanudin.** Alamat ing Kojo RT 23 Pendowoharjo Sewon Bantul Yogyakarta. Ngasta dados dwija ing SMP Negeri 3 Pandak, Bantul. Sesambetan saged lumantar 082137240542 lan hasanudinosaurus@gmail.com

**Nadine Nurrahma.** Alamat ing Condongcatur, Depok, Sleman, DIY. Pawiyatanipun ing Universitas Gadjah Mada, Yogyakarta. Sesambetan saged lumantar nurrahmanadine@gmail.com

**Aditya Risda Lathif Mahendra.** Alamat ing Bumirejo, Bangunkerto, Turi, Sleman. Ngudi kawruh ing SMP N 4 Tempel. Sesambetan saged lumantar 081325638680 lan adityarisda5@gmail.com

**Resti Dian Puspita Sari.** Alamat ing Senden 2 RT.02, RW.01, Selomartani, Kalasan, Sleman, Daerah Istimewa Yogyakarta. Nudi kawruh ing SMAN 1 Cangkringan, Sleman. Sesambetan saged lumantar 089675795505 lan restipuspitasari47@gmail.com

**Mirmastu Lintu Nirmala Wasti.** Alamat ing Samirono 002/001, Caturtunggal, Depok, Sleman. Ngudi ilmu ing SMA Negeri 9 Yogyakarta. Sesambetan saged lumantar 089675839900 lan mirmastulintu@gmail.com

**Chatarina Novita Kurniawati.** Alamat ing Mejing Lor RT 01 RW 03 Ambarketawang, Gamping, Sleman. Ngudi kawruh ing SMAN 1 Yogyakarta. Sesambetan saged lumantar 089508497447 lan chatarinanovi4@gmail.com

**Anindita Putri Canina.** Alamat ing Perumahan Gapura Sitimulyo Estate Karanganyar Karanganyar Sitimulyo Piyungan Bantul. Ngudi kawruh ing MAN 4 Bantul. Sesambetan saged lumantar 08988322546 lan Meetanin37@gmail.com

**Annisa Rini Puji Lestari.** Alamat ing Mersan, Donotirto, Kretek, Bantul. Ngudi kawruh ing SMKN 1 Bantul. Sesambetan saged lumantar 085786270783 lan anisarini175@gmail.com

**Pahlawan Dewantara Atmaja.** Alamat ing Suruhan, Karangasari, Pengasih, Kulon Progo. Ngudi kawruh ing MTs Assalafiyah Mlangi. Sesambetan saged lumantar 089616073785 lan tyas.septi93@gmail.com

**Josephine Galuh Hayu Tiratama.** Alamat ing Jalan Samas, Kanutan RT 08, Sumbermulyo, Bambanglipuro, Bantul, Yogyakarta. Ngudi kawruh ing SMP Stella Duce 2 Yogyakarta. Sesambetan saged lumantar 082323056141 lan josephinegaluh23@gmail.com

**Renata Kalyana Duhita.** Alamat ing Suryowijayan MJ 1/549, Yogyakarta. Ngudi kawruh ing SMA Bopkri 1 Yogyakarta. Sesambetan saged lumantar 08112633155 lan rkduhita@gmail.com

**Imambang Eka Sulistya.** Alamat ing Plumutan RT 02 Mulyodadi Bambanglipuro Bantul DIY. Pawiyatanipun ing UNS. Seambetan saged lumantar 089643449195 lan sulistya125@gmail.com

**Afif Farhan Yustyanto.** Alamat ing Jalan Kaliurang km 12,5, Sleman. Ngudi kawruh ing SMA N 1 Cangkringan. Sesambetan saged lumantar 085213623678 lan afiffarhan002@gmail.com

**Diah Amalia Jenie.** Alamat ing Jalan Ireda No. 68, Yogyakarta. Ngudi kawruh ing SMA Muhammadiyah 2 Yogyakarta. Sesambetan saged lumantar 0895384890744 lan diahamaliaj@gmail.com

**Fitriya Indriyani.** Alamat ing Nglatiyan I, Ngentakrejo, Lendah, Kulon Progo. Ngudi kawruh ing Universitas Negeri Yogyakarta. Sesambetan saged lumantar 083135314395 lan fitriyaindriyani0@gmail.com

**Fadli Mohammad Isnaini.** Alamat ing Jalan Magelang Km.13, Yogyakarta. Ngudi kawruh ing Jurusan Sastra Jawa, Fakultas Ilmu Budaya, Universitas Gadjah Mada. Sesambetan saged lumantar 085878339639 fadlimohamad2018@mail.ugm.ac.id